В 63.3
М-93

ЖИЙЕНБАЙ МОЯНОВ

# КЕГЕЙЛИ ТАРИЙХ ЖЫЛНАМАСЫНДА



**Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока**

Количество предыдущих выдач ______

| | |
|---|---|
| ~~27.01.20~~ | 108 |

Узб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-90
тир. 4.700.00. Г. П. Зак. Б-22

6
зл.
чий
ецице
6.
42-

63.3
М-93

ЖИЙЕНБАЙ МОЯНОВ

# КЕГЕЙЛИ ТАРИЙХ ЖЫЛНАМАСЫНДА

*(Тарийхый дəреклер, ўақыялар, сəнелер, цифрлар ҳəм фактлерден қуралған публистикалық жылнама)*

НӨКИС
«БИЛИМ»
2009

63.3 (6-Қ2) Жийенбай Моянов. Кегейли тарийх жылнамасында.
М—93 Нөкис, «Билим»—2009 ж. 144 бет.

ISBN 978-9943-327-87-0

© «Билим» баспасы, 2009.

ЖИЙЕНБАЙ МОЯНОВ

КЕГЕЙЛИ ТАРИЙХ ЖЫЛНАМАСЫНДА

*«Билим» баспасы*
*Нөкис — 2009*

Редакторы *Г. Тлегенова, С. Айтмуратова*
Көрк. редакторы *И. Сержанов*
Тех. редакторы *Т. Махсудова*
Операторы *Г. Серимбетова*

Оригинал-макеттен басыўға рухсат етилген ўақты 12.03. 2009.
Форматы 84x108 $^1/_{32}$. Көлеми 4,5 б.т. + 0,25 вкл. 7,56 шәртли б.т.
+ 0,25 вкл. 6,84 есап б.т. + 0,25 реңли вкл. Нусқасы 3000 дана.
Буйыртпа № 43 . Бахасы шәртнама бойынша.

«Билим» баспасы, 230100, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Ташкент қаласы, «Нисим» типографиясы, Ш. Рашидов, 71.

RESPUBLIKA...
MA'LUMLEME...
97636
TIP

## АЛҒЫ СӨЗ ОРНЫНА

Қарақалпақшылығымыздағы ең keminде жети атаңды билиўдей әжайып қәсийетли дәстүри көп нәрселерди аңлаўдың уллы жетиклериниң бири. Әне, солар тийкарында улыўма тарийхымызды билиўдиң де, мәнисине терең түсинип жетиўдиң де сырқылмас сағалары ашыла береди. Бундай ислер Республикамыздың Ғәрезсизликке ерисиўи менен айтарлықтай кең жолға түсти. Бурын билмейтуғын көплеген тарийхый дәреклерди, мәниси уллы сөзлерди, «шаң бастырылып» қалған ата-бабаларымыздың тарийхын ҳәм олардың ақыл тәрезисине салып жазған даналықларын аңлап биле басладық. Булар сана-сезимимизди раўажландырыў менен жаңа уллы ўазыйпаларды да көрсетип береди.

Көп жыллық журналистика тараўындағы ҳәм басқа да жуўапкерли жумысларда ислеўде атқарған ўазыйпаларым, өмир тәжирийбелерим, өзлигимизди аңлаўда, тарийхымызды билиўде усы мийнетимди ямаса район тарийхын жазыўға ийтермеледи. Бул ушын мен мүмкиншилигим болғанынша Өзбекстан менен Қарақалпақстанға байланыслы архив материалларын ҳәм оларды еринбей отырып баҳалы мийнетлер жазған илимпазлардың мийнетлерин және күнделикли баспа сөз хабарларынан хабардар болып бардым, өзимше үйрендим ҳәм жасы үлкен әўлад ўәкиллери менен сөйлесип, еслеўлерин қағазға түсирдим. Салыстырып көрип көзден өткердим. Солай етип, бул қол жазба дүньяға келди. Әлбетте, бундай ийгиликли жумысты бир жеңкилли етиўде жәрдеми тийгенлерге ырзашылығым бәлент. Соның менен бирге, өз гезегинде пүткил Қарақалпақстан тарийхшыларына, усы бағдарда мийнет етип қәлем тербеткенлерге ҳәм жәрдем еткенлерге терең миннетдаршылығымды билдиремен. Бул жумысты оқып танысыўда олқылықлар менен кемшиликлерди аңлап, билип, оны жөнлестирип жибериўде қалыс жәрдемлерин бериўшилерге және дослық пикир айтыўшы-

лар менен бирге ислесиўге таярман. Бундай иске оларды шақыраман.

Кегейли районы тарийхында ҳәм өзимниң өмир жолымдағы бундай қайырлы истиң халық хызметине жарап кетиўи, мен ушын үлкен бир жетискенлик. Елге, халыққа хызмет етиў әдиўли миннетим.

***ЖИЙЕНБАЙ МОЯНОВ***

## КЕГЕЙЛИ АТАМАСЫ ҲӘМ ОНЫҢ ДӘРЕКЛЕРИ ҲАҚҚЫНДА

Кегейли районындағы топономикалық атамалар гәп болғанда биринши гезекте оның этимологиясына үлкен дыққат аўдарылады. Олар ҳаққында гүрриң ҳәм әпсаналарда бар, илимий мийнетлерде де жазылды. Бурын усы әтирапта Курдер деген дәрья тақлеттеги аңғар болған. Ол ҳаққында талай пикирлер бар. Соларға сүйенип айтар болсақ Қарақалпақлардың XVIII әсирде усы ҳәзирги әтирапқа қайтадан тийкарлы түрде бекиниўинен кейин (дәслепки посыў Шыңғыс хан басқыншылары жәбиринен болған) Кегейли атамасы және де көбирек тилге алына баслаған. Искендер Зулқарнайн дәўиринде де бул жерлерде талай топалаң, суў алма болған. Сол есаптан қарағанда Кегейли каналы — аңғары бурыннан бар болыўы керек. Ал Кегейли деўдиң мәниси канал бойы ҳәм оның әтирапында қалың Кегей ағашлары өскен. Кегей ағашларын халық тиришилик мәпине пайдаланған. Солар тийкарында Кегей ели ямаса Кегейли аталып кеткен, деген пикирлер бар. Уллы академигимиз С.Камаловтың 1953-жылы шыққан бир мийнетинде: Кегейли әййемги дәўирлерден берли киятырған аты емес, ол XVIII әсирдиң басларында Қарақалпақлардың усы канал бойына көшип келип, қоныс басқаннан кейин аталған болса керек. Қарақалпақлар бул жерге көшип келгеннен кейин, олар Кегейлиниң сағасын жаңадан қазып алады. XIX әсирдиң 30-жылларында Кегейли оазиси арқа Хорезмниң ири дийқаншылық районына айланды, деп көрсетиўи де көп нәрселерге анықлықларды жақынластырады. Және бир гүрриңде Қарақалпақлар усы орайға қайта орналаса баслаған дәўиринде суў мәселесинде бираз қыйыншылықлар көрген. Күнлердиң күнинде 14 руўу деп аталып, бурыннан бирге киятырған Қытай-қыпшақ, Кенегес-маңғыттың бийлери суўсызлықтан көрип атырған жәбирден шығыў машқалалары бойынша ойласып алайық, деп жыйналады. Бурынлары да қурғақшылық, суў тасқыны көп болған. Адамлар оның ақыбетинен жүдә айтарлықтай бүлгиншиликлерге ушыраған. Солай етип, ел ағалары,

бийлер, не бир тəжирийбели мураблар жыйналып Қытай-қыпшаққа да, Кенегес-маңғытқа да теңдей болсын деп ҳəзирги Кегейли каналының ағып турған бағдары ямаса ески аңғардан (Курдер) канал қазып алыўға келиседи. Бийлер шешим қабыллап, мураблар шек таслап сағадан қазыўды баслайды. «Ғарға түбекке» жақынлаған жерде бөгет басып, қалғанын ертең қазамыз, ҳəмме кегейли, шешим сол, деп тарқасады. Азанда келсе суў көтерилип, ески аңғардан жол таўып, бөгетти суўдың пəти алып кеткен, суў ҳарлап ағып турған. Адамлар болса ғаўырласып, келгенимиз жақсы болды, мийнетимиздиң жеңил болғанына келе бергеймиз, деп соннан «Кегейли» атанып кеткен, деп те айтады.

Кегейли каналынан бурынғы Нəўпир, Қызыл өзек, Таз-ғара, Шоқырақ, сондай-ақ ҳəзирги күнде де көп елатларды суўландырып турған. Жылўан жап, Қарасыйрақ жап ҳəм басқа да бираз шақапшалардың саға алып, суў ағыўын есапқа алсақ, оның əдептен-ақ дыққат аўдарарлық тарийхый дəрья дəрежесиндеги канал екенлиги айқын билинеди. Мен Кегейли районы тарийхына байланыслы материалларды жыйнаў дəўиринде сөйлескен адамлардың биразы сол Кегей тереги көп өскен, соннан кегей ели-Кегейли аталған деген пикирден де ары кетпейди. Биз ҳəзирше усы тоқтамдамыз. Мүмкин тарийхый ҳүжжетлердиң бир жерлеринен еле де қунлырақ материаллар табылып та қалар? Буны келешек көрсетеди. Тағы да айта кететуғын бир нəрсе 1919—1920-жыллллардағы жергиликли Кеңеслер менен Болыс ҳəм Суд сайлаўларында көбинесе «Кегейли» атамасы рəсмий түрде аталған. Рети келгенде айта кететуғын жəне бир нəрсе мениң əкем Нəўбетулла улы Моян (1919—1951ж.ж) өз дəўиринде саўатлы адамлардан болған. Ол колхозда бас есапшы болыўы менен бирге əдебиятқа, тарийхқа қызыққан, көплеген қосықлар, бир неше дəстанлар, қыссалар дөреткен. Ол өзиниң өмир баянлық «Бастан өткенлер» деген дəрекли қол жазбасында жаслық жыллары мектепке барғанын айтыў менен бирге район жөнинде былай деп жазып қалдырған:

Үш жыл болды «Жаңабазар» қалада,
Вина болды жантақ шыққан далада,
Кегейли деп атақ берди ғалаба,
Кегейли болғанын көргеним барды.

Ҳәзирги Кегейли районының тийкарғы сорамы бурын Кегейли болыслығы болған. Бирақ,1879-жылғы Болыс сайлаўында Сейтназар ҳажының орнына Маман улы Досымбет болыс болады. Лекин, кейин ала Сейтназар ҳажы Жаңабазар болыслығын бөлип алған. Барлық жағдайды бир жөңкилли етиў ушын бурынғыны жаңартып районды ғалаба Кегейли деп атаған.

## Кегейли районының жайласыў шараяты.

Кегейли районы Қарақалпақстанның пайтахты Нөкис қаласының арқа тәрепинде жайласқан. Ҳәзирги сорам тийкарында айтатуғын болсақ күн шығары Қызыл қум қумлары, арқасы Тазғара менен Майжап каналы күн батар тәрепи Қусқана таў, Порлытаў, қубла тәрепи Абат жап каналы. Қурғақ болса тасатуғын, ызғар болса шөгетуғын бийик-бийик қумлар бар. Олардың ирилеринен Бес қуйы көли дөгерегиндеги ҳәм Ақтуба бойындағы қумлықлар, Қарасыйрақ аўылындағы Сапа қум, Қумшунгүл пуқаралар жыйыны ақсақаллығы сорамындағы Қуйын қумлары, «Қуўаныш жарма» хожалығындағы Қызыл қум төбелери бар. Самал менен уйытқып, бир ўақлары Дәрўаза көриниси менен ат шығарған Дәрўаза қумның, Қуйын қумларының бул жыллары тек аты қалған.

Усының менен бирге XX әсирде ҳәм XXI әсирдиң басында Кегейли районының шегарасы сол район болып дүзилгенли берли талай өзгерди. Шығыстан батысқа 100 километрден зыят, арқадан қублаға 40 километр. Барлық жер майданы Әмиўдәрьяның оң жағына жайласқан болып, ол 130 мың квадрат километр жерди ийелейди. Районның 26 мың гектарға шамалас егислик жери болып, оның бәри суўғарылып егиледи. 150 ден зыят аўыллардан ибарат. Олардың бәри де бурыннан, ата-бабасынан бермаған отырықшы. Ири

хожалықлар тийкарынан пахташылық, бийдай, салы егиў менен бирге қара мал бағыў менен де шуғылланады.

Соңғы жыллары бәҳәрде, әсиресе май, июнь айларында нөсер жаўынлар тәўир-ақ жаўатуғын болып киятыр. Гүз қурғақлаў болып өзгермекте. Жаз айы қурғақ және ыссы. Шаңлы даўыл тез-тез болып турады. Бул соңғы ўақытлары үйреншикли болып баратыр. Әлбетте, булар Арал теңизиниң қурыўына байланыслы екени ҳәммеге белгили.

Ири суў тармақларынан районның дәл ортасынан ағып турған Кегейли каналы. Бул каналдан сағада Нөкис, ортада Кегейли, оннан соң Шымбай районлары суў ишеди. Районның күн шығарындағы тарийхый ири каналдың бири «Қуўаныш жарма». Тарийхый ҳүжжетлерде жазылыўынша «Қуўаныш жарма» бурын Әмиўдәрьяның бир үлкен саласы болған ҳәм ол Көк өзек деп аталған. Көк өзек сол ўақытта Дәўқара көлине емес, оның күн батарынан өтип, суўы ҳәзирги аңғары арқалы теңизге түскен. Хийўаның ханы Аннақул тусында Қуўаныш деген қарақалпаққа Көк өзектен Дәўқара көлине шекем канал жүргизиўге рухсат етеди. Әне, сол Қуўаныштың басшылығы астында Көк өзектен Дәўқара каналы жарылып пүткил Дәўқара жери суў менен толтырылған. Соннан баслап канал қазыўға басшылық еткен «Қуўаныш» деген адамның аты менен «Қуўаныш жарма» аталып кеткен екен.

Районда ескиден киятырған дәрья тақлеттеги Бозкөл суў аңғары бар. Ғаррылардың айтыўына қарағанда ол бурын еки жағасын жуўып, пәтли ағып турған. Тасқан ўақытлары адамлар атларын жүздирип зорға өтеди екен. Бозкөлдиң бир нешше шақабы бар. Бул да дерлик бир ўақлары арғы басы дәрьядан,оннан берман Кегейли каналынан көп суўдың ўағында саға алып турған, дер еди. Оннан бирдейине суў ағып турған. Бозкөлден өтиў атлы, жаяў адамларға бирдейине машақатлар пайда еткен. 1927-жыллары илимпазлар С.Е.Малов, Н.А.Баскаковлар илимий экспедициялық жумыс пенен бизиң елде болғанында, олар Бозкөл арқалы Кегейлиден Зайырға шекем кеме менен барған, деген ди бурынғылар айтып, тарийхшылар жазған. Сол заманда атлы, түйели, пияда жүргеннен абзал деп олар

нетли ағыслы Бозкөлде кеме менен жүзген. Себеби, бурын Бес қуйы, Көкшийел , Сасық шийел, Тоңмойын көл ҳ.т.б көллер арқалы суў Қаракемирге барып қосылған. Аржағы теңизге жақын. Мине, усы Бозкөл гүзли-бәҳәр талай тасып, бозлаң жерлерди суў алып кете бергенликтен боздағы көл, соңын ала Бозкөл аталып кеткен.

Сол бир 1928-жыллары Қатты ағардың сағасынан берман кемеден киятырған алым Қәлли Айымбетов Бозкөл ҳаққында мынадай еске түсириўди жазған:

**«Кемешилер қуптан болғанда, бизлер ескек есип шаршадық, енди бизлер дем аламыз, кемениң өзи ыға берсин, таң ата Шымбайдағы көпирдиң қасынан шығамыз, деп кемениң ултанына төсеклерин салып уйқылап қалды. Бизлер де уйқылаўға жаттық. Кегейлиниң суўы ҳәўиж алып ағып тур, буннан бир неше жыллар бурын Кегейлиде суў болмай ел дәрьяны бойлап көшкенде:**

> **Көше-көштен көўилде әрман қалмады,**
> **Шанашта ун, қапта бийдай қалмады,**
> **Көрпе арқалап белде дәрман қалмады,**
> **Аман болсаң айланарман Кегейли,**

**— деген халық қосықлары көз алдыма елеследи.**

**Ертеңине таң атқанда оянып қарасақ бизиң кемемиз бийик қамыстың арасында бир көлдиң ишинде тур.**

**Халқабадтың тусындағы Бозкөлдиң сағасы жығып кетип Кегейли арнасының суўының көби көлге ағып, биз минген кемени тартып кеткен екен.**

**...Терең көлге таяў таяныл Бозкөлдиң сағасына песин ўақытта зордан жетип, Кегейли иши менен Шымбайға жеттик».**

**Қ.Айымбетов** «Халық даналығы» Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1988-жыл. Китаптың 345-бети.

Төк районда емес, ал Республикамыздағы тарийхый орынлардың бири «Ақтуба» көли болып есапланады. Оның суўының қурығанын ҳеш адам көрген емес, деседи. Кийели көл, көли бир асымнан зыят балық бермейди, деп айтысады. Егер де кимде-ким ашкөзлик етип ҳәр түрли жоллар менен көбирек балық алса, ол адамға ямаса үй ишине

зыянлы нәрсе болады, болған дегенде бар. Сонлықтан шығар көлеми үлкен болмаған бул көлден адамлар балық аўлаўды жүдә үрдис етпейди. 1970-жыллардың орталарына дейин оның дузына адамлар түсип, емленип жүрди. Кейинги ўақытлары оны адамлар онша үрдис етпей жүр. Көлге ағын суў түсип турады, лекин суўы тегинликте ылайланып кеткен емес. Дузының ақлығы менен көлдиң алдының туйықлығын (арман күн батар арқаға қарай) тубалап ақпай қалғанын есапқа алып Ақтуба болып атанып кеткен.

Көл астында булақ бар, деседи.

Кегейли каналынан саға алатуғын Қарасыйрақ жап пенен Жилўан жаптың аяғындағы суўлары түсетуғын Кегейли районы орайының арқа батысында Бес қуйы көли бар. Оның кишкене бес көлшеси болып, суў мол түскен ўағында бәри бир айдын болып көринеди. Усы көлшелер есабынан Бес қуйы көли болып аталып кеткен.

1970-жылларға дейин дерлик ҳәр бир аўылда, ал айырым елатларда үш-төртке дейин майда көллер бар еди. Жазда малға отлақлы, суўлы, ал гүзде адамлар балығын аўлап алады. Соңғы ўақытлары оларға ағын суўдың түспеўинен кеўип қалды, орынларына жыңғыллар менен қамыслықлар өсип кетти. Сондай-ақ, сол XX әсирдиң жетписинши жылларында ғалаба партаўдан жер ашыўға көп күш-ғәрежет қаратылған дәўирде олардың биразы пахташылық жерге өзлестирилип жиберилди. Бундай мысалларды дерлик ҳәр аўылдан табыўға болады.

Республикада орны гиреўли «Даўыт көл» тийкарынан балық өршитиў ҳәм балық аўлаў бойынша дыққатқа ылайық. Ол көлеми жағынан ең үлкен көллерден есапланады.

Сай-сайды қуўалап еркин аққанына қарап Еркиндәрья аталған. «Еркиндәрья» каналы бурыннан өз аңғары менен ҳәм соңғылығында талай тазаланып ағып турған канал. «Ақ еден», «Шортанбай» каналларының да егислик жерлер менен «Нағалай» усаған көллерди суўландырыўда хызметлери уллы.

## Өсимликлер, ҳайўанатлар, жанлы-жәнликлер дүньясы

Районның өсимликлер дүньясы жөнинде айтар болсақ, барлық орынларда жыңғыллар менен қамыс бар. Қамыс әпиўайы етип айтқанда қарақалпақ халқының байлықларының бири. Бурын оннан ший, бойра тоқып сатса, ҳәзирги заманда оны тийкарынан (суў ишкен жерлеринен, суў ишпесе қатты болады) мал оты ушын орып алады. Жуўанып кеткенлеринен плита басып, оны жай салыўда пайдаланады. Суўы тартылып қалған көлшелердеги қамыслар мал оты, ал аяғы менен басқылап таслағанын туяқ кеоти деп атайды. Қамыс, пишән деп аталыўшы бул өсимлик бәҳәр келиўи менен ық жерлерде тез өсип шығады. Оны сүйрик деп атайды.

Кебирли жерде қарабарақ, ызғарға жақынлаў орынларда орманы ҳәм қызыл жыңғыллар бар. Маллар ямаса түйелер олардың тек ушларын жейди. Жыңғыл тәрбиясы болса 4-5 метрге дейин өседи. Ал гүздеги гүллеп, писиў паслында қызыл, жасыл түр берип турады.

Жантақ тиkenеклеп өскени менен оны сөклегеннен соң жыйнап алып малға берсең жуғымлылығы жоңышқа менен барабар. Сыйырлардың сүтиниң көбейиўине тәсири жақсы.

Жабайы жигилдик, торағыллар шоқ-шоқ болып өседи. Ол жерлер қуслардың мәканы. «Жылына үш рет писетуғын» сүтиlmекти сол турысында адамлардың да жей бериўине болады.

Халқымыз тийкарынан ҳүкиметке пахта, бийдай жетистирип бериў менен шуғылланады. Улыўма хожалықлар салы, жүўери, бийдай, тары, мәкке, гүнжи, айғабағар егип жетистиреди. Қыяр, помидор, қаўын-ғарбыз, асқабақ, сәлле асқабақ, палаў қабақ, гешир, пияз ҳәм басқа да күнделикли керек нәрселер егип алынады. Қарамық деген жабайы өсимликтиң мийўесин де пискен ўақытта жей бериўге болады. Мәш, лобия, дегенлер де үлкен байлығымыз.

Бағлар елимиздиң дерлик ҳәр бир аўылында бар. Олардың оң көп таралғаны ерик пенен алма, жүзим. Оның ҳәр қыйлы түрлери өседи.

Ақ терек, қара таллар ҳәр аўылда өсип тур. Еркиндәрья, Қуўаныш жарма бойларында тораңғыллы тоғайлар бар.

Әдеўир дәрежеде ҳайўанатлар дүньясына ийемиз. Олардан қоян, шағал, жабайы шошқа, қумлықларда кесиртке, еки-үш түрли жыланлар, тышқанлар, қуслардан қырғаўыл, шымшық, кептер, қумыры, қара ғарға, ала ғарға, көк ғарға, өпепек, байыўлы, узақша, ҳәкке, қурқылдай, сайрағыш қус бүлбүл және де кирпитикен, тасбақалар ҳәм басқа да ҳайўанлар, жәниўарлар менен қуслар ушырасады.

Изейкешлер менен көллерде ондатра, қасқалдақ үйреклер, балықлардан сазан, сүўен, сыла, ылақа, ақ балықлар бар. Соңғы жыллары «Беломор», Жылан балық деген зулымлаў балық та көбейди. Сазан, сүўен балықлары азайды. Тийкарғы балық кәни «Даўыт көл». Әмиўдәрьядан суўдың толып-тасып ақпаўы, теңизге суўдың дерлик түспеўи, улыўма суўдың азлығы көллер менен балықларды азайтып жиберди. Ал, ҳайўанатлардың жабайылары бурын дәрья, теңиз, көл жағалап күн кеширсе, енди олардың ашырқаўынан адамлар жасайтуғын елатларға жақынласыў жағдайлары ушырасып киятыр.

## Район сорамы, халқы, жағдайы, тарийхый жазба дәреклерде

Кегейли сорамы бурын Шымбай уездинде болғанлықтан рәсмий түрде Кегейли атамасын бурынғы ҳүжжетлерде онша ушыратпайсаң. Деген менен 1879-жылғы болыс сайлаўда ҳәм Маман бий улы Досымбет болыстың посып келген қазақларға паналаў ушын жер бериўинен шыққан даў мәселесинде, 1919-1920-жыллардағы сайлаўларда Кегейли атамасы рәсмий түрде (болыслық атамасында) аталады.

Бизиң жеримиз боз топырақлы, дақылларымыз суўғарылып егилетуғын болғанлықтан, жайлардың тырнағы шеңгел ҳәм қамыслардан болыўынан көплеген имаратлар, басқа да тарийхый мүликлер ызғардан жоқ болып кеткен. Тек әпиўайы мысал: егер 77 қапылы Сейтназар ҳажының ҳәўли–жайы (1950-жылларға дейин турған) төгин ретинде

пайдаланыў ушын бузылып кетпегенде оннан қанша байлықлар, дəреклер, ески жай салыў үлгилери бизиң күнлеримизге дейин жетип келген болар еди. Сейтназар ҳажының қызы Дəмештен 1928-жылы туўылған қызы Турсын апа Әбдимуратованың айтыўы бойынша атасы үш рет ҳажылыққа барған. Мине, усындай адамлардың үй китапханасында қунлы дəреклер жоқ деп ким айта алады. Лекин, олар қуўдалаўшылық ақыбетлеринен жоқ етип жиберилген.

Таслап кетип Хорезмдей мəканды,
Жайықта бабамыз Ноғай атанды,
Тахт өлтирди Сүйинбийке апанды,
Дəўраныңның бəри əрман қарақалпақ,

дегениндей халқымыздың тарийхында көшип-қоныў, жəбир-жапалар көп болғанлықтан оның əрманлары да көп. Сол ақмаңғыт Едиге батыр əўлады Сүйинбийке апамызға Татарстанның бас қаласы Казанда үлкен тарийхый естелик орнатылған. Едиге Ақмаңғыттың ақлығы Оққас хан салдырған Сарайшық қаласынан берман киятырған ақмаңғытлар өзлерин сарайшықлы ақмаңғытлар əўладлары деп атайды. Олар тийкарынан Нөкис, Кегейли районы ҳəм оның дөгерегинде жасайды. Булар əййемги өтмиштен дəрек береди.

«Қарақалпақ халқының əййемги заманлардан бери ата журты, ата мəканы усы ҳəзирги Қарақалпақстан Республикасының жайласқан жери. Олар усы жерден, яғный Арал менен Әмиўдəрья бойларында пайда болған ҳəм бир қанша жағдайларға байланыслы бөлинип кетсе де соң ата журтына қайтып келген». (Академик С.Камалов «Еркин Қарақалпақстан» 1993-жыл 9-январь, №4-5(16141) саны). Ал Қарақалпақлардың этногенези ҳаққында «Арал бойларындағы сахраларда Сак-массагит қəўимлери, ал олардың арқа батыс тəрепинде тап Қара теңиз сахраларына шекем Сармат, соңырақ оларды алмастырған. Алан қəўимлери жасаған дəўирден сақланған этнонимикалық қалдықлар сыпатында Сармат атамасы менен байланыслы Самат (мүйтенлердиң руўы), тағы да сарматлардың сирак қəўиминиң аты менен

байланыслы Қара-сыйрақ (Қарақалпақлардың қолдаўлы ҳәм маңғыт руўы) атлары сақланып қалған» деген Л.С.Толстованың «Жоқары қарақалпақлар» деген мийнетиндеги пикири буның және бир дәлили. Шынында сол руўдағы халықлардың бир бөлеги елат болып (Қарасыйрақ) жүз үйли қарасыйрақлар атамасы менен Кегейли районы Ақтуба пуқаралар жыйыны аймағында 6-аўыл Қарасыйрақ деген атамада жасап атыр.

Бизиң археологларымыздың анықлаўлары, тарийхшыларымыздың жазыўы бойынша Әмирабад мәденияты деп аталатуғын дәўирден бермаған киятырған үлгилердиң бири төле–жайлардың жақынға дейин турмысымыздан орын алыўының өзи де әййемнен усы жерде жасағанымызды және бир рет дәлиллейди. Сол төлелердиң ортасындағы ошаққа от-шоқ-қоз көмип қойған. Үйинде оты өшип қалған ҳаяллар қоңсы үйден отлық ямаса қоз алып келиў ушын барып, сөйлесип отырып, кешигиўине байланыслы «отқа барған қатынның отыз аўыз сөзи бар» деген сол дәўирден бермаған киятырған.

Халқымыз әўелден-ақ дийқаншылық, шарўашылық, балықшылық пенен шуғылланған. Буны қарақалпақлардың «үш ай саўыным, үш ай қаўыным, үш ай шабағым ҳәм үш ай қабағым бар, әйтеўир бир күн көрермиз» деген исенимли пикиринен де билиўге болады.

Қарақалпақлар ҳәзирги жасап атырған, ата-бабасынан мийрас болған, өзлери бир заманлары турмыс тақаўазасы менен кетип қалған бул қәсийетли орынды қайларда жүрсе де билген. Себеби, Едил бойларынан берман қарай көшиў мәселеси сөз болғанда атақлы Орманбет бийдиң қызы Сарыша айым атынан айтылған толғаў оған дәлил бола алады. Мүмкин Сарыша айым билгирлик еткен шығар, мүмкин атасынан еситкен шығар. Қалай болса да болажақ турмысты толғанып айтқан.

Бул кеткеннен кетерсең,
Сыр дәрьяға жетерсең,
Есиктиң алды Сырдәрья,
Еңкейип суўлар ишерсең,
Жар басында жарты ылашық,
Қуў мола болар үйиңиз,
Қоғадан болар шүйиңиз.

Ямаса сол ўақыттағы тыныш емес жағдайлардан, ханлар арасындағы тартыслардан хабардар етип, оның ақыбети халқына жаман болатуғынын айтады.

Саразбанлы сары таў,
Тәўке ханның журты еди,
Қоқан деген уллы журт,
Ислам ханның журты еди,
Бул кеткеннен кетерсең,
Ел журтыңнан айрылып,
Етикли суўлар кешерсең,
Қайғылы ескек есерсең,
Бул көшкеннен көшерсең,
Түркстанға көшерсең.

Түркстанда жүдә жаман жасамаған менен халқымыз сол бир өзлери өскен жерди көп әрман еткен. Ишлерин дорт жайлаған, кемликти де көп көрген. Жылап, сықлап күн кеширген.

Едил қайда, ел қайда,
Елге жетер күн қайда,
Жалаң аяқ сорлыға,
Тикенексиз жол қайда.
Жайылып жатқан мал қайда,
Айрылғаннан соң мәканнан,
Енди ондай ҳал қайда?
Еңкейип суў алмаға,
Есилип аққан Едил жоқ,
Жылым, аўлар салмаға,
Жайылып аққан Жайық жоқ,
Жүрмиз меңреў далада.
Жүгинди тартар қайық жоқ,
Ел тентиреп көшкен соң,
Я барарға Жайық жоқ,
Мәжилислерге барғанда,
Төрден алар пайың жоқ.

Егерде ҳәр қыйлы посыўлар менен қуўдалаўлар болмағанда көплеген дәрекли ҳүжжетлерди табыўға болар еди. Өзимиздегилер түрли жағдайларға бола, жоқ етип жиберилип, енди саяхатшылар ҳәм басқа да келген адамлардың жазбаларынан пайдаланып жүрмиз.

Әпсаналарда айтылыўы ҳәм соңғы изертлеўлерде дәлиллениўи бойынша 1743-жылы Қарақалпақ елшилерин Петербургке баслап барып,қайтарсыңғы апатларда қандай да тилсимли сырлар менен аман қалған Ақмаңғыт Едиге әўлады Маман бий Жаңадәрья бойларында жасаған дәўиринде де елде жүдә айтарлықтай тынышлық болмаған. Көп жәбир көреди. Бул жөнинде ел жигитлери Маман бийге айтқанда ол: «Жигитлер мен қартайдым, сизлерди қорғай алмайман, өзлериңиз билиң» деген. Әне сондай ойласықтың биринде Маман бий: «Хийўа сорамына бармай-ақ қойың, ол жерде күниңиз жақсы болмайды» деп өз пикирин билдирген. Бирақ, бир қатар бас көтерген жигитлер Арал теңизиниң қуяр аяғы ҳәзирги қарақалпақлар жасап атырған ата мәканға барғанды мақул көреди. Сонда жасы үлкен, ел ағасы Маман бий оларды баслап Шымбай, Кегейли, ҳәзирги Нөкис районы сорамына ҳәм басқа орынларға келип мәкан басады. Лекин, Маман бийдиң «Хийўа ханы жақсы емес» дегени ханның қулағына жетти ме, Маман бийди Хийўа ханы басшылықтан шетлетеди. Бирақ халық ҳүрметиндеги Маман бийдиң баласы Досымбетти (Досмағанбетти) 1879-жылы Болыс сайлаўда халық болыслыққа усынады, сайлайды. Досымбет 28 жыл, Досымбеттиң баласы Сапар (Сапармурат) 4 жыл, Маман улы Досымбеттиң Сыреке деген баласынан туўылған Әбдимурат 1927-28-жыллары болыс болып өтеди. Олардың тийкарғы әўлады ҳәзирги ўақытта Нөкис районы ҳәм Шымбай районының Кегейли районы менен шегарадағы «Қызыл өзек» хожалығының «Болыс аўылы» деген жеринде жасап атыр. (Буны айқын билиўимниң себеби, мениң анам Шәригүлдиң әкеси Дәўлетмурат Әбдимурат болыс пенен туўысқан, екеўи Сырекеден туўылған. Сыреке Досымбет болыстың, Досымбет болыс Маман бийдиң баласы. М.Ж.)

Әлбетте турмыс болған соң әдиллик пенен нарыйзалықлар да болыўы тәбийий. Нарыйзашылық көтерилиске алып келеди. Дәрекли мағлыўматларға қарағанда Ерназар алакөз баслаған 1856-жылғы көтерилисшилердиң орайы Жаңабазар деген жерде болып, ол Әмиўдәрьяның оң жағасында Шымбайдан 30 километрлик жерде жайласқан деп көрсетеди. (Қарақалпақстан АССР тарийхы 1-том 227-бет.)

Тарийхта аты көрсетилген бул Жаңабазар деген ҳәзирги Кегейли районы Жаңабазар пуқаралар жыйыны ақсақаллығы сорамындағы Аршан-Тамғалы елаты. Ол бир ўақытлар қалың елатлық болған. Үстинен гүзар жол өткен. Ҳәзирги Нөкис қаласы беттен шыққан жол болып, ол Абат жап каналы, Тас арна сағасы үсти, Жаңабазар аўылының қасы, Кегейли посёлкасы шығысында Тоқтамыс қойымшылығының қасы (Бул жер бурын Ақбулақ деп те аталған) Қарасыйрақ аўылы ямаса оның ҳәзирги күн шығары менен Шымбайға барып, бирден-бир жол қатнасы болып хызмет еткен.

Бурынғы тарийхый ҳүжжетлерде көбирек аты көрсетилгенлердиң бири кенегес Қабыл бий улы Ерназар аталық болып табылады. Әпсаналар менен тарийхый жазыўларда көрсетилиўинше кенегес Ерназар жасында Хийўа ханы пәрманына муўапық қазыўға қазыўшы болып қатнасқан ҳәм онда халықты жақлап ҳәрекет еткен, әдилсизликке қарсы турып адамларды қазыўдан қайтарған ҳәм оның даўын даўласыўда хан адамынан бурын ханға барған. Сонда Ерназар, Ханымыз зулым болды, азық-аўқатларымызда таўсылды, хан усындай етип те азап береме екен-деп сизге қарсы халықтың арасында нарыйзалық туўылмасын, деген пикир менен усылай иследим деген. Хан болса, Қарақалпақтың ишинде де мениң абырайымды ойлайтуғын адамлар бар екен-аў, деп қуўанып Ерназарды елине аталық етип қайтарады. Буннан кейинги жылларында ол ханның арнаўлы тапсырмасы менен Орынбургке елшиликке барып, хан исенимине кирген адам. Оның баласы Сейтназар ҳажы Жаңабазар болысы болады.

Ҳәзирги Кегейли сорамында бурын шарўалар сүт саўып, қатық етип уйытып, оны гүбиде писип, оннан сары май шығарып, оны саўдагерлер арқалы Кавказға дейин жөнелткен екен.

Шымбай бөлиминиң 1898-жылы жетистирген пахтасы 22080 пудты қураған. Кегейлиниң пахтасы да соның ишинде.

1873-жылы дәрьяның қубла жағалығы орысятқа қараған соң сиясатта өзгерислер болады. Буннан нарыйза болған кегейлишилер Әмиўдәрьяның ар жағына, ал Хийўа ханы сиясатына нарыйзалар берман қарап көшип өтиўлер болып турған.





RESPUBLIKALIQ MA'LIMLEME-RESURSLIQ ORAYI
INV № 82636

1885-жылы бир рус изертлеўшиси: Жергиликли халықтың айтыўы бойынша хийўалылар (ямаса хан ҳәм оның әмелдарлары) оң жағаға суў жибермеўге ҳәрекет етип, суўдың мүмкиншилигинше көбирек бөлегин өз тәрепине қаратыўға урынбақта, деп жазған.

Солай болсада сол жыллары 300 хожалық Шымбай бөлимине, сол есаптан оның бир бөлими Кегейли сорамына да көшип келген.

1916-жылы мәрдикарға адам алыў, оған қарсы болыў нәтийжесинде көтерилис, 1917-жылдың қатты қысы, 1918-жылдың бәҳәринде ашлық ҳәм тырыспай кеселликлери болады. Ал 1913-жылдан баслап Түркмен баспашыларының жәбирлери 1919—20-жылларға дейин даўам етеди. Буннан кегейлипшилер де көп жәбир көрген. Узақберген Сапаров, Айтымбет Сейтимовлар баспашылардан елди қорғаўға ҳәрекет еткен. Бирақ Қарасыйрақ елиниң ақсақалларынын бири Пәтилла баққал Ҳәбийбулла улы: сизлер урыспай-ақ қойың, оған үлкен күш керек. Ол бизде ҳәзир жоқ. Оларда бар. Олар сол күши менен топланып келип елди қырып кетер, деп тоқтатқан.

1918-жылы декабрь айында, 1919-жылдың қыс айларында Көклен бала басшылығындағы Түркмен баспашылары да халқымызға көп жәбир көрсетти.

1917-18-жыллары Ийшан қала қорғаны дүзилди. Бул жерде Имам ийшан әўладлары жасаған. Солардың ҳүрметине ҳәм бул жерде душпаннан сақланыў ушын көп халықты топлаўға байланыслы Ийшан қала атанған. Халықты қорғаўшылардың басшысы Убайдулла Баҳаўатдин улы болып, ол тарийхта (Хан мақсым) лақабы менен белгили. Хан мақсым өз ўақтында халықты аман сақлаў мақсетинде Кеңес ҳүкимети әскер басысы Шайдаков ҳәм Ханжөнейд пенен де 1919-жылы тынышлық келисимин дүзген. Соң, енди тынышлық, халық абадан болады, деп бул дөгерек Халқабад атанып кеткен.

Сол ўақыяға байланыслы М.Нәўбетуллаев өзинин «Ийшан қамал» деген кишкене дәрекли дәстанында оны төмендегише тәрийиплеген. Үзиндилер келтиремиз:



Тынышлық болмай сол жыллар,
Көбейди зият қайғылар,
Елди талап қалтаманлар,
Қысқа өмир сүрмек болды.

«Яўмыт» деди келген жаўды,
Асып түскен қара таўды,
Елге салды шаў-шаўды,
Қызын сүйреп алмақ болды.

Жайларға от берди аннан,
Бес алтаўы шықты муннан,
Қылышын шығарып қыннан,
Елдиң иши ханға толды.

Мине, усындай қыйын-қыстаў жағдайлардан кейин қорған дүзип қамал етиўге мәжбүр болған.

Ийшан қала деп аталсын,
Уламаға атақ қалсын,
Жәрия қылды хан мақсым,
Жаўға ҳүжим, деди қамал.

Солай етип ҳәр қыйлы ўақыялардан кейин тынышлық келисими 1919-жылы дүзилди. Большевиклер енди арқаийын Шымбайға қарап өтиўге жол ашады. Орыс урыспайды, Түркмен шаппайды деген пикир болады.

Халық енди қоныс басты,
Хожалығы қурғынласты,
Бадрақлардың енди қасты,
Бай, ийшанда бола берди.

Қамалған ел ыдырасты,
Беги, бийи тура қашты,
Ийшан, уламалар састы,
Басып өтти большевиклер.

Халық жаўдан қорғаныў ушын салынған қорғанларды қала деп атаған. Мысалы, Ақтуба пуқаралар жыйыны қамағы алтыншы аўыл елинде сондай бир орынды Жаў келген қала деп атар еди. Ол 1975-жыллары бузылып жер етип жиберилди.

1919-жылы меншиктеги пахта, жоңышқа заводлары, ун қаразлары ҳүкиметке алынады.

1919-жылы декабрде Жаслар аўқамы, 1920-жылы ҳаял-қызлар аўқамы дүзиледи.

1921-жылдың бәҳәринде Қуўаныш жарма ҳәм Кегейли каналларының сағалары кеңейттириледи. Шығырлар соғатуғын усталар болады.

Пахта 1921-жылдан баслап мәмлекетлик монополияға айланып, оны жеке меншикте егип сатыўға тыйым салынады.

Кеңес ҳүкиметиниң жаңа экономикалық сиясатқа өтиўине байланыслы Түркстан АССР ы Халық Комиссарлар Кеңесиниң 1920-жыл 31-декабрьдеги декрети тийкарында туркбон ақша бирлиги үш ай ишинде РСФСР дың бир манатлығына алмастырылады.

1921-жылы ғәлле ҳәм басқа да азық-аўқат өнимлериниң зүрәәти мол болған. Россия менен Қазақстанның ашырқап атырған халықларына жәрдем көрсетилген. Тап усы жыллары Қазақстаннан да адамлар көплеп келип қоныс басқан.

1921-жылы дийқанларды бириктириўши «Қосшы» аўқамы дүзилип, Кегейли районы сорамында оның биринши рет баслығы болып Қылқалы ел атынан шыққан Емберген Дәлиев сайланады.

1921-жылдың ақыры 1922-жылдың басында большевиклер партиясы ағзаларын тазалаў басланған. Сол ўақытта Әмиўдәрья областы партия шөлкемлеринде 404 партия ағзасы ҳәм кандидаты болып, есапта турса соннан 95 адам партиядан шығарылған. Тазалаўдан кейин Шымбай уездинде (Кегейли сорамы соның ишинде) 100 партия ағзасы қалған. Партиядан шығарылғанларға «Халық душпаны» ҳәм басқа атамадағы тамғалар басылып, қуўдаланған.

Түркстан Орайлық Атқарыў Комитети Орта Азия халықларының өзиншеликлерин есапқа алған ҳалда 1922-жылы жазда ўақым жерлерди бурынғы ийелерине қайтарып бериў, қазы ҳәм бай, судларына рухсат етиў бойынша декрети қабыл етилди. Қатардағы жай баспашы деп аталғанларға кеширим берилген, бул басқа ҳәрекет етиўшилердиң исин сапластырыўға жақсы тәсир еткен.

Себеби, сол дәўирде Түркстан коммунистлериниң дерлик 70 проценти ислам динине исенетуғын, диндар адамлар екен.

1923-жылы май айында Түркстан Компартиясы Әмиўдәрья обкомының Пленумы болып, онда «Қосшы» Аўқамын бай ҳәм руўханийлерден тазалаўға, Совет мектеплериниң кең тараўларын раўажландырыўға айырықша дыққат аўдарылған.

1922-жылы сентябрь, октябрь айларында Шымбай уездинде, соның ишинде ҳәзирги Кегейли районы сорамында аўыллық және волостьлық Советлерине қайта сайлаўлар болса, 1923-жылы октябрь айында аўыллық Советлерге, Әмиўдәрья областының волостьлық ҳәм уездлик атқарыў комитетлерине сайлаў болып өтеди. Усының қарсаңында көплеген бай, руўханий, ески басшылықтағы адамлар ҳуқықларынан айырылған.

1925-жылға келип қазылар суды сапластырылады. Пүткил Қарақалпақстан сорамында Кеңес ҳүкимети судларының бир системасы дүзиледи. Буған дейин Ақтуба бойында Юсуп қазы, 5-аўылда Сапар ақун қазы, 6-аўылда Бегдулла қазылар болып, олар ақун, ийшан дәрежесинде болған.

Сол бир жыллары улыўма басқарыў дүзилисинде көплеген өзгерислер болып, ол адамларды алаңлатып турды. Олардан 1920-жыл 27-апрелде Хорезм Халық Кеңес Республикасы дүзилип оның жоқары атқарыўшы органы Халық Нәзирлер Кеңеси болды. Сол Хорезм ҳүкимети делегациясы Москвада 1920-жылдың 20-сентябрьинде РСФСР менен шәртнама дүзди. 1921-жылы 15—20-май аралығында Хорезм Республикасының қуралтайы болып, онда 5000 адамнан ибарат Хорезм Республикасының Қызыл армиясын дүзиў ҳаққында шешим қабыл етеди. Әлбетте, бундай шешим Орайды-Москваны қатты ойландырады ҳәм буның ақыбети Москва сиясатына жақсы болмайды, деген пикирде болған. Бул ушын Орай халқымыздан қуўдалаўшылық жыллары еп алды.

Сол жыллары сегиз саатлық жумыс күни жәрияланады. Байларды конфискалаў ислери де басланады.

1922-жылы Хорезм Компартиясы РКП/б/ қурамына өтерилип, Россия Хорезмди әсте өзине қаратты.

1924-жылы 29-сентябрь 20-октябрь аралығында ХССР Кеңеслериниң 5-құралтайы болып, онда Қарақалпақлар ХССР қурамынан шығыў ҳәм жаңадан Қарақалпақстан Автономиялы областын дүзиў ҳуқықын алды.

Ал Түркстанды басқарып турған Т. Рыскулов ҳәм оны қоллап-қуўатлаўшылар Орта Азияны шегаралап бөлиўге қарсы шықты. Ол Түркстан ойпатын бир мәмлекет етиў пикиринде болып, бул сорамды «Түрк Совет Республикасы» деген атама менен қайта дүзиў талабында турып алды. Кеңес ҳүкимети оларды ақыр аяғында «Пантүркстаншылар, миллетшилер» деп жоқ етти.

Солай етип, шегаралар белгиленди. Қарақалпақстан Автономиялы областы дүзилди. Пүткил Хорезм қуралтайы Қарақалпақстанның Хорезм қурамынан шығып Қазақстан АССР қурамына өтиў ҳуқықын берди.

1924-жылы 27-ноябрьде Қарақалпақстан автономиялы областының (Қазақстан қурамында) тутас дүзилгени жәрия етилген күни. 1925-жылы 12—19-февральда Төрткүл қаласында Қарақалпақстан Автономиялы областының дийқанлар, бадрақлар ҳәм қызыл әскерлер депутатлары Советлериниң 1-шөлкемлестириўши съезди Қазақстан қурамында «Қарақалпақстан Автономиялы областының дүзилгенлиги ҳаққында декларация» дағазалады, рәсмийлестирди. Бул исте А. Досназаров ҳәм Кегейли районы «Жалпақ жап» елатынан өсип шыққан Ибрайым Бекимбетов ҳәм басқа да азаматлардың хызмети уллы, олар тарийхта өшпес из қалдырды.

Енди Қарақалпақстан автономиялы областы Төрткүл, Шымбай, Хожели, Қоңырат округлери, деп дүзилди. Ал Шымбай округи Дәўқара, Кегейли, Көкөзек, Қоңырат, Нәўпир, Нөкис, Таллық, Шымбай ҳәм Жаңабазар болыслығына, болыслықлар ақсақаллыққа-аўылға бөлинген.

1925-жылы областьлық саўда бөлими дүзилип, саўдагерлер менен баққаллардың исине шеклеў күшейди. Ал 1927-жылы ВКП/б/ 15-съездинде «Байларға қарсы гүрес ўазыйпаларына пәт салынсын ҳәм байларға топылыс тағы да күшейтилсин...» деп айырықша көрсетилген соң бул ис және де гүжийди.

## КЕГЕЙЛИ РАЙОНЫНЫҢ ШӨЛКЕМЛЕСИЎИ

Орыстың «Ақ патша»лығынан қалған «сарқытлы» басқарыў Кеңес ҳүкиметине унамаған. Солай етип, 1927-жылы 13—16-август күнлери Орайдан келген көрсетпелерге бола Төрткүл қаласында Қарақалпақстан Автономиялы областы Кеңеслериниң II съезди өтеди. Съезд шешими ҳәм Қарақалпақстан Автономиялы областы атқарыў комитети президиумының 1927-жылы 3-июльдеги қарары тийкарында Автономиялы областта жаңа басқарыўға он бир район, 112 аўыллық кеңес шөлкемлестириўге мақулласады. Сол тийкарда енди областлық, районлық, аўыллық атамасындағы үш басқышлы басқарыў турмысқа енди. Ал районға бөлиўдиң илажлары 1927-жыл 3-июльдеги қарар тийкарында иоленади. Бурыннан өз сорамы әдеўир айқын ҳәм қала аты бар Шымбай, Шаббаз (кейин Беруний атындағы) Қоңырат, Хожели, Төрткүллерде сол жылдың өзинде-ақ район шалкемлесип кеткен.

Кегейли районын шөлкемлестирип, оның орны менен шегараларын белгилеўди арнаўлы комиссия ҳәр тәреплеме үйренади. Солай етип, Әмиўдәрьяның оң жағасы, Кегейли каналының күн батар тәрепи аңығырағы ҳәзирги Кегейли-Шымбай жолы, Майжап каналынан өткеннен кейин 8—9-10-аўыл деп аталыўшы елатлар, қубласы Төктиң таўынан арқа күн батар тәрепи Қусқана таўының күн шығар етегине дейин тийкарынан қарақалпақлардың кенегес-маңғыт руўлары жайласқан, бурынғы Кегейли ҳәм Жаңабазар болыслықлары сорамы Кегейли районы аймағы деп белгиленген. Булар Әмиўдәрьяның жағасынан биринши аўыл деп басланып, ол Кегейли каналының күн батар тәрепи Қусқана таўы етегиндеги онышы аўылға дейин ҳәр бири бир ақсақаллыққа бөлинген.

Ҳәзирги Шымбай районының 8-аўылынан 10-аўылға дейинги сорамлар 1928-жылдан 1933-жылға дейин Кегейли районына қарап, кейин Шымбай районы сорамына өткерилген. Ал биринши аўылдан үшинши аўылға дейинги сорамлар 1969-жылдан Нөкис районы басқарыўына өткерилди. Район шөлкемлескенде дийқаншылық, шарўашылық бағдарында дүзилгенликтен Порлытаў етеклери менен Да-

уыткөл, Нағалай, Көкшийел ҳәм басқада көллер менен Шортанбай, Еркиндәрья, Жиқишкениң тоғайлары мал жайлаўлары ретинде Кегейли районы сорамында болды.

Район орайын белгилеўде дәслеп ҳәр қыйлы пикирлер болады. Ҳәзирги Абат аўыл орайын да гөзлеген. Себеби, бул аўылдың күн батарында Шымбай-Қоңырат гүзар жолы болып, адамлар сол жол арқалы Шымбайдан Қоңыратқа, Орынбөр-Россияға, арқа батысында Шымбай арқалы (үсти менен) сол дәўирдеги Қазақстан пайтахты Қызыл Орда қаласына шығатуғын жолдың бағдары болды. (Оның бағдары елеге дейин бар).

Кегейли районының ҳәзирги орайын белгилеўде де гүзар жолдың бойы нәзерде болады. Атап айтқанда, ҳәзирги Кегейли—Халқабад—Нөкис гүзар жолының қубласындағы, Кегейли посёлкасының шығысындағы №14 мектепке жақын жерде Мамут аҳунның мешити болған. Оның дөгереги сийрек-сийрек отырған үйлер. Мешит мектеп-интернат болып, онда жетим ҳәм аўылдан келген балалар қатнап, гейде жатып оқыған. Сол дәўирде Жилўан жап ҳәзирги районлық орайлық емлеўхана күн шығарындағы салма екен. Усы аралықлар, далалықлар болып, бул жерлерди «Аяқтағы ҳәўли» ямаса «Аяқтағы аўыл» деп те атаған. Ойлы бөлентине жантақлар өсип турған. Бурын үлкен гүңгаралы жайларды, ишине малын, хожалығын, ҳәттеки онлаған хожалық жайғасқан, кеминде еки-үш дәрўазасы бар үлкен иморатларды ҳәўли, дейди. Буны дәлиллейтуғын қарақалпақтың сөз байлығында «ҳәўли-ҳәремли» деген сөз еле бар.

Кемпир-ғаррылардың айтыўына қарағанда дәслепки жыллары қысқа ҳәм узын базарларды шөлкемлестиргенде Кегейли районында сол белгиленген орынды ший ҳәм бойра менен қормашалап базар еткен.

Ал «Аяқтағы ҳәўли» ямаса «Аяқтағы аўыл» деп аталыўының мәниси «Жаңабазар» болыслығы орайының арқасындағы ел, сол жердеги ири итибарлы имарат, жекке сийрек үйлер болғаны ушын солай аталған. Оған қосымша Мамыт аҳунның үлкен мешит-ҳәўлиси болған.

1928-жылдың 6-август күни район орайы болады, деп белгиленген сол «Аяқ ҳәўли» деген жерде байлардан тартып алынған отаўлар тигиледи. Олардың бирине райком, бирине районлық атқарыў комитети және бирине басқа мәкемелер орналасып, биринши шөлкемлестириў конференциясы болады. Онда баслы мәселе районды шөлкемлестириў менен бирге мәдений ағартыў, салық ислери, талапшы қосшылар уйымын шөлкемлестириў, бадрақ ҳәм гедейлер ислери бойынша мәселелер қаралып, тийисли қарарлар қабыл етилген.



Солай етип, 1928-жылдың 6-августы Кегейли районы шөлкемлестирилген күн болып есапланады.

Сол ўақытта районлық партия ячейкаларына бириккен барлығы болып 91 партия ағзасы ғана бар екен.

Өз дәўири ушын ең үлкен хызмет орны болған районлық партия комитетиниң биринши секретарлығында 1928—30-жыллары Жуманияз Мәткаримов ислеген. Ол жас ўақтында Төрткүлде интернатта тәрбияланып, кейин Ташкентте оқыған. Оның оқып билим алыўына Қарақалпақтың Автономия алыўы ушын ат салысқан мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер А. Досназаров жәрдем еткен. Бул дәўирде интернатта тәрбияланған жетим балалар ҳүкиметтиң оң қолы еди. Себеби, олардың «тислери» жаңа ҳүкимет наны менен шыққан, бели қатайып, белсендилик көрсетип, олар жуўапкерли орынларға қойылған.

Сол жыллары районлық атқарыў комитетиниң баслығы болып Мәмбетназаров, хаткери болып Қунназар Арзиев ислеген. Ҳәзирше Мәмбетназаров ҳаққында онша билмеймиз. Ал Қунназар Арзиев кейин-ала үлкен жуўапкерли жумысларды атқарған. Екинши жер жүзилик урыста қайтыс болған. Қунназардың баласы Орынбай Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда үлкен жуўапкерли жумысларды атқарды. Илим кандидаты, ҳәзир Нөкис қаласында жасайды, ҳүрметли дем алыста.

Районның жаңа орайында дәслеп үш жай салынып, оның бири районлық партия комитети ушын арнаўлы салынады. Қурылыс материалларын табыўда қыйыншылықлар болып, жайдың тырнағына тасты Қыпшақ беттеги Гаў медресениң гербишлеринен алып келген. Басқа мәкемелер байлардың конфискаланған жайлары менен үйлеринде, олардың шарбақларына орналасып жумыс ислейди.

Район шөлкемлесип, колхозласыў даўам еткен 1929-жылы 2000 пуд/320 тонна/ пахта, 1700 пуд /272 тонна/ жоңышқа, 29596 пуд /473,5 тонна/ бийдай, 90651 пуд / 1450,4 тонна / тары жетистирилген.

Қарақалпақстан областлық халық билимлендириў шақабы қарары менен Кегейли районында еки мектеп ашыў бойынша ҳүжжетлер таярланып, оған ел басшыларының бири Қасым Әўезов қол қойған. Соның бири· ҳәзирги район орайындағы №1 мектеп, ал екинши мектеп «Ағартыў» деген жерде ашылғаны менен оның муғаллими негедур қалаға шақыртылған соң ол мектептеги оқыў көп узамай тарқап кеткен.

Район шөлкемлесиўи менен оны раўажландырыўға дық қат күшейтилип, жобалар дүзилген. Район сорамында егиске қолайлы 748 гектар жер болып, онда жоңышқа ҳәм оның туқымын жетистиретуғын совхозлар дүзиў жобаластырылған. Тилекке қарсы, Кегейли районын жоңышқа тая лайтуғын үлкен хожалық етиў бойынша бағдарламалар репрессия-қуўдалаўшылық жыллары иске аспай қалған екен.

Кегейли районы шөлкемлескен ўақытта оның халқының саны 29347 адам болып, бул Төрткүл менен Шымбайдан кейинги үшинши орында турған.

**Кегейли районының дәслепки атамасы «Рабочий, дийқан, бадрақ ҳәм қызыл әскерлер Кеңесиниң атқарыў комитети» деген атама менен тарийх жылнамасына жазылған.**

## Кегейли колхозласыў дәўиринде

Кегейли районы шөлкемлесиўи менен бирге 1928-жылы дәслепки үш колхоз дүзилген. 1929-жылы оның саны 3... ке жетти. Бул колхозлар тийкарынан 15—20 хожалықты бириктирип, егислик жерлери де азғана 30 гектарды дөгерегинде болған. Бурын колхоз деген түсиниги жоқ ҳәм соның менен бирге дара хожалық ҳалында жасаған адамлар жаңа дүзимге тегинликте биригип, үйренисе қоймады. Сонлықтан гейбир колхозлар шөлкемлесип болып, көп узамай тарқап кеткен. Бираз жерлерде болса «азғана сабыр етейик, кейинлеў колхоз бolармыз» деген гәплер болған.



Нәтийжеде ондайларға тыйым салыў ушын 1930-жылдың 14-мартында РКП/б/ Орайлық комитети «Колхозласыў ҳәрекетиндеги партияның жолын бурмалаўға қарсы гүрес ҳаққында» ҳәм басқа да сол тақлеттеги қарарлар шығарып, көрсетпелер берип, колхозға кесент етиўшилерге қарсы гүрести әдеўир ықлайды ҳәм бай-кулакларды класс сыпатында сапластырыў мәселеси айрықша тастыйықланады.

Жоқарыдағыдай қарар·менен көрсетпелерди қурал етип алғанлар оны орынлаў исиндеги жумысларға қатты киriседи.

«Колхозға кирсең киргениң, егер кирмей, анаў-мынаў десең қарсы болғаның» деп басқа да көплеген қорқынышлы ислер иске асырыла баслаған. Абай етиўди күшейтеди. Тек бай, уламаларды жалпыламай қуўдалап, қамап ғана қоймай орташаларға да тийискен. Олардың биразын сайлаўға қатнасыў ҳуқықынан айырып «ҳуқықсыз» деп ... етеди. Мал-мүлки тартып алынады. Бул оларда улыўма налыўшылық пайда етеди. Гедей-дийқанлар колхозға кирип не қыларын билмей ҳайран болса, дүнья мүлкинен айырылғанлар не қыларын билмей ҳайран. Колхозға киргенлердиң биразы басқарыў менен не ислеў кереклигин, шөлкемлестириў ислериниң жөн-жосағын анық билмеген. Бундайлар айырым адамлардың топарға бөлинип аўыз бириктириўине, гейпараларының елден шығып, ғайры журтларға кетиўине алып келген.

Колхозлар кишкене болғанлықтан бир аўыл кеңеске бир неше колхоз қарап, аўыл кеңеслер оның есапларын тыңлаған. Бадрачком (Бадрақлар комитети) болса бай менен қарызын айырады, оларды өз жыйналысына салады, айтқаны айтқан, дегени деген, болады. Ҳәммесиниң есабын партия ячейкасы тыңлайды. Бул бәрине партия басшылық етеди, деген сөз еди.

Бурынғы Жаңабазар болыслығында «Жаңа талап», «Военком» деген колхозлар дәслепкилерден болып шөлкемлеседи. Буны ветеран Сейтек Халмуратов өзиниң еске түсириўинде былай тастыйықлайды:

«Военком» деген колхоз да дәслепки колхозлардан болып, оның басқарыўшы әмелдарлары баслық, өндирис,

есапшы, бригадир (ямаса онлық) звено, тәбилши, складшы (қоймашы) лардан ибарат болды.

Сол дәўирде «Военком» колхозының барлығы болып 36 38 гектар егислик жери болған. Өз ўақтында бул үлкен колхозлардан еди. 50 гектар жоңышқа еккен. Оларды егиўде байлардан тартып алынған гүнде, өгиз қос, ат арба кетпен, бел ҳәм сол тақлеттеги қураллардан пайдаланған. Шигит дәслепки жыллары қол менен шашылып егилсе, кейин ат жегилетуғын тас сеялка менен себилген. Пахтаны отырып, жайпап терген. «Военком» колхозы жайласқан жери «Қаңлыбек ийшан», «Естек көпир» деген елатлар.

Ҳәзирги ўақытта Нөкис районы сорамына өтип кеткен биринши аўыл кеңеске «Обком», «Райком», «Чапаев», «Будённий», «Ақ алтын» колхозлары қараған.

Ал ҳәзирги «Жалпақ жап» пуқаралар жыйыны аймағында 1930-жылы бириншилерден болып «Ағартыў» деген колхоз шөлкемлеседи. Оған 24 хожалық ағза болып киреди. Бул колхоздың 15 гектар жобасы болып, оны ислеў ушын Бодыман Хожаниязов, Садық Төреқасымов ҳәм сондай байлардың мал-мүлки, қурал сайманы алынған. Колхоздың бир жағы ҳәзирги «Өрнек» хожалығы сорамында. Колхозға қарсы ҳәрекет етиўши «Қуўаныш жарма» каналы бойында жасырынып жүрген «Қошқар бала», «Ботабек», Сейдамет дегенлер болған. Кеңес ҳүкиметине қарсы гүрескен, болып болған, Тахтакөпир көтерилисиниң белсенди қатнасыўшысы-Әбдижәмил Жәлий мақсым дүзген ҳүкиметтиң қорғаныў ўәзири деп белгиленген Барлықбай Нурымовтың аўылында (бул аўыл ҳәзир Кегейли сорамында) Кеңес ҳүкиметиниң белсендиси Өтемурат деген өлтириледи. Соның ҳүрметине бул жерде «Өтемурат» деген колхоз шөлкемлесип, оған Пиреке Артықбаев баслық болған. Бул жер Аралбай аўылы. Колхозға Барлықбай Нурымов пенен Жәримбет деген байлардың дүнья мүлки алып берилген. Бул колхоз кейин ала «Киров» атына өзгерген. Соң «Өмирли», «Кеңес» колхозлары да шөлкемлескен. Соңын ала «Жақсылық» бөлими деп жүритилген. Сол дәўирдеги «Кеңес» колхозының бир қуралып бир тарқалып жүргенин Абдирашид ахуннан көрип оның иси судқа өткерилген.



Колхозласыў менен бирге 1930-жыллары көпирлерди салыў ҳәм оңлаў, соның есабынан жол транспорт-арба аўқамы дүзиледи. Өз дәўиринде олардың атқаратуғын хызмети үлкен болды. «Орыс жол» деп аталыўшы жол менен дәрья жағыстан ҳәр қыйлы жүклер тасылып, адамлар қатнаған. «Орыс жол» демекликтиң мәниси 1873-жылдан Әмиўдәрьяның оң жағалығы орысятқа қарап сол жақтан келген сиясат, жоба тийкарында жумыс болғанлықтан солай аталған. Бул жолдан ямаса ҳәзирги Нөкис районы сорамындағы 4 аўылдағы пахта пункттен «Абат жап» каналындағы көпир арқалы Кегейли посёлкасы иши менен Шымбай пахта заводына пахталар тасылған. Жол жағасындағы жерлердиң шараятына қарап оған ҳәр қыйлы тереклер егилген. Сол тереклердиң биразы 1980-жыллардың ортасына дейин жасап келди. Түбирлери еле бар. Тарийхтан мәлим болыўынша жолларды абаданластырыў, жол бойларына тереклер егиў ҳәм оны қадағалаўды сол дәўирдеги Кегейли районлық Кеңес атқарыў комитетиниң баслығы болып ислеген Мәтеке Жуманазаров қатты қолға алған ҳәм жол бөлиминиң баслығы етип Ниязбай Шәкимовты қойған. Н. Шәкимов өзине тапсырылған ўазыйпаны садықлық пенен атқарып ат шығарған. Мине, усы жолларда «Арба» аўқамынан (сондай аўқам болған) алынып жумсалатуғын арба көликлер бираз жыл халықтың мүшкилин жеңиллеткен.

Бул дәўирде районлық партия комитетиниң биринши хатшысы болып Емберген Дәлиев ислеген.

Сол колхозласыў дәўиринде жоңышқа менен оның туқымын жетистириў, сатыў иси пахта менен теңдей орында болған. Ал Шымбай сорты деп аталған қарақалпақ жоңышқасы ҳәм оның туқымы отызыншы жыллардың ақырына келип дүньядағы ең жоқары сападағы жоңышқа туқымы деген баҳа алған. Ҳәттеки екинши жер жүзилик урыстан бурын Москвада бурынғы СССР Сыртқы Ислер Министрлигинде Қарақалпақ жоңышқа туқымын сататуғын арнаўлы бөлим ислеп турған.

Колхозласыў жыллары наўқан қуртын бағып пилле жетистириў пахта сыяқлы бас байлықлардан саналған.

Ақтуба пуқаралар жыйыны аймағындағы 6-аўылда «Ө
ара бирлик», «Өрнек», «Совнарком», «1-май», «Мақсет
деген колхозлар шөлкемлескен. Бул елатлар 1936-жылл
дейин жәбдиллескен хожалықлар қатарында ислеген. Деге
менен олардың көпшилигинде пахта зүрәәтлиги 4—5 цент
нерден аспаған.

Солай етип, жаңадан шөлкемлесип атырған Кегейл
сорамында 1928-жылдың ақырында колхозлар саны
1931-жылы 52, 1932-жылы 72 ге жетип, олардың те
төртеўи шарўашылық пенен шуғылланған.

Ўақтында өз аўылларындағы кишкене колхозларға Дошы
Ерлепесов, Ҳәмдулла Бердимуратов, Нарымбет Сейтимо
Өтепберген Берданов, Рәмет узын сақал, Төлеп Қыйлыбае
Қалийла Айтмуратов ҳәм сондай бир қанша жасы үлкенле
өзлери шөлкемлестириўге ҳәм оның раўажланыўына белсе
қатнасқан колхозларға баслық болған.

Майда колхозлар көбейип кеткен соң 1935—36-жыллар
олар ирилендириледи. Солай етип, әдеўир белгили болы
қалған Микоян атындағы, «Өрнек», «Киров», «Орджони
кидзе», «Ахунбабаев», «Энгельс», «Ворошилов», «Андреев
«XVIII партсеьзд» ҳәм тағы сондай колхозлар болы
ирилендириледи. Улыўма 36 колхоз болады. Усы ҳәм бас
да хожалықларда баслық ҳәм белсенди болған сол дәўирде
жас кадрлардан Қанияз Ҳәбибуллаев, Дәўлет Қасымо
Жәндулла Юсупов, Қанияз Айтжанов, Сейтек Халмурат
ҳәм басқа бираз азаматлар шөлкемлестиргиш басшы болы
көзге түседи.

1928—40-жыллар аралығында белсендилердиң атқар
туғын жәнe бир жуўапкерли ўазыйпасы көшип-қоныў
үйренгенлерди отырықшылыққа, пахта ҳәм басқа да сонд
дақылларды егип өсириўге көнликтириўдей жумыслар еди
Сол дәўирди басынан кеширген Қыйлыбаев Төлеп 190
жылы Қазақстанның Ақтөбе обласы, Табын районы 1
аўыл Кеңесинде туўылған болып, ол 1927—28-жыллар
«Ақтабан» шубырынды деп аталған жыллары көш басла
шылардың, оларға басшылық еткенлердиң бири болы
Кегейлиге келеди. Ол отызыншы жыллары «Өз-ара би
лик» «Киров», «Қызыл нур», «Жаңа талап», «Таза курал



колхозларын шөлкемлестириўге, басшылық етиўге қат-
насқан. Булар жөнинде оның туўысқан иниси Қырықбай
Қыйлыбаев 1995-жылы маған (автор) айтып ҳәм жазып
берген еди.

Ал бурыннан отырықшы аўылларда бай менен жарлыны
айырыў усаған ислерди жүргизиў ўақтында ел ишинде
бир-бирөўге гүманлы қараўлар әдеўир орын алған. Бул
жергиликли кадрлардың өсип шығыўына да жаман тәсир
еткен. Мысалы бай менен уламалар қуўдаланса, оның
балалары «ҳуқықсыздың балалары» деп оқыўға алынбады,
қатар қурбылары арасында кемситилди. Бундай жағдайлар
оларды келешек жолынан азда болса иркти. Солай етип,
сырттан кадрлар әкелип қойыў ен жайды.

Бул дәўирде адамлардағы ҳәр қыйлы кеселликлерди
емлеўде де машқалалар көп болған. Айназар тәўип усаған
адамлар өз исин жанландырып кете алмаған. Себеби,
тәўиплик емлеў ески усыл еди. Усындай ала-сапыранда
адамлар «мерез» деген кеселден де көп жәбир көрген. Оны
емлеўге дәри-дәрмақлар жетиспеген. Бул мәселелер жоқары
орынларға айқын қойылған ҳәм усындай табанлы ислер
нәтийжесинен 1936-жылы районда ден саўлықты сақлаў
ҳәм мәденият бөлимлери мәкеме болып ашылған.

Колхозласыў бираз жөнлесиңкиреген 1935—1937-жыл-
лары Кегейли районлық партия комитетине Түркменбай
Таўманов биринши секретарлық етсе, районлық Совет
атқарыў комитетине бурын Хожели, Мойнақ районларында
басшылық жумысларда бираз тәжирийбе топлаған,
заманның искер адамларының бири Сүйинтай Елтезеров
басшылық еткен. Сол жыллары район пахта жетис-
тириўдеги 5—6 центнерден 10 центнерге дейин көтерилсе,
мәмлекетке гөш тапсырыўдан район республикада биринши
орынға шыққан. 400 шарўа хожалық қазақлардан ибарат
болып, олар да отырықшылыққа үйрене баслаған. Мал
өсириўге әдеўир кеўил бөлинген. Усындай ислерде үлги
көрсетип жүрген Т. Таўманов «халық душпаны» деп атыў
жазасына, С.Елтезеров 15 жыл қамаққа ҳүким етилген.
С.Елтезеровтың изинде қалған Фрон деген баласы (1932-
жылы туўылған) Бейнеў қаласында жасайды.

1928-жылы районда ҳүкиметлик бир дүкан ашылады. Бул дүканда Сатқынбай деген, кейин Қайып Қарашаев ислеген. Баққаллар саўда ислеўди әсте-әсте илажсыз тоқтата баслаған. Солай етип, колхозласыў менен бирге саўданы да орайластырыў бирге алып барылған.

## Ала-сапыранлы, алғаў-далғаўлар ямаса конфискалаў жыллары

Жаңаша басқарыўды турмысқа енгизиў, районластырыў, улыўма сиясатты атқарыўда сол заман талабын орынлайтуғын теперишлер керек еди. Себеби, бул ўақытта тағы исленип атырған айырым жумыслар Москвадан берман қарап жоқарыдан бақлап турған басшыларды қанаатландырмады. Сонлықтан өз сиясатын жүргизиў ушын көбирек рус ямаса сондай кейпияттағы адамлар келе баслады яки усы жаққа жиберилди. Олар жергиликли тилди, адамларды, үрп-әдетлерди онша билмеди. Дилмаш арқалы сөйлесилип, түсиндириледи. Бул көплеген қыйыншылықларды пайда етти. Сиясатты жүргизиўде, сайлаўларда қыз-келиншеклерден әмелдар қойыўда жөнсизликлер көп ушыраған. Өзи алғаў-далғаў болып турған заманда бул ислер елдеги көплеген саналы адамларға жаман тәсир етти. Елдеги итибарлы адамлардың ҳуқықлары аяқ асты етилиўи, дүнья мүлкинен айырылып, ел журтынан шетлетилиўи ғәзепленийүин күшейтти. Бул олардың аўыз бириктириўин алып келетуғыны тәбийий жағдай еди. Лекин, олар аўыз бириктирсин ямаса бириктирмей-ақ дәртлесип сөйлессин бул кеңес ҳүкиметиниң «жансызлары» ушын өш алыўға қайым болып, бул сол дәўирде дүзилген «үшлик»лердиң ҳәрекетине жүдә қолай келген. Нәтийжеде «үшликлер»диң мағлыўматлары бойынша бай, улама және сондай итибарлы адамларды судлап, ататуғынын атып, қамайтуғынын қамап, жер аўдаратуғынын жер аўдарып, биразын жер тарттырған. Бундай жағдайларды алдын-ала сезгенлер ел-журты менен хош аллаяр айтысып, қолға илингенин алып ғайры журтларға посып кеткен. Олардың көрген азап-ақыретлери де өз алдына бир дәстан.



«Үшлик» демокликтиң мәниси сол дәўирде Кеңес ҳүкиметиниң дүзилисин беккемлеўде оған қарсы болғанларды анықлаў мақсетинде үш адам қурамында комиссия дүзилген. Олар ел ишинде Кеңес ҳүкиметине қарсы қандай гәп, сөзлер бар, оларды кимлер тарқатып, кимлерди алаға етип жүр, деп тың-тыңлайды. Егерде гүманлы қандай да бир гәп болса (соның арасында өзлери жек көретуғын адамларды да оған қосып) дәрриў үшеўи сол адамның атыжөнин билип, мақсетин келтирип, ҳүжжетлестирип, қол қойып, ишки органларына тапсырады. Оннан кейин ҳақ болсаң да кеткениң, гүнаң болса да кеткениң. «Үшликтиң» бул ҳүжжетлери еми жоқ аўырыўдай, ким болса да алып кете берген. Айырым жағдайларда ғана наҳақтан жала жапқанлар анықланып, ол адамлар үшлик топарынан шығарылып, иси әшкара етилген. Ғарры, қатықулақ ҳәм бул жағдайларды белгили бир дәрежеде басынан кеширген адамлардың айтыўына қарағанда гейбиреўлерди ҳақтан жаландырған гейбир «үшлик» топары ағзаларының кейинги тағдири қорлықлы өткен. «Алтын алма, дуўа ал» дегенде ата-бабаларымыз усындайларды нәзерде тутқанды...

Колхозласыў ҳәм оны беккемлеў дерлик он бес жыл даўамында удайына ҳүкимет қадағалаўында болды. 1929,1931,1937-жыллары бай, улама, ийшан, троцкийшилер ҳәм т.б. қуўдалаўшылықлар арасы онша үзилмей, дерлик бирдей қатаң жүргизилген. Усындай ўақытлары колхоз қурылысын беккемлеўдиң түрли жоллары иске асырылған. Басшылар сиясий-түсиник жумысларын жүргизген, ашық ябай сиясат еткен, қорқытқан, үркиткен, улыўма жумыс ислеген.

Қуўдалаўшылықтың күшейиўи менен колхозласыўдағы гейпара жумыслар асығыслық, «айтқанымды ислетемен, айтқаныма қаратпайман» деген бағдарда болды. Еркли түрде кириўи керек болған колхозласыў районларға жоба етип берилген ҳәм оның орынланыўы қатты қолға алынған. Жасы үлкен адамлардың болса колхозласыўға онша түсиникли болмаған. Бурынғы дүзимде бедели күшли болған адамлар аталық ўулады Сейтназар ҳажы, ақмаңғыт Маман бийдиң улы Досымбет болыс әўладлары менен Тәжимурат

болыс, атақлы уламалар әўлады, Хан мақсым лақабы мене
даңқы елге жайылған Убайдулла Бахаўаддийин улы, үлке
бай, саўдагер, баққал Пәтилла Ҳәбийбуллаев, атақлы улам
Емберген ахун ҳәм басқа да усындай адамлар Кең
ҳүкиметин қурыўшыларға қәўип туўдырыўшыларда
болып көринер еди. Соның ушын оларды ҳәм оның аўқам
ласларын жоқ етиў нийетлери болған. Жоқарыдағыда
жағдайларын жөнлестирип жибериў ушын Кегейлиге ҳ
жақтан кадрлар жибериле баслаған. «Жигирма бес мыңшы
лар» ҳәрекети ҳәм жаңа районға жәрдем, деп жиберилге
бираз кадрлар жүдә белсендилик еткен, өзлерин көрсетиў
шәрт те болған. Усындайларды бақлап жүрген халы
«Москвадан нызам шықса биринши Кегейлиде орнайды
деген гәпти де тоқып шығарған. Ал отызыншы жыллар
колхозласыў айырым орынларда 30 проценттен зыя
өрлемеген. Бул жағдайларды дүзеў ушын 1930-жылдың
февралында СССР Орайлық Атқарыў Комитети мене
Совнаркомы «Толық коллективлестирилген районлард
аўыл хожалығын қайта қурыўды беккемлеў ҳәм кулаклар
қарсы гүресті күшейтиў илажлары ҳаққында»ғы қарард
қабыл еткен. Соның изинше усы қарарды орынлаўды
қатаң инструкция-көрсетпеси астыртын шығарылады. Он
«Толық коллективлестириў массалық түрде әмел
асқанынан кейин кулакларға қарсы айырым жазала
илажларын қолланыў усыныс етилген». Сондай-ақ, он
«кулак белсендилери, ең бай кулак ҳәм ярым помещикл
бурынғы СССР дың узақ шеттеги районларына ж
аўдарылсын, қалған кулакларды сол районның сорамы
дағы колхоз хожалығы жеринен сыртта ажыратылған жа
орынларға орналастырылсын», делинген. Жоқарыд
қаўлы-қарарлар менен көрсетпелер алып «ғайратланғанла
оларды орынлаўда жүдә белсендилик көрсетеди. Әсире
сол қарардағы «Егис майданы 7 гектардан асса, шарўаш
лықта қара малы 35 бастан артса, саўдагершиликте
түсими 10 мың манаттан асса ондай хожалықлар сапласт
рылсын» деген жерлерин жүдә «көзгир» етеди. Әне, усы
дай болар-болмас марапатқа, хә дегеннен «жел пәрриг
шығатуғын гейпара белсендисымақлар жүдә қатты кет

тоғи улама ийшанлардың атап айтқанда оймаўытта
даға мацғыт) Әлеўаддийин ийшанныңда кеўиллерин
ерткен. Әлеўаддийин ийшанның баласы Ўайс аға көп
Қарақалпақстан мусылманлары қазысы болды. Булар
ндай өбиндей дәскеси менен дүнья мүлки барларды да
лар қатарына қосып, жер аўдарылатуғынлардың
омине қосып жиберген. Усындайдың ақыбетлеринен
шалар да ири байлар менен теңдей жазаға тартыла
ыйды. Әлбетте, бундай жағдайлар бай, уламаларды
имге алатуғын комиссиядағы оның айырым
ларының парахорлығы, гейпара белсендисымақлар
ен бадрақлардың өш алыў мақсетинде ислеген
аналық ислери тәсиринен де болған.

Қоп иләжсыз қалған байлар «бизлер елди бай, тоқ етемиз
е, булар байды жоқ етемиз дейди» десе уламалар
атлыларды көбейтемиз десек, булар саўатлыларды жоқ
атыр, ашырмай бала, бул қалай болғаны» деп хеш
ге еситтирмей гүбирлениўи менен қуўдалаўшылық
ирин тартып кете берген.

Усындай бир ўақытлары Тахтакөпир районындағы 1929-
ғы ҳәтериліске байланыслы да ақ-қарасы айырылмай-
Көгейли районынан бираз адам ғалаба қамаққа алынады.
Бундай қуўдалаўларға бириншы нәўбетте Хийўа ханы,
ан Россиясы тусында, Кеңес ҳүкиметиниң дәслепки
ларында әмелдар болғанлар, байлар менен уламалар,
лдың жақын-жуўықлары менен жас перзентлерине
ир дус болады, жәбирин тартады. Сейтназар ҳажыны
от тексериўге абай етип сол дәўирде районлық комсомол
итетиниң бириншы хаткери болып ислеп атырған
нша Ахметов барған. Ол биреўлердиң гәпи бойынша
ының үйине қатты барып, атының шылбырын ҳажы
ған отаўдың беллигине байлап, ишке пәтлениңкиреп
ен. Сонда Сейтназар ҳажы: «Балам әстен келсеңде,
ның шылбырын үйдиң дөгерегиндеги 40 қазықтың
не байлағаныңда да болады, тексеремен десең көре
Мынаў маған таслап кеткен ҳүжжетлердиң бир-бир
ынан топланғаны. Жас жигит екенсең, мен саған
мынаў демей-ақ қояйын, егер ғарғасам тасты қақ

жараман»,—деп бир дәсте ҳүжжетти алдына қойған екен. Сол ҳажы картайғанда қуўдалаўшылық ҳәм тексериўлер жәбирин тартып, 1935-жылы қорқыныш сезимлер менен қайтыс болды.

«Қылышынан қан тамған» жаңа дүзимниң бағытын абайлаған гейпаралар оның ығына жығылыўға мәжбүр болған, десек артық айтқан болмаспыз. Солардың бири ҳәзирги Ақтуба пуқаралар жыйыны аймағындағы Қара-сыйрақ елатында жасап өткен Ҳәбийбулла улы Пәтилла баққал 1930- жыллардың аяқ-буяғында аўыл адамларын жыйнап былай деген: «Заманның түри мынаў, халық ашлықта. Мына ортада турған толы еки қалта сизлердиң меннен қарыз алғанда берген тил хатларыңыз, ҳәзиргидей жағдайда сизлер усы қарызды төлей алады, деп тәма етпеймен. Соның ушын мен сизлердиң қарызыңыздан кештим. Сизлер буған гүўа болың, енди сизлердиң менде қарызыңыз жоқ. Мен усы еки қалта тил хатты өртеймен» деп, оны өртеп, халықтың алғысын алады. Буған қосымша аўылдағы өзиниң отырған жайының бир жағын мектепке берген. Ал Кегейли посёлкасы орайындағы жайының бир жағына ишки ислер бөлими орналасқан. Лекин, буның менен де шекленбей «жасырып, тығып қойған дүнья-мүлкинди таўып бер», деп оны тынышына қоймаған. Ал оның баласы Сайып болса байдың баласы деп жыллар қуўдалаўда болады. Буннан кейин Сайып 5-аўыл Ақтоғай кенегестеги қайнағасы Қосжан баслықтың үйинде бир ўақыт бас паналайды. Ол жерде де тынышы болмай, 194 жылы судланыў алдында соранып әскерге кетеди. О соннан дәрексиз. Сайыптың баласы Нуратдийин «Мийў зар» хожалығында жасайды.

Ал Пәтилланың иниси Әсетулла (Әсет) бала-шағас ямаса баласы Әлеў, қызы Өтебийке менен жасаўға дийқаншылық етиўге қолайсыз Нағалай көли бетке е жылға жер аўдарылады.

Сондай-ақ, Пәтилла менен туўысқан ҳәм оның ағайин лери болған Нәўбетулла ийшан (лақабы суўпы), Емберг ахунның баласы Нызан мақсым, Бақый мақсым, Аймур мақсым қуўғынға ушырайды, кими судланып, кими 

ғамында отырады. Улама Қарамоллаев Турымбеттиң балалары да ҳуқықынан айырылады. Булар тек бир аўыл-дағы ўақыялардың айырымлары.

Ал Кегейли каналынан саға алған Нәўпирдиң бойында жиити болган, маңғыт-тоңмойын Қалқаман улы Сулайман ишан, оның баласы Әбдиразақ ахун, Ибрайым болыстың жигитлери болган Хасек улы Арзыў ҳәм және усындай бир қанша адамлар «үшликтиң» көрсетпеси менен көп жәбир-жапа шеккен.

«Едиге» дәстанын жырлаған Ерполат жыраў болса алынғаннан берли әле дәрексиз. Ақмаңғыт Маман бий улы Турымбет болыс әўладлары толығы менен қуўдаланды. Улыўма 1937-жылға дейин басшы хызметте болганлар менен адамлардың қуўдалаўдан аман қалғаны шамалы болған. Олардың районданғы улыўма саны ҳәзирше 300 ден зыят.

Улыўма алғанда 1920-жыллары Жадидлерди, 1927—28-жыллары диндарлар менен байларды, 1931—37-жыллары диндарларды-троцкийшил, Файзулла Хожаевшылар, пантүркстаншы деп қуўдалап, көплеген адамларды тым-тырақай етеди. 1937—40-жылларда елде азғантай тыныш-лық болғандай болады. Буннан кейин ямаса 1947-жылға дейин екинши жер жүзилик урыс пенен бәнт болады да, 1947-жылдан 1950-жылларда урыстан қайтып келген-лерди, жазыўшы, алым, өнерпазларды қуўдалаў болады.

Болған ўақыяның изи менен әпсанаға айланып бизге жеткен бирен гүрриңлер жетип келген. Солардан бирли-ярымын айтайық. Сол бир отызыншы жыллары, ақ қораз пенен қызыл қораз урысып атырғанына бир адам қарап, қайсысы жеңер екен деп, турады. Соң ақ жеңетуғын усайды дегенди айтады. Сол адамның сыртынан бир адам қарап турған екен. Бул тыңшы урысқан қоразларға қарап турған адамның гәпин сиясатластырып, жаманлап бояўын жеткерип органға береди. Орган болса «үшлик» тиң көрсетпеси менен сол адамға шара қолланады.

Бир адам Крупская атындағы колхозда турады екен. Оның бир таныcы қәдимги қәрекеңшилик пенен «колхозда жағдай қалай?» деўдиң орнына «Крупская қалай?» деген. Ол байғұсдың көўилинде ҳеш нәрсе жоқ, «Колхоз төменлеў

болып тур» деўдиң орнына, «Крупскаясы қурысын» де
салып, ол да туңғыйыққа кеткен.

Бундай ҳәдийселерден жазаға грипдар болғанларды
көпшилиги 1956-жыллардан баслап ақлана баслады.

## Дәслепки техникалар ҳәм кәнигелер

Тарийхтан мәлим болыўынша дәслепки техника лма
трактор Қарақалпақстанға 1927-жылы келген. 193
жылларға келип «Фордзон», «Джон-дир», «Интер», «Фо
мол», ал оннан соңғы жыллары «ХТЗ», «ЧТЗ», «СТЗ
«НАТИ», «Универсаль» деген дөңгелеги тисли тракторл
пайда бола баслаған.

Дәслепки жыллары трактор ҳаққында түсиниклер ҳ
қыйлы болған. Бала көтермей жүрген гейбир келиншекл
«тракторды темиршиниң пири, Даўыт пайғамбарды
тулпары», деп сыйынып, айланып қудайдан бала тиле
жүргенлери де ушырасқан. Ал гейбиреўлер жүри
киятырған тракторды үркитемиз, деп алдында тонын тер
жамылып жатып, оның астында қалыўдан сәл қалған.

1932-жылы Ақтуба пуқаралар жыйыны аймағында
6-аўылдың күн шығар қубласындағы Бозкөл қасына
«Мақсет» деген колхоз шөлкемлесип оған дәслеп Алланаза
Арзиев деген, ал 1935-жылы Қәлийла Аймуратов баслы
болып, бул колхозға Есебей, Жаманша, Уйғыр, Қаңлы
Баймақлы, Әйтеке руўындағы хожалықлар ағза болы
киреди. Усы колхоздың билеги, қарақалпақтың маңғы
есебий урыўынан шыққан Султан Хожаназаров 1932-жыл
тракторшылар таярлаў курсын питиреди. Оның еск
түсириўи бойынша сол жыллары үш колхозға бир тра
тордан туўра келген. Ол тракторды жақсы айдаўына
жобадағы 3 гектар орнына 4,5 гектардан жер сүрген
Зүрәәтлилик 10-11 центнерден 13-14 центнерге көтерилген
Кегейли МТС ы алдыңғылар қатарынан орын алады.

Тракторларды оңлайтуғын МТС—машина, тракто
станциясы қубла районлар ушын 1931-жылы Шаббазд
(ҳәзирги Беруний районында,) арқа районлар ушы
Халқабадта ашылады. Тарийхый дәреклерде жазыўынш

1934 жылы Халқабад МТСында жылына 100 тракторды оңлаў мүмкиншилиги бар 4 токорлық, 2 бураўлаў станоги менен турған.

1935 жылы Кегейли районлық МТС—машина трактор станциясы ашылады.

Султан Хожаназаровтың еске түсириўи бойынша, районға дәслеп «Интер», «СТЗ» тракторлары келген. Аўылға келген СТЗ тракторын көрген адамлар қуўанысқан ҳәм қайран қалысып «Кек темирдиң бойына жан питип жүргенине қара» деп әсиресе кемпир-ғаррылар жағаларын усласып, бир-бирине тигилискен екен.

— Аўылда дәслепки тракторды айдаў маған тапсырылды, — дейди С. Хожаназаров. Трактор келген соң егислик жер көлеми де өсти. 1936-жылы районда барлығы болып 15 «СТЗ» тракторы болды. Сол жылы Төрткүлде тракторшы белсендилериниң жыйналысына қатнастым. Тракторға қызыққан жигитлерди үйреттим.

1940 жылы февральда Ташкент қаласында аўыл хожалығы алдыңғылары менен механизаторларының кеңеси болып, оған Кегейли районынан Султан Хожаназаров, Ибрайым Кадирбергенов, Инният Тилеўимбетов, Куйбышев районынан Курбанияз Төреев, Шымбай районынан Айтмурат Пирилиов, Ш.Әбишовлар қатнасады ҳәм Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумының Председатели Юлдаш Ахунбабаевтың өз қолынан «ҳүрмет жарлық»ларын алады.

Мениң әкем Моян Нәўбетуллаев өзиниң «Достым менен [illegible] ғәзаллар» деген дәрекли қол жазба түринде қалған шығармасында сол дәўирдеги автомашиналар ҳаққында былай жазады: Мениң жүрегимниң аўырыўы бар еди. Соны емлетиў мақсетинде Төрткүлдеги рентгенге түсиў ушын 1937 жылы 22 апрельде районлық доктордан жоллама алып кеттим. Бир суткада машина менен жетип бардым.

Қаратаўдан асып түсип, қыя майдан шөлде, таў-тас араларында узақ жолды жақын етип, «зымырап» баратырған автомашиналарды көрип таң қалдым. Төрткүлге барғанша алдымыздан шыққан 16 автомашинаны санадым»

Кегейлиде дәслепки автомобиль жүргизиўши шофёрлар-дан Сайып Пәтиллаев ҳәм Балтабай деген инсанлар болып, оның дәслепки шәкирти ҳәм өмир бойына автомашина айдаған, «Полуторка» деген автомашинасы менен екинши жер жүзилик урысқа барған Аллаз (Алланазар Ешназаров), Ешбай Мәтеков, Турдыбай Бахийев деген жасы үлкенлер болды.

1931-жылдан колхозларда доход бөлистириўдиң жаңа формасы-колхозшылардың ислегенине қарап мийнет ҳақы төлеў иске асады.

Аўыл хожалығына техниканың араласыўы менен пахта баслы дақылға айлана баслады ҳәм оннан алынатуғын зүрәәт көбейеди. Тарийхый дәреклерде көрсетилиўинше 1937—38 жыллары Кегейли районында алда болғанлар ҳәр гектар жеринен 15,3 центнерден пахта жетистирген Ю. Ахунбабаев атындағы колхоз басқарма баслығы Сейтназар Реймов, орташа 15,66 центнерден зүрәәт алған Микоян атындағы колхоз басқарма баслығы Құдайберген Ерназаров, гектары-нан орташа 17,38 центнерден зүрәәт алған К. Маркс атын-дағы колхоз басқарма баслығы Нурымбет Әлимбаев, гек-тарынан орташа 16,33 центнерден зүрәәт алған «Пахта нуры» колхозы басқарма баслығы Махамбет Сариев, «Өрнек» колхозының бригадири Бердан Бекмуратов, «Бахытлы» колхозынан Дәўлет Әлиевлер 1939-жылы Пүткил Аўқамлық аўыл хожалығы жетисkенликлериниң көргизбесине қатна-сып, Москваға барып келеди. Сондай-ақ, «Өрнек» колхозы-нан Ешмурза Жаббарбергенов 29,15 гектар жеринен 19,17 центнерден, «XVIII партсъезд» колхозынан Сейтназар Жуманазаров 17,23, К. Маркс атындағы колхоздан Ақым-бет Турымбетов 22,17, Қуламет Оразов 21,5, Додан Әбди-муратов 20,88 центнерден зүрәәт алып аўыл хожалығы жетискенликлериниң Москвадағы көргизбесине қатнасады. Әлбетте, бул дәўирде дүнья еллери «не болар екен, не қы-лып атыр?» деп отырған Москвадай жерге барып келиў аңсат емес ҳәм соның менен бирге оған барыў жетискенлик еди.

Солай етип, колхозласыў бир жөңкилли болып, 5- ҳәм 6-аўыллар 1936-жыллары посёлкаласып азда болса жетилисе баслады.



## Социаллық турмыстағы ҳәм ағартыўшылықтағы өзгерислер

Уллы ниетлери алысты көзлеген басшы менен, ислесиў онша қыйын болмайды. Ҳәр қандай дүзимниң, басқарыў усылы ҳәм өзгешелиги болады. Бизиң елимизди Октябрь аўдарысығына дейин дерлик «саўатсыз ел», деп келди. Биз бүгин гүман менен қарап жүрер едик. Себеби, ҳәр аўылда бир мешит болса, онда балалар оқыса, дерлик 100 жыл бурынлық, ҳәтте оннан да көбирек халық дүрданаларын аўызша ҳәм жазба түрде сақлап жүрген халықты саўатсыз, деп айта аламыз ба? Халқымыз болса қолына түскен китабын бурыннан-ақ, көзиниң қарашығындай сақлап, әўладтан әўладқа жеткерген. Соңғы ўақытлары топырақ үйилген төбедей болып қалған мешитлердиң орнын халық ҳәзиргиге дейин еле қәсийетли, кәраматлы орын деп ҳүрмет етеди. Вул олардың билим орнына ҳүрмети, оның мәнисин түсингени емеспе?

Кеңес ҳүкиметиниң дәслепки жылларында халқымызға өз динине исениўине, мәдений ҳәм миллий өзгешелик-лерин сақлаўға руқсат беремиз, дегени менен ол соңғы-лығында қуры сөз болып қалған. Ҳәтте өлген адамның жаназа намазын оқыў қора ишинде өткерилетуғын жағ-дайға түскен. Мүмкин бундайларға, «Жергиликли адам-ларға олардың өзлериниң тилинде жүдә көп мағлыўматлар берип қоймайық ҳәм сол арқалы орысластырыў исине зыян келиў, жергиликли әдебияттың ҳәм жергиликли мәдений естеликлердиң беккемлениўине жәрдем етип алмайық» деп бир шығыс изертлеўшисиниң 1927-жылы жазған пикирлери де тәсир еткенди. Усындай илимпазлардың басшылығында көплеген қолжазбалар, китаплар көзден өткерилип, сайландылары поезд вагонларына қаластыры-лып, тийисли Москва ҳәм Ленинград қалаларына жиберил-ген. Әҳмийетли емес дегенлери отқа жағылып өртелген. Ал енди китап сақлағанлардың жағдайы қыйынласып, қуў-даланўға түскен. Және де сол адам: «Түркстанлықлар бизиң әскерий жақтан күшли екенимизди мойынлады, лекин руўхый үстемшилигимизди мойынлаған жоқ. Ўазыйпа

соны мойынлатыўдан ибарат. Соны мойынламас екен, би үзил-кесил жеңиске еристик деп айта алмаймыз» десе және бир рус илимпазы «бул Қуран китабы олардың (мусылманлардың) қолында болса бизге бағыныўы қыйын» десе, АҚШ тың бурынғы белгили президентлериниң бири «Мусылманлар қолында Қуран бар екен, олардың арасына иритки салыў қыйын» дегенди айтқан.

Әне бизиң рухыйлық дүньямыз ушын қандай пикирле болған.

Сондай-ақ, Петрбургтеги Азия музейи директоры Х.Д.Фрон 1834-жылы Түркстаннан излеп табыў мүмкин болған, Шығыс авторлары қолынан шыққан «Жүз шығар маның хронологиялық дизимин»дүзип шыққан ҳәм оны тинтинип жүрип, мүмкиншиликлерин иске салып алы кеткен.

Кеңес ҳүкиметиниң жигирмаланшы жылларында би ярым айлық муғаллимлер таярлайтуғын арнаўлы курс бо лып, оны питиргенлер «Төте оқыў» усылында билим алған биразы усы усылда бала оқытқан. Онда 8 жастан 40 жасқ дейингилер оқытылып, ол жумыслар: «Жоқ болсын саўат сызлық», «Мәдений атланыс» сүренлери астында жүрги зилген. Райондағы ағартыўшылыққа ҳәм басқа да жумыс ларда Өтенияз Ахметов, Сейтжан Алланазаров, Есберге Қошқаров, Сейдан Алиев, Қунназар Арзиев, Үкиба Әлжанов, Бердибай Айназаров, Аманбай Рамбергенов Нийетбай Әўезов, Турдымурат Әйекеев, Қошқарбай Ешанов Хожамет Ахметов (шайыр), Қанияз Әбдизайтов, Өтеўл Әлжанов, Нәдир Бекмуратов, Мухит Артықов усағанла қырқыншы жылларға дейин белсендилик пенен көзи көринди.

Ветеран Айназар Реймовтың еске түсириўи бойынша «Сары торағыл» деген жерге 1928-жылы Қыялов деген адам муғаллим болып келген. Биреўдиң үйинде шыпта төсек үстинде «орыс оқытыўды» азғана күн оқытқан ҳәм оны район орайына шақыртқаннан кейин оқыўға жыйналған баллар тарқасып кеткен.

1928-жылы латын имласындағы қарақалпақ алфавити тастыйықланып, латынша оқыў тийкарынан 1929-жылы

талаба басланды. Латыншаға өтиў менен бурынғы араб хәрибинде саўатлы барлар саўатсызлар қатарына саналды.

Сол дәўирдеги ўақыялар жөнинде М.Нәўбетуллаев «Ойын хәм мектеп» деген қол жазбасында былай дейди: «1929 жылы аўылға муғаллим келгенин еситтик. Ол жылы аўылда «школ жайы» жоқ. Келген муғаллим Пәтилла Ваққастың бир жайында бала оқытады. Басына кийгени қара төгирме, аты Қудайберген Сапаров. «Муғаллим» деген хәм (Сапар «ов») «ов»деген таза сөзлерден мен шатасқан турдым. Ортаңғы қаўымда Емберген ақунның мешитинде мектеп етти. Сол мектепте төрт қаўымнан балалар келип оқыды. (төрт қаўым дегени 6-аўыл Қарасыйрақтағы: басындағы, ортадағы, аяқтағы хәм жаға бойы Бозкөл бойы аўыллары айтылады). Ол жылы муғаллим болып, қазақ жигити Қутлымурат Нурыллаев келди. (Бул мүсинши, академик Жолдасбек Қуттымуратовтың әкеси). Бул күнлери бир қанша көкирегим басылып, «апа, муғаллимге апар», деп күнде үйде қыңырлық қыламан. Бир күни апам ертип апарды. Муғаллим хатлап алып, қәдимги қәлемди еки басын бир жағының ушын шығарып, бир дәптер менен қоса берди. Вос ҳорип берди. Оны тез ядлап алдық. Буны «Төте оқыў» деп, оны алты ай оқыдық. Алты айдан кейин «Латын» деген шеп қол жақтан,оң қол жаққа жазылып оқылатуғын оқыў шықты. Хәриби бөтен болғаны менен бурын хәрибин оки-үш күнде-ақ үйренип, ядлап алдық. Сол жылы Уәақ Турымбетов екеўмиз латыншаны жазып хәм оқыйтуғын болдық.»

1929 жылы жаңадан шөлкемлескен Кегейли районы Халық билимлендириў шақабы баслығы болып Нурназар Мәўленов тайынланып, ол бул исти районлық партия комитетиниң үгит хәм нәсият бөлими баслығы лаўазымы менен қоса атқарды. Жаңа районда дәслепки еки мектепти ашыў жөниндеги қарар болғаны менен жоқарыда айтқанымыздай бирәўи «Ағартыў» деген жерде басланады да, тарқалып кетеди. Ал №1 мектеп (М. Горький атындағы) оқыўшысын табыслы баслайды. Район орайында қолайлы орын болмағанлықтан бул мектеп дәслеп шоқ аўыл болған 6-аўылдағы Емберген ахунның мешитинде де азғана күн

оқыйды. Оқыўға 16 бала тартылған. Бул 1928-оқыў жы
еди. Оқыў Мамыт ахун мешитинде даўам етеди.

Изин ала халықтың шоқ жайласқан елатларынан 19
1929-оқыў жылында 6-аўыл Қарасыйрақ елатында оқ
болады, 4-аўыл Қылқалы елатындағы мектепте Тө
Сейтов муғаллимшилик етеди. 1931-жылы бул жерде соң
ала белгили драматург болып жетискен Төреш Алланазар
муғаллимшилик еткен ҳәм усы жерден жоқары оқ
орнына оқыўға кетеди. 1929—30-оқыў жылында 5-аўыл
Махмуд ахун мешитинде мектеп ашылады ҳәм ол соң
ала ҳәзирги №3 мектепке тийкар болып; бул жерде 19
жылы соң мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер, илимп
шайыр болып жетилискен Наўрыз Жапақов муғалл
болған. Дәслепки устаз ағартыўшылардан Сейтмурат Пана
та усы мектепте оқыған.

Район орайындағы №1 мектеп, Халқабад қаласы ор
йындағы №2 мектеп, Абат аўылындағы №3 мектеп, «Жа
пақ жап» елатындағы №4 мектеплер ана мектеплерд
саналады. Олардан ҳәзирги өз дөгерегиндеги мектепл
бөлинип, отаў көтерип шықты.

Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәдeният хызмет
ри, зәбердес педагог Қалбай Халмуратов (лақабы Қалб
очки) №1 мектеп бойынша ҳүжжетли «Ана мектебим» атл
китап жазып шықты. Онда көрсетилиўинше район орайы
дағы дәслепки №1 баслаўыш мектепте биринши рет (1928
30-жыллары) Қасым Қарахожаев, Асан Абатов, Қартб
Қарамолдаев, Төлемис Жәлимбетов, Қошан Айтжанов ҳ
басқа да бираз муғаллимлер ислеген.

1936—37-оқыў жылында №1 баслаўыш мектеп толы
емес орта мектепке арналып салынған жаңа имарат
көшип өтеди ҳәм мектепке жазыўшы М. Горький ат
бериледи. Бул мектеп жайы 1967-жылға дейин болды.

Екинши жер жүзилик урыс алдындағы ҳәм уры
ўақтындағы ҳәр қыйлы жағдайларға бола тек 1947—4
оқыў жылында оқыўшыларға ержеткенлик гуўалығы бер
леди. Ол да барлығы болып 7 адамнан ибарат еди.

1967-жылы үш қабатлы имаратқа көшип өтти.



1970 жылларға дейин район орайы дөгерегиндеги Районның оқыўшылар аўылларындағы жети жыллық мектеплерди питкерип келип, 8-9-10 ҳәм 11-классларды №1 мектепти питкерди.

1969 жылы районда 250 ден аслам муғаллим кадрлар болды.

1946 жылдың өзинде (№3) Киров атындағы толық емес орта мектебинде орта мағлыўматлы муғаллимлердиң саны 10 ға жеткен.

1928—30 жыллар аралығында районда 7 адам орта арнаўлы оқыў орнына, 13 адам аўыл хожалығы мектебинде, 9 адам қысқа мүддетли курсларға жиберилип, 1329 адам адамның саўат ашады.

Саўатландырыў бойынша ғалаба атланыс болып, қосықлар шығарылып олар халық қосығына айланған.

Мысалы:

Аўыл ҳәм қаланың жолын салдырған,
Шайхананың керек затын алдырған,
Латын шығып арабшаны қалдырған,
Латынға бар күшти салды ағартыў.

[illegible] өресеклер оқыўы бойынша:

Бәримиз үлкен адамбыз,
Хат билмеген ладанбыз,
Ликбездан пайдаланамыз,
Тез барайық, жүр оқыўға.

1944 жылы Кегейли районы орайында педогогикалық училище ашылып, оның директоры Боранкулова деген болған. Училище бир жылдан кейин басқа жаққа көширилген.

## КЕГЕЙЛИ ЕКИНШИ ЖЕР ЖҮЗИЛИК УРЫС ЖЫЛЛАРЫНДА

1941 жылдың 22-июньиндеги жаздың ең қысқа түниниң таңы суўық хабар менен атты. Себеби фашистлик Германия менен Кеңес ҳүкиметиниң бир-бирине урыс ашпаў [illegible] келисими өз жайында қалып, фашистлик

урыс басланды. Улыўма XX әсирдиң басынан берли ҳәр қыйлы ғаўға болып, олардың бираз жәбирин бизиң халқымыз да көрди. Биринши жер жүзилик урыс, 1917-жылғы аўдарыспақтан кейинги гражданлар урысы, урыс деп жәрияланбаса да урыс тақлетиндеги 1928—37-жыллардағы қуўдалаўшылық ямаса репрессия жыллары, 1938-жылғы Хасанкөл районындағы Япония басқыншылары менен 1939-жылғы Монголия армиясы менен бирликтеги Халхин Голдеги, 1939-40-жыллардағы ақ финлер менен урыслар халықты жүрек шайды етип, бизиң халқымызға да көп жәбирин тийгизди. Сол дәўирди тәрийиплеўши ҳүжжетлерде ҳәм тарийхшылардың және оны көзи менен көрип басынан кеширгенлердиң еслеўи, жазыўы бойынша фронттағы жағдайларға бола, жоқарыдан келген көрсетпелерди иске асырыў ушын неислениўи керек болса, сол исленген.

Елдиң мазасын алған урыстың басланғаны ҳаққында:

Таң алдында самал ести шығыстан,
Қоңыраў қағылды тумлы ҳәм тустан,
Мен ҳәм турдым бул не хабар болды деп,
Титиреди сонда жер менен аспан.

деп М. Нәўбеттуллаев қосық жазған.

Урыс ўақтында таярлаў жобаларын, миннетлемелерин орынлаўды үзилиске түсириў, бул душпанға жәрдемлеси болатуғынлығын ядта тутыў, бул мәселеде өзин-өзи ақлаўшылыққа жол жоқ екенлиги қатаң ескертилген. Жеңис тек фронтта емес, тылда да шешиледи, деп атап көрсетти.

Районнан 4462 адам урысқа кеткен, деп айтылып киятыр. Лекин, оннан аз емес. 1962 адам аман келген, 2500 адам урыстан келмеген. 1942-жылдың июнь айында «көп алыспа» ямаса «көп кеме менен кеткенлер» деген Кегейлиден 1100 жигит бирден алынады. Бул жөнинде сол дәўирдеги қол жазбада:

Киши орамдур Кегейли район,
Он бир жүз буннан кетти фронтқа,

деп жазылса, 6-аўыл Қарасыйрақ елинен бир шақырыўда 100 жигит бирден алынған.



Аўыл менен қала салдаўылдай жигитлерден босап қалады. Көзге бирден көринетуғын кемпир менен ғаррылар, бала-шағалар болды. Басқарыў исинде көп қыйыншылықлар ушырасты. Кадр мәселеси тез-тез қаралып, тәжирийбеси аз қатын-қызларға, урыстан қайтқан майыпларға жуўапкершилик жүкленди.

Күш көлик азайған, машина менен тракторлар да, атлар да фронтқа жиберилди. Усындай бир ўақытта қорғаныў қорына жәрдем бериў менен бирге егислик жерлерди көбейтиў мәселеси де турды. Мине, усындай жағдайлардан кейин бизиң районымызда да пахташылық және де раўажланды.

Аўыл хожалығы жумыслары оғада қыйынласты. Минерал төгинлер де келмей қалды. Тракторлар танка болып кетти. 1942-жылы жазда Әмиўдәрьяның суўы тасып егинлерди суў алып ҳәм ерте суўық түсип, дақыллардың көпшилиги набыт болды.

1941-жылы 20-октябрьде Қарақалпақстан 98 мың тонна пахта берип жобаны 119 процентке орынлап, зүрәәтлик 17,3 центнерге жеткен. Барлық табыстан (колхозлар) 90 проценттен асламын пахтадан алған. 1942-жылы жоба орынланбаған.

Пахта мәмлекетте жүдә әҳмийетли шийки зат еди. Оның ушын да урыста фашизм үстинен жеңиске ерисиўде төрт әҳмийетли фактордың бири пахта, деп аталған.

Келинтиң көмлигинен «Кегейли», «Қуўаныш жарма» деген каналлардан кеме менен жүк тасылған.

1942-жылы Кегейли МТС на жанар май жеткерип бериў қыйын жағдайға түсип қалғанда район басшыларының шақырығы менен жанар майларды арбаларда тасып алыў уйғарылып, оған 36 арба-көлик бөлип шығарылып бәҳәрги егис ушын жанар май тасып алынған.

Республикалық «Советская Каракалпакия» газетасының 1942-жыл 22-июль санындағы бир мақалада, Кегейли районы «Өрнек» аўыл хожалығы артели жөнинде, «Колхозшылар кетпен менен жер аўдарыўдан басқа, жергиликли тегин салынған қапшықларды арқалап келип, атызларға төккен. Колхозшылар күни-түни жумыс ислейди. Колхозда балалар яслиси ашылған. Жәмийетлик аўқатланыў шөлкем-

лестирилген. Күндиз ғаўаша тәрбиялайды. Түнги саат он бирден үшке шекем бийдай орып түйеклейди», деп жазған екен. Бул жер ҳәзирги М.Жуманазаров атындағы хожалықтың бир бөлими 6-аўыл Қарасыйрақ елаты. Шынында жағдай сондай болған.

Сол жыллары усы аўылда бир ҳаял жумыстан шаршап, жанына тийип күйгенинен, «буйтип адам болғанша пышық пенен күшик болған жақсы екен, қашан көрсең жыллы жерде жатады» депти. Жумыстан бөтен оның қанша машқаласы, көрген азап-ақырети, не дәрти бар екенин ким билсин. Неде болса күйгенинен солай деген ди. Сол ўақытлары аўыллық Кеңеске бүгин армияға жиберилетуғын көп сандағы жигитлердиң дизими, ал ертең рабочий батальонға, арғы күни ФЗО ға,оның арғы күни тағы сондай қатнас қағазлар келген. Оның бержағында урысқа көмек ретинде салықлар жыйнаў мәселеси де бар. Ҳәммесин ислеў керек, ҳәммесин булжытпай орынлаў шәрт. Ўақыт соны талап етеди. Ғарры менен кемпирлер колхоздың ортаң қолдай билеги болып жең түринип иследи. Урыста қаза тапқанлар жөнинде «қара қағазлар» келгенде ҳәм оны үй ийесине еситтириў мәселеси де үлкен ўазыйпа болған. Ондай хабарларды жеткериўшилерди гейбиреўлер «жаман аўыз» деп те атап жүрген.

Төзимли халқымыз жеңис ушын, елдиң тынышлығы, аманлығы ушын қандай талап, қандай ўазыйпа болса да иске асырыўдың барлық илажларын көрген. Талапқа ис пенен жуўап берген. Бул да бир мәртликтиң белгиси еди.

Бирақ, алға жылжыў болғаны менен аўыл хожалығынан алынатуғын зүрәәт төмен болды. Жер тереӊ сүрилмейди, мол төгин де жоқ. Жер кетпен менен аўдарылады. Қурғынлаўлары жерин гүнде менен сүреди. Шигитти ат қосқан сеялка менен екти, ат қосқан ақсай менен ғаўашаның қатар арасын жумсартып, окушка менен қарық жарады. Оған қосылған атты биреў жетелеп, тап пенен жүрди.

Сондай-ақ,урыс ўақтында күни-түни мийнет еткен дәслепки тракторшылардан Султан Хожаназаров өз еске түсириўлеринде былай дейди: «Фронт ушын пахтаны жылдан жылға көп жетистирип берер едик. Шигит егиси

күнлеринде 3—4 күнде бир уйқылайтуғын ўақытларымыз болды. Аўылдағы ҳаял-қызларға трактор айдаўды үйретип бардым. Олар да жер сүриўде жақсы иследи. Улман Мәтниязова аўыл келиншеклерине бас болып СТЗ тракторын айдап көзге түсти».

1944-жылы районлық партия комитетиниң биринши хаткери болып ислеген Мақсет Қобланов бир еске түсириўинде районымыздың ветераны Әбдикерим Атажановқа төмендегидей гүрриң айтып берген:

«...Урыс жыллары кеңседе күни-түни ислеймиз. Бир күни түнги саат 2 де областлық партия комитетиниң шифрли (шәртли белгили) телеграммасы (асығыс хабар) келди. Онда ертеңги азанғы саат 7 ге Әмиўдәрья бойына 7000 белдар қазыўшы апарыў кереклиги тапсырылған ҳәм оны тәнҳа мениң жеке жуўапкершилигиме тапсырған. Изине «обком хаткери П.Сейтов» деген. Түни менен барлық колхозларға атлы адам менен хабар жеткерип, тапсырманы орынладық».

1942-жылы халық хожалығын исшең кадрлар менен беккемлеў мақсетинде Кегейли районлық жер бөлиминиң баслығы Ж.Юсуповты райондағы ең арттағы колхозға баслық етип жиберген. Ал, машина-трактор станцияларын басшы кадрлар менен беккемлеў ушын Киров МТС директорлығына (Шоманай районына) Кегейли районлық партия комитетиниң секретары болып ислеп атырған Нурымбет Қурбанов, Халқабад МТС директорлығына Нөкис қалалық партия комитетиниң секретары болып ислеп атырған Плеханов таярланган.

Урысқа жарамағанлар Россияның ҳәр қыйлы қалаларында босап қалған орынларда жумыс иследи. Оларды «рабочий батальон» деп атады. Тарийхшылардың анықлап жазыўынша Пермь областының Кизель деген районында Қарақалпақстаннан 1000 дай адам, ал сол районның Кизель көмир бассейининиң Ленин атындағы шахтасында басқа миллетлер менен бирге 400 ге шамалас өзбек, қазақ, қарақалпақлар жумыс ислеген. Онда қатаң тәртип болып, таныс адамлардың бир-бирин көрип, сөйлесип, дәртлесип турыўы да бираз мүшкил болған. Мысалы, районымыздың ағартыўшылық саласында 40 жылдай табыслы ислеген,

көп жыл районлық газетаға редакторлық еткен Емберген Еримбетовтың айтыўы бойынша рабочий батальонда оның әкеси Еримбет жердиң үстинде, ал иниси Әлмурат жердиң астында ислеген. Бирақ, бираз ўақыт бир-бирин көре алмаған. Себеби, ол жер ҳаққында түсиниги болмаған соң жағдайын билмейди. Бизиң адамлар байлық излеп таў жынысларын жарып атырғанының мәнисин түсинбей, әдепки ўақытлары қорқып, урыс жақынлап келип қалған шығар, деп те жүрген.

1941-жылдың 26-июньинен баслап халық мәжбүрий он саат жумыс ислеўге де көнликти. Себеби, оны ҳүкимет урыс жағдайына бола нызамластырды, оған бойсынбаў нызамды бузыў еди. Мийнет тәртибин бузыўшыларға қатты шара қолланылды. Бул қарар узақ жыллар күшинде қалды.

Урыстан қашып қалыўға ҳәрекет, урысып атырған душпан тәрепке өтип кетиўшилик жағдайлары да ушырасып турған:

— Немец фашистлери шынында дәслеп жақсы қуралланған еди,— деп еске түсирер еди Әлеў ағам Әсетов, Олардың алып жүрген қуралы-бели бир таўлап қойсаң кишкене кетпен де болады. Кийимлери де тәуир. Мотоцикл, велосипед дегенлерди соларда көрдик. Бирақ, бизге олардың затын алдырмайды. Аўқатларымыз да айтарлықтай емес. Мине, усындай ўақытта бизлерден онша қашық емес жерден, фашистлер өзбек ямаса қазақ тилинде күнде радиодан бақырып сөйлеп: «Тийкарынан, Совет ҳүкимети түбинде жеңиледи, бираз жерлерин алдық. Тойғаныңызша ақ нан жейсиз, Мусылман болсаңыз берман өтиң. Сизлерге жеңиллик бериледи» деп қақсайды. Айырым адамлар арман өтейик, деп мени де үгитледи. Олар мениң бай, улама әўладынан екенимди, армияға дейин қуўдаланғанымызды, өзимниң жетим екенимди билсе керек. Лекин, мен оған келисим бермедим. Екиншиден, немецлерге өтип кеткен Власовтың адамларын бир ҳәпте жер-көктен излеп, зер-зебил болғанбыз. Соның менен бирге аржаққа өтип кетип, саўаш ўақтында биз жаққа пленге түсип атырғанларды көрдим. Үшиншиден, «елге аман-саў келгейсең,» деп көкирегине түскен ақ сақалын сыйпап

Нәўбетулла атамның пәтия берип турғаны ҳәм туўған жердиң ысықлығы көз алдымда турды да қойды. Ол жаққа өтип кеткенлер тәғдириниң не болғанын билмедим. Лекин, өзим жарадар болып, госпиталда емленип, елге аман-саў, жеңис пенен жеттим.

Тап сол дәўирде Қарақалпақстанда, Кегейлиде жасларды ўатанды сүйиўшиликке, оны қорғаўға қаратылған «Нәмәрт жигит неге дәркар», «Ел қорғаў жасларға уллы ўазыйпа» деген қосықлар шығып, адамларды ўатанды сүйиўге, оған садық болыўға руўхландырды.

Ғалаба әскерий миннет ҳаққындағы (1939-жыл) қарардан кейин әскер қатарына алынғанлар биринширлерден болып екинши жер жүзилик урыстың саўашларына дус болды. Солардың бири М.Жуманазаров атындағы хожалықта узақ жыллар энтомолог-агроном болып ислеген Әлий Елибаев болып, оны көпшилик «Әлий партизан» дер еди. Ол Украинада дәслепкилерден болып саўашқа түскен.

«Фашистлердиң «жылдырымдай урыс», деп дағазалаған урыс пәти—деп еске түсирген еди ол,—дәслепки ўақытта жүдә жаман келди. Бомба түсип өртенген жайлар, ысылдаған оқлар, арқаланған адамлар, биреўди-биреў излеп бақырысыўлар, сыңсыған ҳаяллар, жыласқан баллардың даўысы дөгеректи қаплап, қорқынышлы еди. Кимниң қалай баратырғанын билмейсең. Бизлер хызмет етип атырған әскерий бөлимше де бас аяғын жыйнай алмай қалды. Усындай ала-сапырында пленге түскенимизди билмей қалдық. Лагерде түркстанлыларға итибар айрықша болды. Қанша үгитлеседе үгитине кирмедим. Сол жылы 300 дей адам менен лагерден қашып, Украина тоғайларындағы Джержинский атындағы, Чапаев атындағы отрядлар қурамында партизанлық етип, Львов, Житомир, Киев областларын фашистлерден азат етиўге қатнасып, еки рет Кеңес Аўқамы Қаҳарманы болған Ковпаққа қупыя пакет апарып бердим. «Мәртлиги ушын», «Германия үстинен ерискен жеңиси ушын» ҳәм басқа да талай медаллар алғыснамалар алдым. Лекин, урыстан кейин ҳәр тәреплеме тексериўлерге, азаплаўларға дус болдым.» — деп айтып еди Әлий Елибаев.

Әлийдиң туўысқанлары Қәлмен менен (капитан) Қулыш Елибаевлар да «от ишинде пахтаны сақлап» хызмет етип, елге аман саў оралды. Соның ишинде Қулыш Елибаев та көп ерликлер көрсеткен.

«Жалпақ жап» елатынан Омар Алланиязов, Ақтуба пуқаралар жыйыны аймағы, 6-аўылдан ефрейтор Дүйсенбай (шаққан) Қазақбаев, Кегейли поселкасынан Өтебай Бекниязов, Ҳәкимнияз Бабаниязовлар урыстағы мәртлиги ушын «3-дәрежели Даңқ» орденин алса, Жаңабазар пуқаралар жыйыны аймағынан Дүйсенбай Палекеев Даңқ орденининң 2-3 дәрежелерине, Еламан Дилимбетов «Қызыл жулдыз» орденине ылайық болған. Гейбир жаўынгерлердиң урыстағы ерликлери бақаланған орденлери жыллар даўамында өз ийесин таппаған. Мысалы, Ақтуба пуқаралар жыйыны ақсақаллығы аймағынан Исмагүл Тилеўмуратов дегенниң жигит ағасы Жумагул урыста қайтыс болады. Оған «Қызыл жулдыз» ордени берилгени 1990-жыллары мәлим болды. Ал, 1990-жыллары қайтыс болған жаңабазарлы- (аршан-тамғалы) Атамурат Қайпназаровқа «Даңқ» ордени де сол 1990-жыллары қуўысты. «Катюша»да командир болған запастағы аға лейтинант Сапарбай Матжанов, Кегейлиден Берлинге дейин барған Әлеў Әсетов, почтальон Айтбай Тилеўмуратов, монтёр, мийнет қаҳарманы Жақсымурат Айданиязов, шофёр Дәўлетмурат Қутлымуратов, «Даўыт көл»ши, талай «тил» алып келиўде ескек есип хызмет еткен Орынбай Қайпов, стенковой пулеметшы болған Хожахмет Ешимов, әскер Сарсенбай Досымбетов, сержант Ниязбек Қойлыбаев, Базарбай Дәрменбаев, Тәжен Абдуллаев, Өтеш Турымбетов, разведчик (бақлаўшылар) Нурымбет Ешанов, Оралбай Тилегенов ҳәм Идирис Әбдижалиев, Қайып Қунназаров, Хожабай Икматов, Алламберген Ибайдуллаев, Сейдулла Ниетуллаев, Қошқарбай Байдуллаев, Турсынбай Әдилчаев, Бегжан Исметов, Қурбанбай, Сейтбай Нурымбетов, Рейим Сәңкибаев, Мадрейим Тәжимуратов, Бегалай Ешмуратов, Өтен Расбергенов, Қудайназар Қурбаназаров, Айтбай Бекназаров, Карам жыраў Нағимов, Саттарберген Алламбергенов, матрос Узақ Жақсымуратов, Мәденбай Арзыханов, Жолдас Мадияров,

Қалбай ҳәм Жаңабай Мәтеков, Сәрсенбай Бабаниязов, Жумабай Юсупов, (уйғыр), Жумабай Юсупов(қосар), Ермекбай Кирқабаков, Қурбанбай Дәстанов, Султамурат Дәўлетов, Досберген Султанов, Шамурат Өтемуратов, Бекбосын Аллашов, Бекимбет Қайыпназаров, Сапарбай Айтымбетов, Әлий муғаллим, Жаңабай Нурманов, Турдымурат Мәўленов, Ҳәбибулла Ниетуллаев, Жалал Оразалиев, Тилеген Сейфуллаев, Ғәний Искендеров, Жақсылық Әметов, Сейдан Оразымбетов, Қошназар ҳәм басқа да көплеген азаматлар урыстан кейин де ел хызметин инабатлы атқарды.

Көп ғана жерлеслеримиз саўаш майданында қаза таўып, ерликлери сол дәўирлерде-ақ, дәстан болып жырланды. Солардың бири Югославия жеринде партизан болып, 1944-жылы қайтыс болған Ақтуба бойы азаматы Жамал Шаниязов. Оның ерликлери жөнинде сол дәўирде партизанлар ҳәрекети басшысы болған генерал, соңғылығында Югославия мәмлекетин узақ жыллар басқарған Иосиф Броз Титодан Қарақалпақстанға миннетдарлық хаты келди. Ал, буннан алдын Жамалдың туўысқан ағасы Қудайбергенниң душпанның еки дзоты менен еки солдатын жоқ еткени ҳаққында хабар баспа сөзде жәрияланған. (Қудайберген урыстан аман-саў келип Нөкисте шофёр болып ислеген). Шаниязов жөнинде урыс жыллары Аббаз шайыр «Шаниязовтың ерлиги» деген қосық жазды.

Елге танылып, көзге көринген бираз жигитлер урысқа атланып, сол жақта қайтыс болды. Солардың бири Халмурат Ембергенов болып, ол Куйбышев ҳәм Хожели районлық партия комитети биринши секретары, Республикалық бас газета, ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан» газета редакторы ҳәм басқа да ўазыйпаларды атқарған болса, Қунназар Арзиев Кегейли районлық Жер бөлими баслығы, районлық халық билимлендириў бөлими баслығы болып ислеген еди. Усындай көзге көринип киятырған азаматлардан Қанияз Әбдизайтов, Сарыбай Жиемуратов, Жаңабай Сайыпов, Узақ Турымбетов, Камал Әметов, район жаслары жетекшиси болған Айтбай Жумамуратов, район прокуроры Нәдир Бекмуратов, жас спортшы устаз Жийенбай Кирқабақов және басқа да усындай талай жигитлер набыт болды.

Талайы изсиз жоғалып кетти. Олардың биразынан бүгинги күнге дейин хабар жоқ. Ал гейбир хожалықлар «қулап» қалды. Муғаллим Абат Юсуповтың үш ағасы да урыстан келмеди. Мысалы, 6-аўыл Қарасыйрақ елинен Әбдиғаппар деген ғаррының еки баласы—Әзиз, Әбдирейимлер урысқа кетип, соннан дәрексиз. Енди бул хожалықтың даўам етиўшилери елде жоқ.

Жас қызларды ФЗО ға оқыў ҳәм жумысқа алған. Бул да адамларда ҳаўлығыўлар пайда етти. Айырым ата-аналар қызларын жибермеў мақсетинде жасы үлкен адамларға турмысқа шығарған. Ал ФЗО ға барғанлардың биразы халық қатары жумыс ислеп, ел-журт көрип, фашистлерди жеңиўге өзлериниң үлеслерин қосты.

1944-жылы Кегейли районы пахта бойынша жобасын да, миннетлемесин де орынлайды. Пахтаның жобасы жыл сайын көбейеди. 1945-жылы Өзбекстан бир миллион тонна пахта берсе, соның жетпис мың тоннасын Қарақалпақстан бериўи керек болған. Бул дәўирде күнине ҳәр бир адамға (теримшиге) орташа отыз бес кило териў белгиленип, тергишлер оны жетпис бес, жүз килоға дейин жеткерген.

Фронттағы мәртликлерден хабар келип турады. Урысқа дейин Халқабадта жаслар жетекшиси болып ислеген Аллабай Жиемуратов урыста қараўындағы 33 жаўынгер менен өзлериниң шегиндеги душпан топылысын иркип, изиндеги киятырған әскерлердиң жетиўине мүмкиншилик жаратқан мәртлиги ушын оның взводындағы 10 жаўынгер орден, медалларға ийе болғаны, Кегейли районы Ахунбабаев атындағы колхоздан әскерге кеткен Төренияхзов Жолдас-байдың саўашта өз жолдаслары менен бирге 70 фашистти қырғаны ҳаққындағыдай хабарлар фронттан келсе, хәр бир колхоз 40—50 мың сум дөгерегинде жәрдем бергени сықлы хабарлар Қарақалпақстан баспа сөзинде жазылып турған.

Буйрықпазлық жүдә күшейди. Ол адамларды искен-жедей қысты. Ҳәр бир ислеўшиниң жумыс көлеми дерлик еки есеге жеткен. Колхозшылар күнлик мийнет ҳақысын ала-алмайтуғын дәрежеге жетти. Қалаларда карточка системасы (өлшеп бериў) болды. Жумысшылар менен хызметкерлерге 300 грамнан 500 грамға дейин нан берилип

аўқат писирилип, олар да мөлшерленип берилген. Сол жағдайларды тәрийиплеп, «Совет ҳүкиметиниң кемиси барма, үш мезгил береди балықлы жарма» деп қосық шығарған Рәмберген (Рам) шайыр гүналы да болып қалған.

Азық-аўқаттың жетпесинлигинен пул қәдирсизленди. Алып-сатар, затқа-зат алмасыўлар көбейди. Фронттағылар ушын барлық тийисли нәрселер менен бирге азық-аўқат ушын тасбақалар да жыйнап жиберилген. Шембиликлер, екшембиликлер өткерилип, олардан жыйналған пуллар да қорғаныў фондына өткерилди.

Фашистлер басып алған жерлерин ўайран етип қоймай жай пуқара адамларды қул етип, малларды да айдап алып кеткен. Урыста бес жыл жүрген Әлеў Әсетов фронтта жүрип бир тоғайдың ишинде қәндек-ойда атылып, өлип жатырған мыңлаған жылқыларды кергенин айтады. Мине, сол маллардың орнын толтырыў ушын районнан көплеп қара маллар жиберилген.

1944-жылы Өзбекстан халқы атынан Москваға Орайлық Комитетине ант қабыл етип, онда табыс темир тәртипке (күш жумсаўға) байланыслы, деп көрсетилген екен. Әне, соннан кейин рабочий менен дийқанлардың басында турған гейпара адамлар буны көзгир етип «зеребесин үйирип» солар тийкарында айырым адамлар өмиринше есинен шықпас қыйыншылықларды басынан кешириўине туўра келген. Ал солардың арасында урысқа кеткен баласынан бираздан берли хабарсыз «Бүкир кемпир» деген кемпирдиң атызда, жумыс ислеп атырып:

«Ленинград топырағы майда болады,
Балам өлсе өлиги қайда қалады»

деп жоқлаў айтыўлары ҳаяллардың дәртлерин және қозғап, жүреклерин елжиретип, етеклерин көз жасларына толтырған. Сөйтип жүрип олар күни-түни жумыс ислеген.

«Урыста турыс барма» дегендей, жеңис ушын гүреске үлес қосқан көп болды. Тек бул емес, урыстан кейин де сол урыс болған орынларды қайта тиклеў ушын бурын көрилмеген дәрежеде жумыс жүргизилген. 1942-жылы урысқа алынғанлардың биразы 1947-жылға дейин сол жақта хызметте болды.

Солай етип, Екинши жер жүзилик урыс ҳәм сол жылғы сентябрь айында Японияға тийисли Квантун армиясын қыйратыў менен тамамланды.

## Урыстан соңғы жыллар ҳәм кадрлар ҳаққында

Жәмийеттеги өзгерислер менен турмыстағы жағдайлардың кадрларға тәсири күшли болды. Жигирмаланшы әсирдиң биринши ярымында ол айқын көринди. Аныгы сол жыллары адамлар ҳәр қыйлы сиясий ағымларға түсип, биреўлери елди душпаннан қорғаўға, Кеңес ҳүкиметин орнатпаўға, ал жаңа ҳүкимет болса оларға қарсы ҳәрекетлер иследи. Екинши жер жүзилик урыс алдында ел жаңа толысып, кадрлардың буўыны бекинисип атырғанда урыс оты олардың көпшилигин шырпып кетти. Нәтийжеде азаматлардың биразы ҳәр қыйлы жағдайларда жоқ етилди. Гейпара кадрлар қанша жағынып ислеймен дегени менен оларға гүманлы көз-қарас бола берди. Соның ушын жаңа заман идеясы менен суўғарылған жаслар тәрбияланды, олар қоллап-қуўатланды, марапатланды. Буны ўақтында заман да, дәўир де талап еткен.

Әмелдиң жуўапкершилиги жүдә күшли. Ал гейбиреўлер әмелдиң марапатына берилип кетип, инсанылық жуўапкершиликти умыта баслайды. Көпшиликтиң нәзеринде жүрген үлкен адам жуўапкершилигин сәл умытса, сол тийкарда мәсликке берилип кетсе иси түбинде әшкара болады. Нәтийжеде абырайы төгиледи. Енди оған бурынғыдай иззет-ҳүрмет, марапат болмайды. «Қәнәәт қарын тойдырар» дегенлер әпиўайы халық пенен бирдейине бирге болады.

Кеңес ҳүкиметиниң сол бир жылларындағы кадрлардың қырғын етилиўи руўхый саладағы жағдайымызға жаман тәсир етти. Миллийликке шеклеўлер күшейди. Оның терең мәнисине жетерли итибарды аўдара бермейтуғынларда көбейди. Солай етип, Кеңес ҳүкимети мәмлекетти беккемлеўде жумысларын бир жөнкилли еттик-аў, деген 1937—40-жыллар аралығы бир қанша тыныш өткендей болған. Елде мәдений ҳәм экономикалық раўажланыў

сезиле баслаған. Бирақ, қуўдалаўға түсип қамалғанлардан хабар алыў, оның ақ, қарасын айыраман, деп умтылыўлар қорқынышлы жағдай болып қала берген.

Барлық дыққат жумысқа қаратылған. 1939—40-жыллары Кегейли районының бираз жерлери суў ишетуғын «Май-жап» каналы қайта қазылып, суўғарыў әдеўир жақсыланды. Жергиликли кадрлар, жумысты уқыплы шөлкемлестириўшилер жетилисти. Халқабад елатының Бағлы қытай аўылынан колхоз басқармасы баслығы Рейим Бердиев 280 гектар жериниң ҳәр гектарынан 20 центнерден зүрәәт алып, бир ярым тонналық «Полутарка» автомашинасы менен сыйлықланыўы елде үлкен жаңалық болады. Қанияз Ҳәбнийбуллаев, Жандулла Юсупов, Сейтек Халмуратов, Бердибай Айназаров, Ибрайым Қәдирбергенов, Дәўлет Қасымов, Бәкир Кәримбердиев, Дәўлет Палымбетов усаған азаматлар шебер шөлкемлестириўши, келешегинен үмит күттирерлик кадрлар болып қәлиплесе баслады. Ал, Мәтеке Жуманазаров болса, 1937-жыллары Кегейли районлық атқарыў комитетиниң баслығы болып ислейди. Тарийхый ҳүжжетлерде көрсетилиўинше, «Кегейли районлық атқарыў комитетиниң баслығы М.Жуманазаров жобаны артығы менен орынлады. Әсиресе районлық финанс жумысларын жақсы қадағалады. Бирақ, халық душпанларын таўып бериўде жақсы үлги көрсетпей атыр» деген екен. Бул оның ҳәр қандай сиясатты ақыл парасатлылық пенен, инсаныйлық көз-қарас пенен жүргизгенинен дерек береди. Болмаса тәжирийбеси, билими аз, жаңа ғана 35 жасқа толған М.Жуманазаровты урыс басланып кеткен дәўирде Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Совети Президиумының председатели етип қоймас еди. Шынында бул дәўирде ел ишиндеги жағдайға алды-артына қарап, ақыл жуўыртып басшылық етиў менен фронтқа жәрдем бериў усаған мәселелер жүдә әҳмийетли екени белгили. Буны ол инабатлы атқарған. Сонлықтан да Шараф Рашидов оны Қарақалпақ Атаханы деп жүдә ҳүрметлеген.

Қарақалпақстанның биресе Хорезм Республикасына, биресе Қазақстанға, РСФСР ға қараўлары да кадрлар сиясатының турақлы раўажланыўына айтарлықтай кери

тәсирин тийгизген еди. Жергиликли кадрларды тәрбиялаў ҳәм хызметке қойыў мәселесин Аллаяр Досназаров 1924-жылы-ақ, Орай алдына қойған, лекин ол нәтийжесиз қалған.

Район дүзилген 1928-жылы районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Жуманияз Маткаримов ислесе, районлық комсомол комитетиниң биринши секретары болып Нәдирбай Қосжанов, районлық судья болып Ильяс Бекбергенов ислеген.

1932—33-жылларды Кегейлиниң Қылқалы аўылында туўылып өскен Емберген Дәлиев Кегейли райкомның биринши секретары болды. Бул киси 1929-жылы Пүткил Аўқамлық Кеңеслериниң V съездинде Көптилеў Нурмухаммедов, Қасым Әўезовлар менен бирге делегат болып қатнасқан. Емберген Дәлиев те көп ислей алмады. Оның үстинен, иниси судланған, өзи уламаларды астыртын қашырған, деп басқа да себеплер таўып, солар тийкарында арзаларға бола жумыстан шетлетилди.

1934—35-жыллары Абдулла Ирманов Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып иследи.

1935—38-жыллары Кегейли райкомының биринши секретары болып Түркменбай Таўманов, районлық атқарыў комитети баслығы Сүйентай Елтезеров иследи. Ал 1939—40-жыллары Қанназаров, 1941—42-жыллары Нурымбет Қурбанов, 1943-жылы Қодар Халмуратов, 1944—46-жыллары Мақсет Қобланов райкомның 1-секретары болып ислеген.

1942-жылы июнь айында күшли суў тасқыны болады. Ол гөне Нөкиске ҳәм ол жерде орайы жайласқан Куйбышев районына көп зыян келтиреди. Бунnан кейин Куйбышев районы орайы ҳәзирги Халқабад қаласына көшириледи. Сол дәўирде Халқабадтың арқа шығысындағы бурын Шымбайдың 7-8-9-10-аўыллары деп аталыўшы елатлар Шымбай районы сорамында болған. Ол елатлар ҳәзирги Жалпақ жап ҳәм Қумшүнгил пуқаралар жыйыны ақсақаллығы аймағының күн шығар арқа тәреплери. Бул аўылларды жаңадан көшип келип атырған ҳәм оған жери район орайына жақын болғаны ушын оларды Қуйбышев районына қосқан.

Адамлардың әрман еткен Жеңис күнинен кейин саўашлардан аман қалғанлар келе баслады. «Қара қағаз» алғанлар менен дәрексиз жоқ болып кетти, дегенлердиң ата-аналары, туўған-туўысқанлары, бала-шағалар жолларға көзин тикти. Дәрексизлериниң дәрти өз алдына болды. Олардың жақынлары бир жерге биреў келипти, десе барып сөйлесип келип, тың-тыңлады.

Қураллы күшлер қурамындағы үлкен жастағы әскерлер, муғаллимлер де дәслепкилерден болып қайтарылды. Ал соңғы барған жас әскерлер урыс болған орынлардағы қайта тиклеў жумысларына қатнасты.

1946-жылы затларды корточка менен бериў (мөлшерлеп бериў) бийкарланды.

1947-жылы 14-декабрьде ақша реформасы өткерилди.

1946—50-жылға бес жыллық жоба белгиленип, сол тийкарда 1948-жылғы дәрежеге ямаса үш жылда ерисиў ўазыйпасы қойылды.

1947-жылы Чаржаў—Қоңырат темир жолын салыў басланды. Ол «Темир жол жылы» деп тарийхта қалды. Сол жолдың халқабадшылар топырақ үйген шеги, солардың ҳүрметине «Халқабад» станциясы деп аталды. Бул 1952-жылы пайдаланыўға берилген жол қурылысына кегейлишилер айтарлықтай үлес қосты.

Урыстың тамам болыўы менен ҳәр қыйлы жағдайларға бола аўылынан кетип қалғанлардың биразы өз елине қайта оралды.

Пахтаға дыққат күшейди. Жерлер көплеп өзлестирилди. Колхозшыларға жеңилликлер берилип, пахта бойынша ислейтуғын тараўлардың бурынғы қарызлары бийкар етилди. Пахта менен алмаслап егиўге байланыслы жоңышқасы бар колхозлар 1946-жылдан баслап мәмлекетке ғәлле таярлап бериўден азат болған.

Тәртип қатаң болып, урыў, сөгиў нызамсыз болса да жүз берип турған. Ал ўатандарлық урыстан келген айырым адамлардан гүмансырап, тергеў алыўлары болып, пленге түсип қамалып келгенлер қайта тергелди, судланды. Булардың бәри де адамларда қорқыныш пайда етти.

Қазыў ҳәр қашанғыдай үлкен машқала болып, сол жыллары қазыўда механизациялаў жоқ есабы еди. Қысы менен қазыў. Шыбықшы өлшеп береди, биреў белдиң қулағына дейин теўип, қанша тереңликте қазыў керек-лигин көрсетеди. Буны «өкше түсириў» деп атайды. Үлкен каналларды қазыўда ултанда турып ылай, топырақ атып турған адамның ылақтырғанын (keминде 2,5—3 метрге) екинши адам ыраштың ишки қапталында (ямаса қабатын-да) турып жоқары ырашқа шығарады, үшинши адам ыраштан арман төменге ысырады. Ал жер тоңғаннан кейинги қазыў оннан да машақат. Ол ўақытта тоңлаған ылай тоңды ең кеминде астақтадай етип лом менен қулатады. Соң оны қазыўда әззилеў деген ер адамлар менен келиншеклердиң арқасына салады да, ырашқа өрмелетеди ҳәм оны шығарып таслайды. Тоңды қулатыў ушын асты үңгиледи. Усындай үңгилеўде ол қулап, тоң астында бираз адам қалып өлген, өлмегени майып болып қалған. Үлкен қазыўларда кеминде 5—6 адам усындайдан өлгенин, ғарры мураплар, қазыўға қатнасқанлар айтып отырар еди. Райондағы каналлар менен жаплар солай қазылған.

1947-жылы Кегейли районы 4000 гектар жерге шигит егип, оннан 2874 тонна пахта өндиреди. Бул дәўирде район бойынша 33 колхоз, 125 бригада, 833 звено болған.

Усылар менен бирге сол жылы 210 қуты наўқан қурты бағылып, оннан 6720 килограмм орнына 9484 килограмм пилле жетистирип, жобаны 140 процентке орынлаған.

1949-жылдан пахтаның мәмлекетлик таярлаў баҳасы еки есеге көбейттириледи. Бурын бир тонна пахта ушын 1047 манат берилсе, енди жобаны орынлаған жағдайда 2200 манат алатуғын болған.

Қала мәкемелери менен қалалық студент оқыўшыларды гүзли-бәҳәр атыз жумысларына жегиў дәстүрге айланды.

Қоңсы район, областлар менен өз-ара жарыс, барыс-келис жолға қойылды.

1950-жылы 7-июльде Кеңес ҳүкимети «Майда колхоз-ларды ирилендириў ҳаққында» қарар қабыл етти. Усыннан кейин адым жерде бир колхоз болмай, районда ириленген 16 колхоз қалған.



Кеғейли районының мийнет ветеранлары: Қайып Қунназаров, Сейилбек Алдабергенов, Идирис Әбдижалиев, Жуманияз Мәткаримов, Ешмурат Султанов, Оразбай Бекниязов, Әбдиразақ Сейтжанов.



1968-жылғы «Пахта байрамы». Пиржан Халмуратов, Юлдаш Мәдәминов, Халық артисткасы Айымхан Шамуратова, атақлы пахтакеш Бәкир Кәримбердиев.



Мийнет қаҳарманы,
белгили пахтакеш
Т. Султанова.



Қарақалпақстанға
мийнети сиңген пахтакеш
Ж. Юсупов.



Өзбекстанға мийнети
сиңген пахтакеш
Т. Әбдисаламов.



Екинши жер жүзилик урыс
ҳәм урыстан кейинги
жылларда хызмет еткен
мийнет ветераны
Ш. Дәўлетмурат қызы.



1968-жылғы «Пахта байрамы» тойында Сапалақ палўан Шамуратов белгили палўан П. Болжановқа сыйлы саўға тапсырып атырған ўақты.



Екинши жер жүзилик урыста қаза тапқанлар хүрметине Кегейли районы орайындағы «Еслеў хәм қәдирлеў» бағында орнатылған естелик.



Урыс хәм мийнет ветеранлары менен район белсендилериКегейли районы орайындағы «Еслеў хәм кәдирлеў» бағындағы естелик алдында.



Екинши жер жүзилик урыс ветеранлары (оңнан) мийнет қаҳарманы Ж. Айданиязов, ветеран Ү. Әлжанов, Қарақалпақстан халық шайыры Б. Қайыпназаров.



Кегейли районлық партия комитетин 1972-1982-жыллары басқарған Н. Қойлыбаев.



Өзбекстанға мийнети сиңген пахтакеш ҳәм агроном, белгили шөлкемлестириўши дийхан Е. Панаев.



Кегейли районлық партия комитетин 1983-1988-жыллары басқарған С. Ержанов.



Белгили әдебиятшы, илим ҳәм мәдeният ғайраткери, профессор Ж. Нарымбетов.



Кегейли районы хәкими
П. Иматов.



«Окқас» жеке меншик кәрханасы баслығы Р. Халмуратова, жеке исбилермен Б. Есназаров, районлық Исбилерменлер Палатасы баслығы П. Әдильчаев, «Қәлендер баба» фермер хожалығы баслығы А. Пирназаров.

1950-жылы Кегейли районы бойынша 5250 гектар жерге шигит егип, оның хәр гектарынан 17,5 центнерден зүрәәт алып, мәмлекетке 9222 тонна пахта сатылды. Усының менен бирге пилле сатыўда 260 қуты наўқан қурты бағылып жоба 117 процентке орынланған. Ал ири қара маллар 4840 басқа, майда маллар 10107 басқа, жылқы 3347 басқа, түйе 35 басқа, қуслар 2800 басқа жеткен.

1946—50-жыллары аралығында халықтың кең тутыныў затлары үш мәртебе арзанлатылып, колхозшылардың пайдасы көбейген.

Мектеп оқыўшыларының саны 4007 балаға жетти, 7 медпункт, туўыў үйи жумыс иследи.

1950-жыллардан баслап каналларды экскоQватор менен қазыў қолға алына баслады. Оның МТСы Шымбайда болды.

1953-жылы 5-мартта СССР басшысы И.В. Сталин өлди. Сиясатта өзгерислер жүз берип, қамақтағы бираз адамлар, сиясий тутқынлар азат етиле баслады. Аўыл хожалығында өзгерислер болып, салықлар жеңиллести.

1954-жыллары «Отыз мыңшылар» деген баслама көтерилип, сол тийкарда арттағы хожалықларға жоқарылаў әмелдегилерден колхоз баслығы, партия шөлкеми хаткерлиги жумысына жиберилди.

1954-жылы Кегейли районында 1271 гектар, (соңынан Кегейли районына қосылған) Қуйбышев районында 1830 гектар жер егисликке тазадан қосылған.

Елиўинши жыллары дәслепки мийнет қаҳарманы Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалығы Илимлери академиясының ҳүрметли академиги, Шымбай районы Ахунбабаев атындағы колхоздың звено баслығы Шамурат ата Мусаевтың басламасы менен ғаррылар ҳәрекети басланып, ғаррылар ҳалына қарап 3 гектардан 10 гектарға дейин пахта ушын жер алып, тәрбиялап үлги көрсетти. Кегейлиде бул басламаға Тәжен Карамов, Дошым Ерлепесов, Пурхан ҳәм Искендер баба усаған жасы үлкенлер қосылды. Солардан Дошым ата үлкен абыройға еристи.

Сол елиўинши жыллардың екинши ярымында квадратлы уялы усылда пахта егиў деген дәбдебели ҳәм машақатлы усыл жоқарыдан басланып, адамларды бираз

машақатқа дусластырды. Буның арғы басында өзин аўыл хожалығын жақсы билетуғын басшы, деп түсинетуғын ел басшысы Н.С. Хрущов турды. Сонлықтан оған қарсы болған әмелден «қулатылды». Халқабад хожалығынан Абыл Өтеўлиев деген баслық бул усылға қарсы болып, бираз қыйыншылықты басынан кеширген.

1957-жылы Кеңес ҳүкиметиниң Өзбекстанда 63 жаңа совхозлар шөлкемлестириў ҳаққында қарары шығып, колхозлардың пайдалы, зыянлы ислеўине қарамастан Қарақалпақстанның арқа районлары ғалаба совхозға айландырылды. Бул Кегейли районында «миллионер» колхозлар атанған, раўажланған 5-аўылды Қанияз Ҳәбийбуллаев, 6-аўылды Жәндулла Юсуповлар басқарған колхозлар ушын онша жақсы болмады. Соның ушын сол жыллары гейбир адамлар «колхоз болдық ход болдық, совхоз болдық сап болдық» дегенди сыбырласып айтысып жүрди. Солай етип, Кегейли районы Жданов атындағы, «Кегейли» пахташылық, Еркиндәрья шарўашылық деген үш совхоз болды.

Шынында бурынғы «Өрнек» (екеўи қосылып кейин) Микоян атындағы колхоз сол жыллары төк Кегейли районы емес, ал республикадағы ең ири ҳәм бай колхозлардан еди. Бул колхоз район бойынша пахта майданының 24% тин, қара маллардың 32% тин, майда маллардың 30% тин тутып, 1954-жылы Микоян атындағы колхоздың пахта бойынша егис майданы 867 гектар болып, оның ҳәр гектарынан 21 центнерден зүррәәт алды.

1957-жылы пенсия бериў иске асырылды. Жүкли ҳәм туўған хаялларға дем алыс, пособия төлеў көбейип, ол 78 күннен 112 күнге созылды. «Қаҳарман ана», «Аналық даңқ», «Аналық медалы» орден-медаллары шөлкемлестирилди ҳәм оған қосымша жеңилликлер берилди.

Бул жыллары районның биринши жетекшилери болып, атап айтқанда 1946—47-жылы Палўанияз Сейткамалов, 1948—52-жыллары Жолымбет Сейтниязов, 1953-жылы Абыллаев, 1953-жылы Абдулла Куламанов алты ай, 1954-жылы Хайров, 1955—56-жылы Ҳинди Махмудовлар ислеген.

1957—60-жыллары районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Дәўлетбай Дәўлетмуратов,

Районлық атқарыў комитетиниң баслығы болып Жийенбай Бекбергенов иследи. Бул дәўирлерде де халық хожалығында көплеген қайта қурыўлар болды. Колхоз хожалықларындағы маллар жыйналып жаңадан шөлкемлескен мал шарўашылық ҳәм қойшылық совхозларына өткерилди. Пахта жобасы көбейип, оны сөзсиз орынлаўға қатаң талап қойылды. Оны «қалай болмасын орынлаў» ҳәрекети ямаса «қосып жазыўға» дус болғанлардан «Кегейли» совхозының өзинен 40 лаған адам судланды.

1958-жылы Әмиўдәрьяның Есберген шығанақ деген жеринен жыққын кетип үлкен суў тасқыны болды.

1957-жыллардан баслап колхоз-совхозларды, районларды ирилендириў иси даўам етти. Сол тийкарда 1959-жылы орайы Халқабад қаласы болған Қуйбышев атындағы район жабылып, ол тийкарынан Кегейли районына қосылған еди. Соған дейин Қуйбышев районында Жалғас Жолдасов, Искендер Пирназаров, Емберген Мамутов, Матен Матназаров, Есемурат Өтәмбетов, Кәллибек Камалов районлық партия комитетиниң биринши секретары болып иследи. Ҳәр қыйлы жылларда Кәллибек Меңлибаев, Жумамурат Әллеков районлық атқарыў комитетиниң председатели, Узақберген Тилеўмуратов, Айназар Қунназаровлар районлық комсомол комитетинде жетекшилик етсе, Өтеген Хожанов, Есберген Қутлымуратов, Бегалай Бекмуратов ҳәм басқалар районлық халық билимлендириў бөлими баслығы болды.

1960-жыллары ешки менен ешекти қуртыў мәселеси кескин қойылды. Сол ўақытта адамлар арасында «Москвадан шыққан закон биринши Кегейлиде орнайды» дегенди жәнө айтып жүрди. Шынында ешки қуртыў тәртибиниң Москвадан шыққанлығының бир белгисин Кеңес ҳүкиметиниң белгили искери А.А.Громыко өзиниң «Памятное» деген еске тусириў мийнети, екинши том 526—527-бетлеринде бул истиң Н.С. Хрущевтан екенин жазған. Адамлар ешки сақлаўдан қорықты. Базарда ылақлар еки сом, ешкилер үш сом болып қалды. Жасы үлкенлер болса, ес билгенли бундайды көрип, еситпедик дести.

Сол жылы 6-аўылда Ибрайым Исметов деген ғарры райком секретарының алдына шығып, «балам быйыл жай салып атыр едим, балларым жас, быйылша ешегимди алмай тур»,— деп өтиниш етип ешегин қалдырғаны еле есимизде. Кемпир апам, қарындасым үшеўимиз отырған бизлер де, апамның аман отырайық, дегени менен саўып ишип отырған ешкимизди сатып, «арқайын» болдық. Келеси жылы жағдай жөнлесип кетти.

1962—63-жылларға келип адамлар турмысында қыйыншылықлар бола баслады. АҚШ тан басып өтемиз, деген шақырық пенен сан көбейип, сапа болмай қалған. 1964-жылдың басында адамлар арпа унын да килолап алып турды. Бул да ашлықтың бир түриндей еди. Оның үстине тек бир сыйыр менен бир-еки майда мал сақлаўға рухсат болып, зыятына салық салыў күшейди.

1961-жыллары тың жерди өзлестириўде комсомол-жаслар бригадасы шөлкемлестирилип, олар ҳәзирги М.Жуманазаров атындағы хожалықтың «Бес қуйы» көлиниң күн шығар, «Қарасыйрақ» жаптың аяғындағы жерлерди өзлестирип, олардың жасаўы ушын шөпкерден «Алты там» салынды. Соннан «Алты там» атанып, кейин ол жер шарўашылық бөлими болды.

Усы жыллары электрлестириў ен жая баслады. Бардамлы хожалықлар телевизор алып, антенналарын жоқарылатты. Бундай жаңалыққа сүйсинген адамлар сол үйдиң бир жайына жыйналып телевизор көрер еди.

1957-жылы космосқа жердиң жасалма жолдасы ушырылса, 1961-жылы 12-апрельде Ю.Гагарин космосқа ушып, дүнья халқы таң қалған жаңалық жүз берди.

1959-жылы Кегейли районы 20937 тонна, 1960-жылы 18480 тонна, 1961-жылы 19210 тонна, 1962-жылы 17451 тонна, 1963-жылы 18796 тонна пахта жетистирген.

1964-жылы район ҳәр гектар жеринен 13,8 центнерден 20725 тонна пахта жыйнап,соның 4611 тоннасы пахта териў машиналарында жыйнап алынды. Бул дәўирде терим машинасы бир жағынан аз болса, екинши жағынан адамлар пахта тергенде шашып кетеди, деп оған исенимсизлик бар еди. Терим машиналарына арнаўлы атызлар

ажыратылды. Солай етип, ҳәр бир терим машинасы мәўсимде 1962-жылы 13,3 тонна, 1963-жылы 11,4 тонна, 1964-жылы 25 тоннадан терген.

Усы жыллары мәккешиликке үлкен кеўил бөлинди.

1964-жылдың гүзинде (сентябрь айында) СССР да сиясий аўдарыспақ жүз берди. Н.С.Хрущевти басшылықтан шығарып, орнына Л.И. Брежневти қойды.

1960 — 61-жыллары басқа ири каналлар сыяқлы Кегейли каналында ирригациялық ҳәм гидротехникалық жумыс исленген.

1962-жыллары районларда еки түрли хәкимшилик болды. Районларда аўыл хожалығы басқармасы дүзилип, оған биринши басшылық жуўапкершилиги жүкленди. Сөйтип «еки ҳүкиметлик» 1964-жылы аўдарыспаққа дейин келди. 1964-жылы райком және «күшине» минди. Екеўлеп басқарғаны менен де зүрәәтлик өрлеп кете бермеди. Қайтама тартыслар зыян бергендей. Мысалы, 1962-жылы район бойынша хәр гектар жерден 10,6 центнерден, 1963-жылы 10,2 центнерден, 1964-жылы 13,8 центнерден пахта жетистирилген.

1963-жылы «Қатты ағар» насос станциясын қурыў бойынша арнаўлы қарар шығарылып, оның қара жумысына арқа районлардан адамлар алынды. Кегейли қурылыс монтажлаў басқармасы бул қурылысты бетонлап қуйып берди. Солай етип, әсте суў жоллары жақсыланып, оның өндириске тәсири күшейди.

## АЛПЫСЫНШЫ ЖЫЛЛАР

Алпысыншы жыллардың биринши ярымына келип басшылық етиўде өзгерислер бола баслады. Бурын басшылар еки жылдан өзгертилип турылса енди олар жүдә айтарлықтай кемшиликлери болмаса өзгертилмеди. Оның тәўир жағы басшы бираз жылларға жобаластырып жумыс ислейди. Ал қолайсыз жағы гейбиреўлери бир-еки жыл ислеп көзге көринген соң кеўили, көкиреги өсип, адамлардан алыслай баслайды. Туўры сөзли, ақ кеўил адамлар жәбирде қалады. Булар жәмийетке, халыққа жаман тәсир

етеди ҳәм адамларда түңилиўшилик пайда етеди. Қалай деген менен де биз айтып атырған сол 60-жыллары ҳүкимет өзин әдеўир тиклей баслады. Аўыл хожалығына техника, төгинлер көплеп келтирилди. Партаўдан жер ашылып, айланысқа қосылды.

Деген менен жердиң экологиялық жағдайында қолайсыз өзгерислер бар.

1961—62-жылы Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Тоқтабай Наўрызбаев иследи.

1962-жылы районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Пиржан Халмуратовтың тайынланыўы менен аўыл хожалығында, басшылықта унамлы өзгерислер жүз берди. Жергиликли жас кадрлар жуўапкерли жумысларға тайынланды, оларға исеним артты. Халық пенен, жер менен ислесиўге итибарлы дыққат қаратылды.

1966-жылы районлық газета жаңадан шөлкемлесип, оның биринши саны 1966-жыл 1-январьда шықты.

Қәнигелердиң районлық газетада жазып билдириўинше: Соңғы жыллары районымызда жерлердиң мелиоратив жағдайы бузылып, изейленип кетиў нәтийжесинде пахтадан алынатуғын зүрәәт кескин төменлеген. Мысалы, буннан 10—12 жыл бурын Кегейли совхозының Энгельс атындағы бөлими (бурынғы «Өрнек»Микоян атындағы колхоз). Энгельс атындағы совхоздың Киров атындағы бөлими (бурынғы Андреев атындағы колхоз) пахтада ҳәр гектар жерден 25—30 центнерден зүрәәт алатуғын республиканың алдыңғы хожалықларынан есапланатуғын еди. Ал, усы еки бөлимде 1958—66-жыллар ишинде ҳәр гектар жеринен 11—13 центнерден ғана зүрәәт жетистиретуғын ҳалда қалды. Бул зүрәәттиң 50% ке дейин төменлигин көрсетеди.

Буның тийкарғы себеплериниң бири жер асты суўлары жоқары көтерилип, атызлардың изейлениўи болса, екиншиден агротехникалық қәделерди жақсылаў, жердиң өнимдарлығын арттырыў орнына егислик жерлердиң көлемин арттырыўға дыққат күшейиўинен болып атыр.

Солай етип изейкеш қазылды. Нәтийжеде орталарынан коллектор өткен атызларда сол жылдың өзинде ақ

зүрәәтлик 5—6 центнерге артты. Бурын 30—45 күнге дейин тапқа келмейтуғын жерлер енди демде тапқа келетуғын болды. Мысалы, «Кегейли» совхозының 8-бөлими 12—15 жылдан берли пахта жобасын орынламай киятырса аўыл ортасынан изейкеш қазылған жылы жобасын орынлаған.

Солай етип, «Кегейли» совхозынан 50 километрлик, Энгельс атындағы совхоздан 16 километрлик, Куйбышев атындағы совхоздан 11 километрлик коллектор қазылып, сол жылдың өзинде-ақ зүрәәтлик 4,5—5 центнерге артқан.

Коллектордағы изей суўларды жыйнаўшы ҳәм Арал теңизине қуйдырыўшы бирден-бир орайлық магистрал 126 километр болып, оны қазыў ислери қолға алынды.

Изейкешлердиң қазылыўы менен бирге «Даўыт көл» суў сақлағышынан узынлығы 17 километрлик «Ақ еден» каналы қазылып «Дилеке көл», «Арпа көл», «Уйғыр көл», «Бир қулақ», «Векан шийел» көллери суўландырылып, 3 мың гектарлық жайлаў етилди. Нәтийжеде мал шарўашылығында өсим болды.

Улыўма район бойынша 214 километрлик коллектр-дренаж қазылды.

Районымыз ушын жүдә әҳмийетли балған секундына 60 куб суў ағатуғын Қатты ағар насос станциясының иске түсиўи менен бирге «Еркиндәрья» ҳәм Бердақ атындағы совхозларда секундына 3,5—7 куб суў шығаратуғын қалқымалы насос станциясы, «ВЛКСМның 45-жыллығы» Ҳәзирги «Шортанбай» совхозында секундына 7 куб суў шығаратуғын Чехословакиядан алып келинген насос станция, сондай-ақ басқа майда 253 насос ислеп турды.

1966-жылы суўдың бурын көрилмеген кемтаршылығы болды. 4-марттан 27-мартқа дейин Әмиўдәрьяда насос илгендей суў болмады. 23-марттан баслап насослар дәрьядан суў тарта баслады. Солай етип, пахта атызлары 8-майда суўғарылып болынды. 1965-жылы пахтадан өсим 1964-жылға қарағанда 2,6 центнерге көтерилди.

1965-жылы тарийхый ўақыяның бири жаз айында холера кеселиниң пайда болыўы болды. Бул кесел жөнинде анық пикирди биринши айтқан шыпакер Балташ Қалбаев болды.

Район 1965-жылы ҳәр гектар жерден 13,42 центнер орнына 15,1 центнерден пахта жетистирди.

Усының менен бирге зүрәәтлик еле Қарақалпақстан Республикасы дәрежесине жетпей атыр еди.

Бул дәўирде районда 49422 гектар суўғарылып егилетуғын жер болды.

Районымызға қараслы «Қарақалпақстанның 40 жыллығы» қойшылық совхозында 1966-жылы 41430 бас қой бар еди.

1966-жылдың 24-сентябринде белгили мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер М.Жуманазаров қайтыс болды. Оның атын мәңгилестириў ушын Қарақалпақстан Республикалық партия комитети, Жоқарғы Совети Президумы менен Министрлер Кеңесиниң қарары тийкарында «Кегейли» совхозын М.Жуманазаров атындағы совхоз деп өзгертти. Басқа да орынларда оның аты мәңгилестирилди.

1966-жылы Кегейли районы 17900 гектарға шигит екти.

Куйбышев-Халқабад асфальт жолы питкерилди, Кегейли—Еркиндәрья тас жолы қурыла баслады.

320 орынлық бир орта, 2 сегиз жыллық мектеп пайдаланыўға берилди (№1 Орта мектеп).

Бул дәўирде районда 69 мектеп болып, оларда 12655 оқыўшы, соның 5902 қыз балалар болып, олардың мектепти толық питкериўине талап күшли еди. Мектеплерде барлығы болып 900 дан аслам муғаллим сабақ береди.

1966-жылы мектептиң 10—11-классларын оқыўшылар бир жылда питкерип, ер жеткенлик аттестатын алды. Сол жылдан баслап 11-класслар тоқтатылды. Солай етип, еки питкериўшилер саны 917 ге жетти.

Жаңа оқыў жылында мектеплерге 12845 оқыўшы тартыў жобасы 12625 болып орынланды. Буның себеби, айырым шаруа балаларын 5-класстан кейин оқыўға тартыўда қыйыншылық болды.

Кешки мектеплерге 294 адам тартылған.

№1 мектеп қасынан интернат, бес мектеп қасынан асхана, 26 мектеп қасынан буфет ашылды.

Район орайында еки қабатлы бақша қурылысы басланды (Ҳәзирги №1 бақша).

1960—61-жыллары районда онлаған врач, 100 дей орта мағлыўматлы қәнигелер ислесе, 1966-жылы врачлар саны 30 дан асып, орта мағлыўматлылар 200 ге жетти.

Районда 8 аўыллық емлеўхана, 15 ден-саўлықты сақлаў пункти, 56 фельдшер-акушерлик бөлим, еки диспансер жумыс иследи.

Район орайында 50 орынлық туўыў үйи бар. Жданов атындағы, «ВЛКСМның 45 жыллығы», Қуйбышев атындағы, «Еркиндәрья» совхозлары орайларынан 1966-жылы емлеўханалар ашылды.

1966-жылы халықтың ден саўлығын сақлаўда пидайылық хызметлери ушын ҳәзирги Абат аўылы орайындағы емлеўхананың бас шыпакери Жумат Әсаматдинов «Ҳүрмет белгиси» орденин алды.

1965-жылы ашылған биолаборатория (бир жағы 1965-жылғы холераға байланыслы) тик аяқтан турып жумыс ислей баслады.

Нөкис пенен байланыстырып турған телефонның төрт тараўы 9 ға, Халқабад—Кегейли тараўы 4 тен 8 ге көбейген.

Спортты раўажландырыўда бир қатар жаслар көзге көринди. Олардан волейбол ойынында Камал Узақбаев, Жапақ Өтепбергенов, жуўырыўда Оңдасын Өтегенов, штанга көтериўде Амангелди Қытайбеков, футболда Камалбай Өмиров ҳәм басқалар жақсы көрсеткишлерге ерисип жүрди.

Бул дәўирлерде той-тамашалар жүдә дәбдебели өткерилди. Адамлар атлы, арбалы, трактор тиркемеси, автомашиналарда тойға келип, биразы қонып жатады. Әсиресе жолға ат жибериўшилер менен гейпара тамашагөй ҳәм ылақ ойын ойнаўшылар да қонақ болып қонады, атқа беретуғын беде, дорбалы жүўерилери жеми де қонақ күткен үй есабынан.

Түнги саат 12 ге шамаласқанда бақсыға шығың, деп мирәт етип келеди. Шалқып,балқып отырған адамлар қызыў пәти менен бақсы айтып атырған тойхана қасында сабан төселген қурды айланып отырады. Ортаға от жағылып, бақсы қосық айтады, бақсы қасында аўыл жасы үлкенлериниң бири болады. Бир тойды атқарыўға бақсы менен келиседи. Бақсының қасына үлкен шаршы

жайылады. Аўыл жигитлери дизелесип келип шаршыға ақша таслайды. Ортаға даўыслары ирилеў еки жигит шығып, отырған орнынан ақша бергенлердиң ақшасын алып, соқтадай етип жайып, «Мине тойхананың пәленкес деген ағайынының пәлен сомы» деп көпиртип, бақырып айтады. Усындайда жийен яки жездейдиң пулы болса оны қызық ушын ермеклеп кемитип айтады.

Ақша тасласпақ бир жеңкилли болған соң бас наманы биринши алыў ушын тойхана ийесиниң жақын адамлары арасында «ким озады» жарысы басланады. Онда ортада дәлдәлши адам болып, оның «қосыңқыра, қосыңқыра» дегени менен пулды көбейиткени бас наманы алады. Жай парахат бир еки қосық айтылады. Буннан кейин нама алыспақ басланады. Қызып алған жигитлер қызлар бетти көрсетип, «Қапыңды сыпырсам қызыл гүл менен» деген наманы алып бер, дейди. Ал дайылы-жийенлер болса «Уйқылап қалдың гөне тамның мүйешинде» ямаса «Неғып отырсаң ҳуррең ушып» деген сыяқлы намалар алысады. Бақсы бундай нама менен қосықтың жоқ екенин билсе де, дуўтарының дәстесин солай қаратып бир нәрселерди шатпақлайды. Соның арасынша бир еки қатар айтыўдан қарсы тәрептиң өтиниши бойынша ортадағы жигит бақсының қолтығынан сүйреп, өз тәрепиниң сөзин сөйлеп кетеди.

Тойларда гүрес, ылақ ойын, 5—9—11 айланыўға ат жибериўлер жүдә қызықлы өтеди. Усы жыллары мурап Толыбай Матековтың «Керше» лақаплы аты жарысларда биринšиликти ийелеп жүрди.

1966-жылы район пахта тапсырыў бойынша мәмлекетлик жобаны 17-октябрьде орынлап шықты. Бар зүрәәтти сепситпей жыйнап алып мәмлекетке 35700 тонна пахта сатты. Хожалық басшыларынан Ернияз Панаев, Жәлил Ҳамидуллаев, Узақберген Тилеўмуратов, Қайратдийн Мәткаримовлар искерлиги менен танылды. 36 жыл бригадирлик етип, бирдейине жобасын артығы менен орынлап киятырған Нарымбет Сейтимов, Бегжан Исметовларға усаған көплеген бригада баслықлары да өз үлеслерин қосты.

1966-жылдың 5—6-декабринде 290 мың тонна пахта жетистирген Қарақалпақстан Республикасының үлкен тарийхый тойы өткерилди.

Сол жылы 10-декабрде Кегейли районының пахта байрамы болды. Тойға район 37506 тонна пахта инам етти. Бул өткен жылғыдан 9970 тоннаға, зүрәәтлик 6 центнерге көп еди. Районда 44 бөлим, 206 бригада жобасын артық орынлады.

Пахта байрамында қошқар дүгистириў, палўанлар гүреси, жорғалар жарысы, атларды бәйгиге қосыў, ылақ ойынлар болды. Ипподромда, ақ отаўлар тигилди, әткеншеклер қурылды. Асханалар менен дүканлар иследи.

Қарақалпақтың тойындағы гүресте бас палўанға шыққан спорт шебери Сатыпалды Мылтықбаев Гөне Үргенишли Көклен Ғайыповты жығып бас байрақ, гилемди алды. Екинши орынға тахтакөпирли Өмирбек Айтымов пенен маңғытлы Әўезмурат Нурымбетов гүресип, Өмирбек жығып бул да гилем алды. Үшинши орын ушын Қошқарбай Убаевқа қарсы ҳеш ким шықпады. Оған да гилем байрағы инам етилди.

Кегейли районының гүрес жарысларында да Сапалақ палўан Шамуратов, Жақабай палўан Сапаров, Дәўлетбай палўан (Томар палўан) лар сын көзи менен қарап, жасларға сүйсинип, шала жеринде басын шайқап отырды. Кеште район орайындағы саўлатлы мәденият сарайында Қарақалпақстан Республикасының белгили артистлериниң атқарыўында үлкен концерт болды.

1967-жылы жоңышқаны 3457 гектарға жеткериў, соның ишинде 2130 гектарды тазадан егиў, оның ҳәр гектарынан 20 центнерден, ал гөне түбир жоңышқадан 70 центнерден беде ҳәм 2 центнерден жоңышқа туқымын алыў жобаластырылған. Нәтийжеси төмен болды.

Дақыллардың басқа да түрлери болғаны менен енди барлық нәрсе пахтадан жетистирилген салмақ пенен өлшенетуғын болды.

Республикалық тараўлық басшылардың «бизиң тараўдың жобасы орынланбай атыр, соған бир жәрдем етип жибер» деген асығыс хабарлары райкомның биринши секретары столының үстиндеги пахта бойынша мағлыўматтың пәти менен шетке желпилдеп шығып қалар еди. 1967-жылдың 30-январында №1 мектеп таза үш қабатлы имаратқа толық көшип өтти.

1965-жылы 8-март ҳаял-қызлардың дем алыс күни деп жәрияланып, қарар шыққанлы ол салтанатлы белгиленбекте.

1967-жылы Нөкис қаласына тәбийий газ келиўине байланыслы салтанат болды.

1967-жылы 21-март Наўрыздың келиўи тым-тырыс белгиленбей өтип кете берди.

1967-жылдың март айының екинши он күнлигинен баслап бес күнлик жумыс ҳәптесине өтиў бойынша қарар шықты.

1967-жылы бәҳәрде суў әдеўир там-тарыс болды. Буған қосымша май айында нөсер жаўынлар жийи-жийи болды. Қатыўашты сапластырыў 1-июньге дейин даўам етти. Июнь айында буршақ аралас жаўын болды. Қайта еғис дерлик 10-июньге дейин даўам етип, ол 9100 гектарға жетти.

Июнь айында муғаллимлерди жыйнап жыйналыс етип, онда ҳәр бир муғаллим жазғы дем-алыс ўақтында 4—6 гектардан ғаўаша тәрбиялап бериў бойынша баслама көтерген болды.

1967-жылы Халқабадта пахта тазалаў заводы салынып иске түсти.

1967-жылы район 17800 гектарға шигит екти. Жоба 100,15 процентке орынланды.

1968-жылдың 11-мартында район аўыл хожалығы алдыңғыларының кеңеси болып, онда 17650 гектар жерге шигит, оның ҳәр гектарынан 25 центнерден 44 мың тонна пахта жетистириў ҳәм басқа да ўазыйпалар белгиленди және миннетленди. Ғаўашадан 1966-жылы гектарына 70—75 мың түп нәл болған болса, 1968-жылы 100—110 мың түп нәл алынған.

Бул дәўирде халық билимлендириў тараўындағы баслы ўазыйпалардың бири 8 жыллық мектеплерди он жыллыққа айландырыў еди. 1960—61-оқыў жылында 9965 оқыўшы болса, 1967—68-оқыў жылында оның саны 13296 ға жетти. 1959—60-оқыў жылында 8 орта мектеп болған болса, 1967—68-оқыў жылында оның саны 17 ге жетти. 1968-жылғы оқыў жылында 20 ға жетти.

Сентябрдиң үшинши он күнлигинде район пахта таярлаў жобасын 38,64 процентке, соның ишинде сентябрдиң үшинши он күнлигинде пахта жобасы 34,54 процент болып,

бул жетискенлик пенен район Өзбекстан көлеминдеги байрақты жеңип алды.

14-октябрьде район жыллық жобаны орынлады.

Район 5100 тонна салы жетистириў жобасын артығы менен орынлады.

1968-жылы Қарақалпақстан Республикасы ушында табыслы жыл болып, 15-16-17-декабрь күнлери пахта байрамы өткерилди.

24-декабрьде районның пахта байрамы өтти. Район 1966-жылы Өзбекстанда процент есабында екинши, 1968-жылы 144,8 процент болып биринши орынға шығып жобадан зыят 12000 тонна пахта тапсырды.

Ҳәр қыйлы той-тамашаларынан кейин Сапалақ палўан бас болып палўанлар еки қатарға дизилип, ортаға шықты. Бас палўанға Сатыпалды Мылтықбаев шығып, ол ташаўызлы Жура Салиевты, екинши палўанға Өмирбек Айтимов шығып, ол ташаўызлы Аташиязовты жеңди.

1969-жылы Кегейли райатком баслығы Ю.Мадаминов жаңадан шөлкемлескен Нөкис районына сол лаўазымға сайланып Кегейли районлық атқарыў комитети баслығы болып, РайОНО баслығы болып ислеп атырған Ниязбек Қойлыбаев 14-январь күни сайланды.

1969-жылдың 23-январь күни «Кегейли» хожалығының ҳәзирги орайынан Өзбекстан ҳүкиметиниң қарары тийкарында «Кегейли» совхозы шөлкемлесип, оның сорамында 12000 гектар жер болып, соннан Абат жаптың аржағында 2000 гектар жери бар.

Совхозға 2800 тонна пахта, 25 тонна салы жетистириў жобасы белгиленди.

Совхозға усы сорамдағы алдыңғы бөлим баслығы Байғелди Байменшиев директор етип бекитилди. Солай етип, 1969-жылы бурынғы «Кегейли» хожалығы тийкарында М.Жуманазаров атындағы ҳәм «Кегейли» совхозлары пайда болды.

1969-жылдан баслап «Көкшийел», «Қуўаныш жарма» жерлерин өзлестириў шынтлап қолға алынып, жерлер айланысқа қосылды.

1968—69-оқыў жылында 14100 оқыўшы мектепке тартылды. Соңғы жети жыл ишинде 9—10-классларда оқыўшы қызлар саны 277 ден 765 кә артты. 1966-жылдан 1969-жылға дейин 6 сегиз жыллық мектеп он жыллыққа айландырылды. №24 (Энгельс атындағы), №13 (Калинин атындағы), №16 Ахунбабаев атындағы, №10, №3 һәм «Октябрь» мектеплериниң таза имаратлары питкерилди.

Абат аўылы (5-аўылға) һәм «Еркиндәрья» ға баратуғын асфальт жоллар питкерилди.

Район 20289 тонна пахта жетистирип, жоба 92,2 процентте қалды.

Спортта да илгерлеў болды. Еркин гүрес бойынша жарыста кегейлишилер республикада екинши орынды ийеледи.

## ЖЕТПИСИНШИ ЖЫЛЛАР КӨРИНИСИ

Пахта жетистириўде алға илгерлеўшиликлер болғаны менен жер қурылысы, экологиялық жағдай бираз жаманласты. Мысалы, жердиң көп өзлестирилиўинен айырым майда көллер, бийикликлер, тоғайлар, киши кене төбе қумлар, жыңғыллы, жигилдикли жерлер егислик жер болды. Һәтте М.Жуманазаров атындағы хожалықтың 6-аўылындағы 4—5 гектар жердеги ақ тереклик жоқ етилип, пахта егилетуғын жерге айланды. «Ақ терек жер» деген ат қалды. Соңғылығында көпир менен тарнаўға һәр жақтан ағап излеўге туўра келди.

Районлық мелиорация бөлиминиң мағлыўматы бойынша коллектор-дренажлардың жаман жағдайға дус болыўы һәм атызларды қысы менен «көк теңиз» айдынлап суўғарыўдан жер асты суўының қәдди 1963-жыл менен салыстырғанда 1969-жылы орташа 1,5 сантиметрге, дузлығы 4,5 грамм литрге көтерилген.

1970-жыл 18-август күни район орайындағы еки қабатлы «Бахыт» универмагы ашылды. Бул өз ўақтында үлкен жаңалық еди.

Районда 18 орта, 12 сеғиз жыллық, 17 баслаўыш мектеплер болып, барлығы 47 мектепте 11543 оқыўшы оқыйды. Биринши классларға 1400 бала тартылған.

Өткен бир жыл ишинде районлық емлеўхана 150 орыннан 175 орынға көбейди. 45 орынлық хирургия бөлими

пайдаланыўға берилди. Медицина хызметкерлери күши менен көз аўырыўларын емлеў диспансери имараты питкерилди. Врачлар саны 51 ге жетти.

11-октябрьде 1970-жылғы жоба орынланды.

Өзбекстан көлеминдеги жарыста Кегейли районы жеңимпаз болып, байрақ Ташкент областы Бука районынан алып берилди.

1970-жылға келип 5800 хожалық электрлестирилди.

14—15-декабрьде Қарақалпақстан Республикасының «зүрәәт тойы» болды.

17-декабрьде М.Жуманазаров атындағы совхоздың №6 бөлим «Тамғалы» аўылындағы далаңлықта районның «пахта байрамы» тойы өткерилди.

Тойларымыз гүрессиз өтпейди. Палўанларға спорт шебери Сатыпалды Мылтықбаев төрешилик етти. Бас палўанға шыққан Өмирбек Айтимов өз қарсыласы нөкисли Қәлли Сариевты жеңди. Пирек Балжанов пенен шебер палўан «Мазандаран жолбарысы» лақабын алған Парахат Хожанов екинши орынға түсти. Ал тақыркөлли Қошқарбай Убаев қоңыратлы Бекбай палўан Уснатдинов пенен гүрести.

9 айлаў, 7 айлаў ат жарыслары болып жеңимпазларға гилем ҳәм басқа саўғалар берилди. Соң ылақ ойыны даўам етти.

1971-жылы 2-мартта аўыл хожалығы алдыңғыларының кеңеси болып, онда шығып сөйлеген бөлим баслық Дәўлет Кирқабақова шымбайлы жарысыўшы досты Рәўшан Султановаға: «Достым сен Шымбайдың Рәўшаны болсаң, мен Кегейлиниң Дәўлетимен», деп, оны еки мағанада айтып, бул қанатлы сөзи менен көпти таң қалдырды.

1971-жылдың 20—21-март күнлери Наўрыз байрамы белгиленбеди. Лекин, бул күн тарийхый сәне болып қалды. Себеби, пүткил Орта Азия менен Қазақстанға даңқы жайылған, атақлы жерлесимиз Сапалақ палўан Шамуратов ҳүрметине Қарақалпақстан Республикалық спорт комитети, «Пахтакор» спорт жәмийети, Кегейли районлық басшылығының интасы менен Республикалық жарыс Кегейлиде биринши рет шөлкемлестирилип, жарыс 20-21-март күнлери район орайындағы спорт майданшасында өткерилди.

Оған Республикамыздың 9 районынан 53 палўан қатнасты. Гүрес еки күн даўам етти. Бул гүрес соңғы жыллардағы үлкен ўақыя болды. Сапалақ палўан даңқы және жаңғырды. Кегейли палўанлар елаты деген сөз және жаңлады. Район орайында Пирек Болжановтың басшылығында гүрес секциясы дүзилип, кейин оннан көп палўанлар тәрбияланып шықты.

13-апрельде ҳәзирги Б.Каримбердиев атындағы хожалықтағы атақлы пахтакеш Турдыгүл Султановаға, ал 8-май күни радио ҳәм телефон бойынша монтёр, урыста да монтёр болған Жақсымурат Айданиязовларға Мийнет Қаҳарманы атағы берилди.

1971-жылы «Қызыл әскер» (ҳәзирги Дәрўазақум) хожалығы шөлкемлести. Оған Сәрсенбай Алламуратов директор болып тайынланды.

1971-жылы район мәмлекетке 25100 тонна орнына 27700 тонна пахта тапсырып, жобаны 110,6 процентке орынлады.

1972-жылда район 28800 тонна пахта, 370 тонна салы жетистириўди жобаластырды. Жыл аўыр келди. Ҳәддeн зыят жаўын-шашын, гүзли-бәҳәрдеги қолайсыз ҳаўа райы көп ислерге кесент етти. Солай етип, 20 мың тоннадан зиятырақ ғана пахта тапсырды. Хожалықлар арасында «Кегейли» совхозы ғана 28-ноябрьге районда бир өзи жобасын орынлады.

1973-жыл январь айында Пиржан Халмуратов Хожели районлық партия комитетиниң биринши секретары болып сайланыўына байланыслы, районлық атқарыў комитетиниң баслығы Ниязбек Қойлыбаев Кегейли райкомы 1-секретары болып сайланды.

Июль айында туберкулезге қарсы гүресиў диспансери имараты, «Даўылпаз» кинотеатры жайы пайдаланыўға берилди.

1973-жылы Усенбай Балтаниязов Мийнет Қаҳарманы атағын алды.

24-октябрьде пахта жоба орынланды. Улыўма пахта жобасы 32000 тонна болды.

1974-жылы районлық бокс секциясы Шарап Өтешовтың басшылығында жасларды шынықтырып, оның тәрбияланыўшыларынан Әбдирасули Байназаров бокстан, Дәўлет-

бай Хожаметов самбо гүресинен Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан көлеминдеги жарысларға қатнасыў ҳуқықын жеңип алды, районның спорттан намысын қорғады.

1974-жылы район хожалықларында 4071 радио, 4731 радио қабыллағыш, 5000 ға жақын телевизор,1042 телефон болды.

21 орта, 13 сегиз жыллық, 14 баслаўыш мектеплерде 13 мыңнан аслам оқыўшы болып, оларға 842 муғаллим тәлим-тәрбия береди. 92 муғаллим быйыл оқыў питкерип келген.

Айырым мағлыўматларға қарағанда 1937-жылы районда 10 баслаўыш, 2 толық емес мектеп, 1945—46-жылда 12 толық емес ҳәм еки орта мектеп болған.

1974-жылға келип районда 48 фельдшер-акушерлик, 14 ден саўлықты сақлаў пунктлери болып, оларда 59 врач, 367 орта арнаўлы медицина хызметкерлери ислейди.

1974-жылы №10 Әмет Шамуратов атындағы мектеп он жыллық мектепке айланды.

20-октябрьде район пахта жобасын орынлады. Улыўма бул жылы 35 мың тоннадан зыят пахта тапсырылды.

Декабрь айының екинши он күнлигинде районлық атқарыў комитетиниң баслығы З.Нурлыбаев Мойнақ районлық партия комитети 1-секретары болып өзгерип, оның орнына Мыңбай Юсупов сайланды.

1975-жыл да табыслы басланды. №1 мектептиң жас боксшылары Абдиқәдир Юсупов, Әбдирасули Байназаров, А.Қыйлыбаев, Исметулла Нийетуллаев, Жолдас Сапаров, Кеңесбай Балтаниязов, Тайыр Сейтимбетовлар 6—9-январьда республикалық жарыста сыйлы орынларды ийелеп келди.

Электрлестириў 1970-жылы тийкарынан питкерилген. 1963-жылы шөлкемлестирилген Кегейли электр тараўлары бөлиминде Асқар Қутжанов, Турдымурат Қутлымуратов, Сейтмурат Халмуратов, Алламберген Қурбанов усаған инженерлер менен Жийенбай Байымбетов усаған монтёрлар жумыс жүргизди.

1975-жылы 6-май күни Халқабадта Екинши жер жүзилик урыста қаза тапқанлар ҳүрметине совхоз директоры Султан Қаниязовтың басламасы менен салынған естеликтиң салтанатлы ашылыўы болды. Усы күнге районда 660 урыс ветераны бар. Естелик қасына бағ егилди.

1975-жылы район орайында 536 орынлық №5 Күнхожа атындағы ҳәм №20 мектеп имаратлары пайдаланыўға берилди.

27-октябрьде район жыл бойлық пахта таярлаў жобасын орынлады.

Районның барлық хожалықлары пахта жобасын орынлап шықты.

1975-жылы 4700 гектар жерге шигит кең қатарлап егилип, 15 мың гектардан аслам пахта жериниң 10 мың гектарына гербицит қолланылған.

1976-жылы да посёлкаласыў қызғын қолға алынды. Районның бас архитекторы Тәжибай Ержанов еди. Ондағы есап бойынша 50 мыңға жақын халқы бар Кегейли районы бойынша 54 орыннан поселка белгиленип, оның 80 процентке жақынының бас жобалары исленген. Районда 1187 хутор[1] болып, онда 3714 хожалық жасайды. Солардан бес хожалыққа шекем 952 хутор, 6 хожалықтан 10 хожалыққа шекем болған 201 хутор ҳәм 11 хожалықтан 15 хожалыққа шекем болған 34 хутор бар.

Мәдений-массалық жумысларда да жүзегөйликлер пайда болды. «Кино, спектакль, концерт болды» деп сол мәкемелер есап бетине совхоз атынан ақшасын өткерип, аўыл адамын «тынышына» қояды. Турмыстағы усындай унамсыз жағдайлар көпшилик жағдайда гүздеги табыс пенен «жуўылып» кетер еди.

1976-жылы район 34 мың тонналық пахта жобасын 21-ноябрьде орынлады.

1976-жылы районда 13330 оқыўшы оқыйтуғын 25 орта, 10 сегиз жыллық, 14 баслаўыш мектеплерде 1000 дай муғаллим ислейди.

66 врач, 400 орта мағлыўматлы хызметкерлери бар.

Районның халық хожалығында (тийкарынан аўыл хожалығында) 200 ден аслам агроном, зоотехник, ветврач, инженер-механиклер хызмет етип атыр.

---

[1] Хутор — аймақ

1977-жылы район 17-октябрьде 34600 тонна пахта таярлады, улыўма жыл ақырына дейин 39117 тонна пахта сатылды. Жобасы 113% болды.

1938-жылы Қарақалпақстандағы он районның бири болып Нөкис қаласы менен Кегейли районы арасында радио байланысы орнатылған болса, бул ис ҳәзир раўажланды. 1977-жылдан баслап 1500 ноқатлы координат үлгисиндеги автомат телефон ислей баслады.

1977-жыл 30-декабрьде Халқабад қаласындағы темир жолға биринши рет тепловоз-поезд келип, үлкен салтанат болды.

1978-жылдың 5-апрелинде районда шигит егиси басланды.

1978-жылдың декабрь ортасынан аўанша пахта терилди ямаса шөпшелди. Күн суўық ғаўаша пақалына қар аралас муз қатқан. Оннан пахта териў қыйын. Соның ушын еки адам 5—6 метрлик арқанды еки ушынан услап, ғаўаша пақалының үстинен жүргизип, муз аралас қарды түсиреди. Оннан кейин адамлар мылбыраған муздай пахтаны терип алады. Усындай жағдайлар да болған.

Адамларды қанша қыйнаған менен болмады, районның пахта жобасы 54,29 процент болып қалды, 11-декабрьде Өзбекстан пахта жобасын орынлаған болды. Район бойынша бес бригад ғана жобасын орынлаўға ерискен.

1979-жылдың 17-январында халықтың есабын алыў үлкен таярлықта, сиясий мапаз ретинде өтти. Районда 47 мыңнан аслам адам бар.

1979-жылы жаңадан «Көкшийел» совхозы шөлкемлестирилип, оған Ережеп Алланиязов директор болды. Совхоз мың гектар жерге шигит егип оның ҳәр гектарынан 30 центнерден 3 мың тонна пахта берди.

Бул жобадағыдан 1000 тоннаға көп. Е.Алланиязовтың искерлигинен жаңадан көшип келип атырғанларға бир жылда шөпкерден 30 жай салынды. Буннан басқа да имаратлар қурылды.

Көкшийел совхозы 26-октябрьде биринши, М. Жуманазаров атындағы совхоз екинши болып пахта жобасын орынлады.

Район 5-ноябрьде 36 мың тонна пахта жетистирип жобаны бәржай етти.

1-декабрьге «Көкшийел» совхозынан Сейдулла Ниетуллаев, М.Жуманазаров атындағы совхозынан Пиримжар Қәлендеров, Ҳәмид Әбдираманов, Куйбышев атындағы совхоздан Мәтали Емжаров, Халқабад совхозынан Роман Әўезов, Бегимбай Айымбетовлар басқарған бөлимлер жүдә алда болды.

## СЕКСЕНИНШИ ЖЫЛЛАРҒА ШОЛЫЎ

1980-жылы район бойынша ҳәр гектар жерден орташа 26,6 центнерден 40651 тонна пахта жыйналған.

1981-жыл 20-октябрьде тың жердеги Муўса Жәлил атындағы соң «Қуўаныш жарма» совхозы пахтаны районда биринши орынлады. Буннан кейин «Көкшийел» совхозы. Район бойынша жыйын-терим 8-декабрьге дейин даўам етти. Пахта 40 мың тоннаға жеткерилди.

Мәтали Емжаров, Роман Әўезов, Бегимбай Айымбетов, Тилеў Әбдисаламов, Қошқарбай Байдуллаев, Рейим Сәңкибаев басқарған бөлимлер алда болды.

Лекин, пахтадан «Кегейли» совхозы 95, «Қызыл әскер» совхозы 84 процентте қалды.

Кегейли районы 1982-жылы 41 мың тоннадан зыят пахта жетистирди.

Кегейли районы дүзилгенли берли (1928-40-жыллары) район жасларының жетекшилери болып Сейдан Алиев, Қунназар Арзиев, Есберген Қошқаров, Хожаахмет Ахметов, Нәдир Бекмуратов, Марияам Бахытова, Айтбай Жумамуратов, (1940-45-жыллары) Сейдулла Тайыров, Дәрибай Пирназаров, Муйет Өтемуратов, Зина Жолмағанбетова, Қалбай Қулимов, ал Султан Абдуллаев 1946-жылдан 1951-жыллар аралығында, буннан соңғы жыллары О. Халмуратов, Тәжетдин Сейтжанов, Жийенбай Мырзатаев, Әбдикәрим Атажанов, Пурхан Сапарниязов, Бердамбет Шамамбетов, Назар Зайытов, Жаңабай Шылманов, Кеңесбай Хожабаев, Лиза Ережепова, Полат Мамбетниязов, Муратбай Аметов, Саламат Меңлимуратов, Қуўат Қутлымуратов, Жаңабай

Сапарниязов, Көптилеў Низаматдинов, Рустем Хожаметов, Досберген Үббиев, Бахтияр Якуповлар исследи.

Елиўинши жыллардың басында районда 33 колхоз болып, оларда Ақмурат Баймуратов, А.Латипова, Шанияз Әжибаев, Ермекбай Кирқабақов, Моян Нәўбетуллаев, И.Сейтниязов, Абдулла Бекманов, А.Жуманиязов сыяқлы жаслар өз колхозларындағы жасларға жақсы жетекшилик еткен.

1982-жылы май айында Сапалақ палўан Шамуратов ҳүрметине районда республикалық жарыс болып, оған барлық район ҳәм қалалардан еки жүзден аслам палўанлар қатнасып, онда Кегейли районы палўанлары биринши орынды алды.

1982-жыл, 10-ноябрьде Кеңес ҳүкимети басшысы Л.И. Брежнев өлгеннен кейин, 12-ноябрь күни оның орнына Ю.В. Андропов сайланды. Соңғы 5—6 жылдан берли Л.И.Брежневтың ислери менен ҳәрекетлери адамларды жалықтырып киятыр еди. Оның басқарыўында елде соңғы он жыллықта қыйыншылықлар, қосып жазыў, даңқпаразлық, орден берип марапатлаў, марапатланыўлар күшейди. Андроповтың болыўы менен тәртип бирден күшейди. Аўыл хожалығында жәрдемши хожалық деген қолға алына баслады.

Усы жыллары «Жаңа пайдалы дәстүрлерди турмысқа енгиземиз» деген шақырық пенен ески дәстүрлерге, динге қарсы гүрес кең ен жайдырылды.

Жумысты жаңаша ислеў бойынша ой-пикирлер ортаға тасланып, нарядсыз ямаса кесип ислеў бойынша көп сөз болды. Түсингенлер түсиндиргиси келди. Бирақ, адамларды «ғыйқыўлап» жумсаўға үйренгенлер буған жүзегөйлик пенен, шын мәнисинде оны иске асырыўға «бармақ арасынан» қарады. Усындайлардың ақыбетинен бул алдыңғы тәжирийбе есап-китапта бар, ал ис жүзинде бираз ўақытқа дейин иске аспады.

1979-жылы шөлкемлестирилген Бозатаў районын қайта шөлкемлестириў ямаса районлық партия комитетин ашыў бойынша 1983-жылдың апрель айының үшинши он күнлигинде қарар шықты. Сол тийкарда Кегейли районының Энгельс атындағы совхозы Бозатаў районы сорамына берилди. Буның бир себеби, Бозатаўда партия комитетин

ашыў ушын партия ағзалары жетпей атыр еди. Бозатаў районы ашылғанда партия комитети ашылмай халық депутатлары районлық атқарыў комитети баслығы Узақберген Тилеўмуратов басқарды. Бозатаў районы партия комитетиниң 1-секретары болып Сабит Матжанов сайланды.

1983-жылы октябрь айының ақырында Өзбекстан Компартиясы Орайлық комитетиниң биринши секретары Шараф Рашидов қайтыс болып, 1983-жыл 3-ноябрьде Өзбекстан Республикасы Жоқары Совети Президумының председатели болып ислеп атырған И.Усманхожаев Өзбекстан Республикасы Орайлық Комитетиниң биринши секретары болып сайланды.

Кегейли район 1983-жылды 32979 тонна пахта тапсырыў менен жобаны орынлады.

Усы жылғы есап бойынша районның пахташылық хожалықларында бес мыңнан аслам адам ислейди екен.

Деген менен аўылда ислеўшилердиң улыўма турмысы, экономикалық жағдайлары да онша жақсы өмес еди. Сонлықтан қала халқын, оқыўшы менен студентлерди аўыл хожалығы жумысына жегиў бурынғыдан анағурлым күшейди.

1984-жылдың 24-сентябринде Кегейли районлық партия комитетиниң VII Пленумы болып, онда районлық партия комитетиниң биринши секретары Н.Қойлыбаев пенсияға шығыўына байланыслы орнына Сейтназар Ержанов сайланды.

Жоқарыдағыдай өзгерислер болыўы менен бирге тәртипке шақырыў күшейе баслады. Партия шөлкеми бюросында жаза бериўлер бурынғыға қарағанда қатаңырақ болды. Бул ўақытта партиялық жаза алыў әмелден шығарып, судлаўға таярлаў дегендей еди. Баспа сөзде жәриялылық күшейди.

Район 1984-жылы 3-декабрьде 32500 тонна пахта таярлап жобаны орынлады.

1985-жыл 10-мартта КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары, СССР Жоқарғы Совети Президумының Председатели К.У.Черненко қайтыс болып, оның орнына М.С.Горбачев сайланды ҳәм көп узамай қайта қурыў деген сүрен менен «апрель самаллары» есе баслады.

1985-жылдың 9-апрелинде арнаўлы қарар менен Энгельс атындағы совхоз /5-аўыл/ Кегейли районына қайта қосылды. 4-5 километр жердеги Кегейли районынан бөлекленип 40 километр жердеги Бозатаўға қосылыў оларға машақат болып жүр еди.

Бул жыллары арза-шағымлар жазыў ҳәм оған итибар күшейген. Усындайлар ақыбетинен 1985-жылы райондағы 191 лаўазымлы орындағылардан 40 қа жақыны өзгертилген. /Бул дәўирде шөлкемлестирилген ҳәм «домалақ хатлар» тийкарында да мәселелер қаралып, тийисли шаралар қолланылды/.

Ҳәр қыйлы тексериўлер көбейди. Анықлаўлар нәтийжесинде 4339 гектар жер жобадан зыят егилип, есапқа берилмегени анықланған. Ал тек пахта жер ушын 3848 гектар артық егилген. Қосып жазыўдан жер алып тасланғаннан кейин пахтадағы 22,6 центнер 17,8 центнерге кемейип кеткен.

Усы жылғы оқыў жылында мектеплерге 14049 оқыўшы тартылған.

Мәкемелерде жумысқа келип-кетиўшилерди қадағалаў 1985-жылдың дәслепки айларында бир неше рет қайталанды.

Районлық бирлескен емлеўхананың бас шыпакери С.Сейтназаровтың мағлыўматы бойынша, ҳәзир районда 74 врач, 450 орта мағлыўматлы медицина хызметкерлери бар. Олар халыққа 21 тараў бойынша хызмет етеди. Районда 10 мың адамға 16,7 врачтан туўра келеди. 9 балалар шыпакери бар.

1985-жылда районда 21498 ҳаял-қыз болып, соннан 8638 и жумыста. Солардан: 3144 ҳаял-қыз аўыл хожалығында, 618 ҳаял-қыз билимлендириў, 423 ҳаял-қыз ден-саўлықты сақлаў тараўында ислейди.

Жетерли әҳмийет берилмеўинен 965 гектар гөне түбир жоңышқа өлип, есаптан шығарылған.

КПСС Орайлық Комитети «Мәскүнемшиликти, алькоголизимди сапластырыў илажлары ҳаққында» қарар қабыл етип той-тамашада арақ бериўлер шекленди. Айықлық ушын гүрес жәмийети дүзилди. «Арақ ишип кеўил көтериўдиң» орнын толтырыў ушын КПСС Орайлық Комитети

«Клуб мәкемелеринен ҳәм спорт қурылысларынан пайдаланыўды жақсылаў бойынша илажлар ҳаққында» қарар шығарды. Булар да ўақтында адамларда бираз машқалаларды пайда етти.

19-ноябрде район 38030 тонна пахта тапсырып, жобасын орынлап шықты.

1985-жылы декабрь айының басында район орайына тәбийий газ келип, газлесиў басланды.

Район орайындағы «Кегейли» кафеси пайдаланыўға берилди.

1985-жыл пахташылықта аўыр жыл болды. Районда «Халқабад» совхозынан /Директоры Қайыпберген Юсупов/ басқа бирде хожалық мәмлекетлик жобаны орынлай алмады. Совхоз жобаны 114,41 процентке орынлап, мәмлекетке 7537 тонна пахта тапсырыўынан район жобасын 101,30 процентке орынлап, мәмлекетке 38526 тонна пахта тапсырды.

1986-жыл 22-мартта 105 орынлық районлық заманагөй емлеўхана пайдаланыўға берилди.

Атеистлик жумыс та күшейди. 1987-1989-жыллары динге қарсы ҳәрекет сол бир дәўирдегидей болмағаны менен қатаң тәртип орнатылды. Ҳәр пийшемби күни райком тәрепинен атеистлик топар дүзилип, қойымшылықларды тексереди. Атеистлик топар қойымшылық басына барып, белгили адамлардан ким келип кеткенин жазып алады. Ал қандай автомашинада келгенин автоинспекторлар жазып алып, оны протоколластырған.

Бул атеистлик топар ҳәм оның белсендилерине қойымшылық басында қураннан сүрелер оқып, ата-бабасы басына барып дуўа еткизбеў тапсырылды.

Шынында бундай нәрселер тек мусылманлар ушын емес, улыўма инсан жүрегине аўыр жүк еди.

Усындай күнлердиң биринде ямаса 1986-жылғы июнь айының биринши он күнлигинде ӨзКП Орайлық Комитетиниң Пленумында ҳәм буннан бурынлаў болған ӨзКПның XXI съездинде Өзбекстанның бурынғы басшысы Ш. Рашидовтың жумыс ислеген дәўириндеги кемшиликлери жөнинде қатты сөз, критика болды ҳәм Пленумда Ш.Рашидовтың естелигин мәңгилик етиў бойынша қарарды бийкарлаўды

КПСС Орайлық Комитетинен өтиниш етти және ол орынланды. Ҳәтте Ш.Рашидовты жерленген жеринен оны басқа жерге көширди. Өлген адамға бундай хорлық инсанийлықтың ең пәс көриниси еди. Лекин, бул нәрсе исленди.

«Пахта иси», «Өзбек иси» деген сиясат басланып, тексериўлер күшейип, бираз адамлар қамалды. Улыўма булар бизиң район адамларының да берекетин қашырды.

Қайта қурыў деген идея менен дәслеп тийкарынан 1970—1980-жыллар, соңын ала бурынғы тарийх талқыланып, оларды критикалаў басланды, шаўқым көбейди.

Усындай күнлердиң биринде «Мийнетсиз доход табыўға гүрести күшейтиў ҳаққында» қарар шығып /Москвадан/, бул қарар тийкарында, жайды қандай ғәрежет пенен салдың, автомашинаны қалай алдың, деген тақлетлерде тексериўлер бола баслады. Бираз адамлардың жайлары бақшаға, мектепке алынса, айырымлары бир-еки хожалыққа бөлип берилди. Тәбиятта да өзгерис болып, июль айының биринши он күнлигинде күн айта жүргендей ысып кетти, дәрья тасты.

1986-жылы 20-октябрьде «Халқабад» совхозы районда биринши болып пахта жобасын орынлады.

Жыл пахта ушын қолайлы келип 25-ноябрьге барып район 38090 тонна орнына 42135 тонна пахта тапсырды.

Мал шарўашылығын раўажландырыў ушын сырттан 330 бас ҳасыл туқым сыйырлар алып келинди. Бирақ, ол нәтийжели раўажланбай қалды.

1987-жылы оқыў жылы алдынан 1176 орынлық №14 мектеп пайдаланыўға берилди.

«Халқабад» совхозы 1987-жылы 5-ноябрьде районда биринши болып пахта жобасын орынлады. Директоры Қайыпберген Юсупов.

1987-жылға келип аўыл хожалығында тексериспек жүдә күшейди. Бундай тексериспектен совхоз директорларының көпшилиги жуўапкершиликке тартылды. 1961-жылы пахта мәселеси бойынша Кегейли районында тек бир директор судланса, қайта қурыў дәўириндеги тексериўлерден районда төрт совхоз директоры судланып кетти. Булардан басқа үлкен әмелдарлардың бала-шағалары, ағайын-туўысқанлары да қуўдаланды, қамалып сораўларға тутылып,

азап-ақыретлер көрди. Солай етип, айырым адам-лар үйиниң алдында биймезгил автомашина гүрилдесе, таныс емес адам үйиниң қасына келсе, милиция хызметке-ри үй бетине киятырса, далада биреў шақырып атыр десе, таныс емес адам телефоннан қоңыраў етсе жаман жағдайға түсти. Айырым жерлерде басқаларға зыяным тиймесин деп, бул дүньядан көз жумғанларда болды.

Улыўма айтқанда, бул нәрселер тарийхымызда болған соң, заман алғаў-далғаў болып турғанда бираз нәрсени көргенимиз ушын келешек әўлад ондай қыйын нәрселерге ушыраспағай, өткен дәўир келешек әўлад ушын сабақ болсын, деп жазып отырмыз.

Усындай ҳәр қыйлы жағдайлар болып турған дәўирде де район халқы пахта жобасын 102,5 процентке орынлап шықты.

1988-жылдың 12-январында ӨзКП Орайлық Комитетиниң VIII Пленумы болып, онда И.Б.Усманхожаев жумысынан босатылып, бул орынға ӨзКП Орайлық Комитетиниң биринши хаткери болып Рафик Нишанов сайланды. Ҳәр басшының өзгериўи менен сиясатта, басқарыўларда өзгерислер болып турғаны ушын оларды келтирип отырмыз.

Июль айының басында «Кегейли ақшамы» сейили кешки саат 6 да басланды. Шайырлар қосық оқыды. Балалар қашарман топ ойнады. Ойынның шешиўши пайытларында жасы үлкен тамашагөйлер сыртта турып, «ур», «қаш», «ўақ-ўақ», «ҳә,ҳә, ал бала» деп бақырысқаны, олардың миллий ойынларды сағынып қалғанын, буған қызығыўшылығының бәлент екенлиги билинип турды. Жаңабай, Сапалақ, Жақабай палўанлардың даңқын қайта тиклеген Кегейли палўанлары сейилге сән берди.

Ансамбллер даўыс күшейткиш пенен ҳәр қыйлы қосық айтып турды. Айланба ат шабыс, ылақ ойынлар болды. Сейил соңында лоторея ойыны болып, оның ең үлкен утысына «Запорожец» автомашинасы қойылды.

1-июль-Базар күни райондағы Дем алыс бағында дәстүрге айланған Қаратай улы Жаңабай палўанның ҳүрметине жарыс болып, оған Нөкис, Бозатаў, Шымбай, Кегейли районынан барлығы болып 66 палўан қатнасты.

1988-жылдың оқыў жылы алдындағы мағлыўмат бойынша районда 29 орта, 7 сегиз жыллық, 4 баслаўыш мектепте 12742 оқыўшы оқыйды, оларға 1273 муғаллим сабақ береди.

1988-жыл 6-сентябрьде ӨзКП Кегейли райкомының XIV Пленумы болып, тийкарынан ол Райкомның биринши секретары С.Ержановты Қарақалпақ агросаанат комитети баслығы етип алыўға байланыслы болды. 12-сентябрьде және Пленум болып, онда бурын Бозатаў райкомының биринши секретары болып ислеп келген (Бозатаў районы жабылып, Кегейли районына қосылды. 1988-жылы август айында.) Т.Ж.Керимзатовты Кегейли райкомының биринши секретары етип сайлады.

Бул дәўирде Москва, Ташкент, Нөкисте шығатуғын газеталарда басшылардың кемшиликлери жөнинде көплеген мақалалар жәрия етилди. Олардың бир ушы районымызға да келип жетти.

Солай етип, әлўан түрли ўақыялар жүз берди. Пахта терим өз жөни менен даўам етти. 6-ноябрьде район пахта жобасын орынлап шықты. Теримге 10 мыңнан аслам адам қатнасты. Нөкис қаласынан 4 мың көмекши келди.

Районда 90 процент жер темен мелиоративлик жағдайда болды. Ол комплексли реконструкцияны талап етти. Коллектор-дренаж тармақларының нормативке сәйкес келетуғыны 50 процентти қурады.

Районда 4 кооператив мәкеме жумыс иследи. Үйине жумыс алып ислеўге 31 адам тартылған. Усындай бир ўақытта пайдалы мийнет пенен шуғылланбайтуғын адамлар 200 ден асламды қурады.

1988-жылдың гүзинде районның шөлкемлескенине 60 жыл толыўы үлкен салтанат пенен белгиленди.

Тийкарынан Қарақалпақстан ушын «Арал теңизин сақлап қалыўға ҳәм оның бассейининде санитариялық хәм экологиялық жағдайды жақсылаў ҳаққында»ғы КПСС Орайлық Комитети менен Министрлер Советиниң қарары бойынша айлыққа 20% пул қосылды.

Бозатаў районында басланбай қалған айырым қурылыслар Кегейли районына көширилди.

1988-жылдың 24-сентябринде Бозатаў районы партия комитети жабылып, районды районлық кеңес атқарыў комитети басқарып, партия комитети Кегейли районына бағынышлы етилди.

1983-жылы ашылған районлық партия комитетине Совет Мәтжанов, Т. Керимзатовлар басшы болды. Район ҳәкими болып Бекберген Бектурдиев, Жолдасбай Қарабаев, Шәрибай Бердақов, Әсенияз Жумановлар иследи.

Кегейли-Шымбай гүзары жолының күн шығарындағы районлық газ кеңсеси дөгерегиндеги посёлка пайда болды.

Кооперация ҳаққындағы Нызам тийкарында қарарлар шығарылып, оны түсиндириў ен жайды. Бир қатар адамлардың кооперация ҳаққындағы түсиниги аз еди. Себеби, ол жеке меншик түсинигине жақын. Ал социализм принципи жеке меншикти бийкарлап келди. Сонлықтан көпшилик адамлар кооператив түрде ислеўге тез енисип кете алмады. Арендашылық та усы тақлетте еди.

Пүткил Аўқамлық халықтың есабын алыў жүргизилди. 1989-жыл басында районда 60 мыңдай адам бар. Соннан 83 проценти ямаса 47800 адам қарақалпақлар, 14 проценти ямаса 8065 қазақлар, 3 проценти басқа миллетлер.

Кеңес ҳүкимети дәўиринде кемшилик жиберген бир қанша ғайраткерлердиң иси әшкараланып, сол тийкарда олардың атына қойылған орынлар өзгертилди.

Динге болған көз-қарас жақсы жағына өзгерди. Районда 47 қәбиристан бар екен. 13 молла қадағалаўда. Қутлымурат Мақамбетов деген молла районлық ақша бөлиминде есапта турады.

1989-жыл 11-февральда ӨзКП Кегейли райкомының 11 Пленумы болып, онда Т.Ж.Керимзатовтың Мойнақ райкомының биринши секретары болып өзгериўине байланыслы Кегейли райкомының биринши секретары болып ӨзКП Орайлық Комитетиниң аппаратында ислеп атырған Б.С.Бекниязов тайынланды.

1989-жыл 18-февралдағы мағлыўмат бойынша районда / Кегейли районына Бозатаў районы қосылғанда/ 8648 шаңарақ-хожалық бар. Соның 14 жасқа дейингилери 24613, ҳаял-қызлар 30478,10 мың адамға 17,8 врачтан туўра келген.

Районда /Бозатаў районы қосылғанда/ 50 мектеп, 29 мектепке шекемги мәкемелер бар.

12-апрель күни М.Жуманазаров атындағы совхозға көп даўыс алған Шерназар Айназаров директор болып тайынланды.

1989-жылдан баслап Наўрыз үлкен салтанат пенен еркин байрамланатуғын болды. Жүдә әндамлы өткерилди.

5-майда район орайында ветеранлар чайханасы ашылды.

Районның улыўма егислик майданы 49940 гектар болып, соннан 18123 гектарға пахта ушын шигит егилген. 30-апрельде, 1-майда күн дерлик жүдә салқын болды. 13-14-апрель, 19-майда нөсерлеп жаўын жаўды.

Июль айының аяғында қазақстанлы бир топар көркем өнер ғайраткерлерин Жазыўшылар Аўқамының екинши хаткери Әким Таразы-Әшимов басқарып келди. Қарақалпақстанда оны обкомның хаткери Шарап Уснатдинов баслап жүрди, ушырасыўлар есте қаларлық болып өткерилди.

1989-жылы екинши жер жүзилик урыста қаза болғанлар ҳүрметине район орайынан естелик орнатыў бойынша инта болып, оның шөлкемлестириўшилик ислөри басланды. Банктен арнаўлы есап бети ашылды, пул жыйналды.

Турмыста жаңаланыўлар тийкарында мектеп питкериўшилердиң 20—25 жыллықлары өткериле баслады.

1989-жыл июнь айында Ислам Каримов Өзбекстан Компартиясы Орайлық комитетиниң 1-секретары болып сайланды.

25-июньде мектеп пенен училище питкериўшилериниң ҳүрметине «Кеғейли ақшамы» атлы жаслар кешеси өткерилип, оны районлық жаслар шөлкеминиң жетекшиси К.Әбдижалиев ашты ҳәм басқарып барды. Бул кешениң өтиўин шөлкемлестириўде райкомның үгит-нәсият бөлиминиң баслығы Е.Усеновтың үлеси көп. Кешеде гүрес, ойын-заўықлар менен бирге бир манатлық лотерея ойыны шөлкемлестирилди. Онда ҳәзирги Б.Каримбердиев атындағы хожалықтың есапшысы О.Жақсымуратов «Москвич» жеңил автомашинасын утып алды.

Август айы басында Жаңабай палўан Каратай улы ҳүрметине район бириншилиги ушын гүрес бойынша жарыс болды.

1989-жылы 10-сентябрь куни «Дийқан дақылы» атлы халық хожалығы тараўының үлгилери менен жетисенликлериниң көргизбеси, халық сейили өткерилип, үлгилилер хошаметленип, сыйлықланды. Бунда аўыл хожалығы бойынша кәсиплик аўқамы баслығы М.Хожамуратов белсендилик көрсетти.

Халық сейилиниң екинши бөлиминде лотерея ойыны өткерилип, баслы утыс-баспақлы сыйыр, қошқар, қой, бир телешка пресленген жоңышқа болып, олар жеңимпазларға тийисти. Улыўма ойынға 250 дей буйым қойылды.

Районлық газетада халықлар дослығы ҳаққында материаллар бериле баслады. Солардың бири районымызда туўылып, өскен қазақстанлы журналист Назым Ниязийдиң «Қарақалпақ халқынан қарыздарман» деген мақаласы болып, онда ол миннетдаршылығын билдириў менен бирге Қазақстандағы қарақалпақлар жөнинде тийкарынан Түркстан, Сайрам, Сарыағаш районлары ҳәм Цилионград областындағы қарақалпақ аўылларында болғанын жазады.

1989-жыл 23—24-сентябрь күнлери районымызда Сапалақ палўан Шамуратов ҳүрметине шөлкемлестирилген республикалық жарыс болып, онда командалық есаптан Кегейли районы биринши, тахтакөпирлилер екинши, әмиўдәрьялылар үшинши орынды ийеледи.

Усы күнлери гүзлик бийдай егиўди көбейтиў бойынша ҳәрекетлер иске асырыла баслады.

1989-жылы Район 35787 тонна орнына 36578 тонна пахта тапсырды, бул иске 270 терим машинасы қатнасқан.

Районда 150 ге жақын фермер хожалығы дүзилген.

9-декабрьде район орайындағы №1 мектептиң спорт майданшасында «Ең күшли адам» жарысы болып, онда район орайындағы спорт мектебиниң тренери Жанназар Бекбергенов 16 килограммлық гир тасты ҳәр қолында 40 мәртеден көтерди. Буннан кейин ол көп дем алыс етпей ақ, жуўанлығы бас бармақтай, узынлығы 1,5 метрлик арматураны еки қолы менен ийип галстук формасына әкелди. Ал №23 училище хызметкери С.Қалжановтың бир өзи «Москвич» жеңил автомашинасын сүйреди.

10-декабрьде Кегейли-Халқабад гүзары жолы бойында районның зүрәәт байрамы-той өткерилип, онда гүрес, ат жарыс, басқа ойын-заўықлар болды. Лотерея ойынына қойылған «Москвич» жеңил автомашинасын, «Урал» ҳәм «Юпитер» мотоцикли менен реңли телевизор утқанлар мардыйып қайтты.

## ТОЛҒАНЫСЛЫ, ТОЛҚЫНЛЫ КҮНЛЕРДЕН ҒӘРЕЗСИЗЛИККЕ

1990-жылға келип бес жыллық жоба деген сүренлер бурынғыдай айтыла бермейтуғын болды. Олардың орнына ҳәр қыйлы сиясий тартыслар, пикирлесиўлер болып турды. Жыл басынан баслап депутатлыққа кандидитлар шын мәнисинде бир орынға еки-үшеўден қойылып, олар арасында да тартыслар, жарыслар күшейди.

Кеңеслер елинде мәмлекет басшысы М.С.Горбачев 1990-жыл 15-мартта өзин Президент етип белгилеп алды. Буннан кейин Кеңес Аўқамында биринши болып, ӨзКП Орайлық Комитети биринши секретары **И.Каримов 1990-жылы 24-мартта Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси сессиясында Өзбекстан Республикасының Президенти деп жәрияланды.** Ал 1990-жыл июль айында Өзбекстан Республикасын суверинитетли мәмлекет, деп жәрия етти. Лекин, бул еле толық ғәрезсизлик емес еди.

Машақатлы, жуўапкерли дәўир басланды. Бул енди миллет, халық, Ўатан тәғдири ҳәм келешек пенен тығыз байланыста болды.

Адамларға жер 24 /сотых/ қыйтақтан берилди. Мәкемелер менен жайларды меншиклестириў басланды. Қоспа ҳәм киши кәрхана дүзиў қолға алынды. Пахта егиў азайды. Дән жетистириўге дыққат күшейди. Хожалық есабында ислеў жолға түсти. Ал бурыннан /Кеңес ҳүкимети тусынан/ жеке меншиклик түринде ислеўден шығысып кеткен адамлар оған бирден енисип кете алмады. Бирақ, адамларда еркин пикир айтыў сезимлери оянды. Затлардың баҳасы күн сайын өсти.

Жаңа Аўқамды дүзиўди федерация талабы тийкарында қурыўға урыныўлар болды. Жумыссызлық болса барлық

жерде көбейди. 1990-жылдың басынан баслап СССР Конституциясынан 6-статьяны -КПСС тиң үстемлигин шеклеў бойынша ҳәр қыйлы басқышларда /сессияларда/ сөз болып, ақыры 6-статья алып тасланды ҳәм КПСС күши әззилетилди. Енди КПССти қоллаў да, қорлаў да болып турды. Жеке меншикке ҳәм базар экономикасына өтиўге жәрияланған бағдар иске асырыла басланды. Усындай бир ўақытта ямаса 1989-1990-жыллары /СССР/ дәўириндеги қуўдалаўға түскенлер ҳәм басшылықтағы кемшиликлер менен қәтелер жөнинде ғалаба хабар қуралларында көп жазылды.

Районлық партия комитетиниң биринши секретары басшылықты Советлерге берип атырғандай болып көриниў ушын Районлық Кеңестиң баслығы ўазыйпасын тийкарғы жумысы менен оны қоса атқарды. Ал депутатлыққа талабанлар болса қалай болмасын депутат болып сайланыўға урынды. Ишки тәртиплер болса өзи боладылыққа салынған. Усындайдан нарыйзалық толқынланыўлар болып турды.

Бул дәўирде былайынша қарағанда толқынлы жыллардай болып көринди. Лекин, аса кетиўшилик халықта болмады. Деген менен мийнеткеш халық тиришиликтиң ҳәрекетин ҳеш ўақыт тындырған емес.

Районда 8937 хожалық болып, булар тийкарынан аўыл хожалығында ислейди.

Район бойынша 29082 гектар егислик жер суўғарылып егилди. Соннан 5235 гектар жер күшли шорланған, 9808 гектар орташа, 13959 гектар аз шорланған.

1990-жылы районда 170 дара-дийқан хожалығы болып, оларда 800 ден аслам қара мал, 250 саўын сыйыр бар. Бул хожалық ийелери 981 мың сом кредит алған. Кредит-қарыз алып ислеўге адамлар онша урынбай атыр. Бунық баслы себеплери бундай ислеўге үйренбегенлигинен болса керек. 4356 жеке хожалыққа 981,5 гектар жер ҳүжжетлестирилип берилген.

1990-жылы 12-апрельде район орайындағы саўлатлы мәдениат сарайы салтанатлы түрде пайдаланыўға тапсырылды.

Районлық комсомол комитетиниң биринши секретары болып Көптилеў Низаматдинов сайланды. Буннан бурынғы

Рустем Хожаметов Бозатаў районы ашылып сол жаққа жумысқа кетти.

25-апрельде Ақтуба пуқаралар жыйыны ақсақаллығындағы 6-аўылға тәбийий газ келип, дәслепки отты аўыл ақсақалы Әлеў Әсетов жақты.

9-май күни район орайындағы тазадан шөлкемлестирилген бағ ишинен екинши жер жүзлик урыста қаза тапқан ҳәм дәрексиз жоқ болып кеткенлер ҳүрметине естелик орнатылып, ол салтанатлы ашылды.

Ақтуба пуқаралар жыйыны ақсақаллығы «Бозкөл» бойында усы елдиң азаматы, екинши жер жүзилик урыста қаза болған Қунназар Арзыев ҳүрметине бағ егилди.

24-июньде районда «Жаслар сейили» өткерилди. Ал ҳәр шемби күнлерин «Совхоз күнлери» өтип, олар ҳәр тәреплеме жетисkенликлерди көрсетти. Бул дем алыстың бир түри еди. 5-августта «Дийқан дақылы» сейили етти.

1990-жылы район 15721 гектар жерге шигит екти.

18-августта басқа қалаларда оқып атырған студент жаслар менен ушырасыў өткерилди.

Районда 1584 муғаллим, 13 мыңдай оқыўшы, 30 орта, 6 сегиз жыллық, 4 баслаўыш мектеп бар.

Район 32 мың тоннадан зыят пахта тапсырып, жобаны артығы менен орынлап, 24-ноябрьде зүрәәт байрамын өткерди.

1991-жылы 22-январьда СССРдың биринши Президенти М.С.Горбачевтың Пәрманы тийкарында ҳәм усы Пәрманға тийкарланып Өзбекстан Республикасы Президенти И.А. Каримовтың Пәрманы менен 1991-жыл 23-январьда 1961-жылғы 50 манатлық пенен 100 манатлықты 1991-жылғы 50 ҳәм 100 манатлыққа алмастырыў бойынша пәрман шығарып, бул бойынша барлық жерде арнаўлы комиссиялар жумыс иследи.

Районлық Жаслар аўқамының биринши хаткери К.Низаматдиновтың басшылығында Кегейли районы ўәкиллери өзиниң «Жайҳун» ансамбли менен Наўрызды белгилеў мүнәсибети менен Москва областы Чехов қаласының әскерий бөлимине барып келди. Бул бөлимде Қарақалпақстаннан 14, соның ишинде Кегейлиден 4 жигит хызметте екен. Сол 14 әскерге бир күн дем алыс берилди.

Кегейли районы мәдениятбөлиминиң «Жайҳун» ансамбли концерт берди.

Қылқалы аўылында екинши жер жүзилик урыста қайтыс болғанлар ҳүрметине естелик орнатылды.

10—21-май күнлери нөсер, сел жаўынлар болды. Районда айрықша жағдай дағазаланды. Дәслепки күшли жаўын 30-апрель ақшамында болған болса 24-майда да күшли сел жаўын жаўды.

Район бойынша коммуналлық жайда отырған 75 муғаллимге жайы меншиклестирилип берилди.

Быйылғы оқыў жылында 40 мектептеги 13315 оқыўшыға 1253 муғаллим сабақ берсе, 10 мектепке дейинги мәкемеде 1140 бала тәрбияланып атыр.

Жаңа оқыў жылында Ә.Шамуратов атындағы мектеп еки қабатлы жаңа имаратқа ийе болды.

## ЕРКИНЛИК САМАЛЛАРЫ

**1991-жыл 31-августта Өзбекстан Ғәрезсиз мәмлекет деп жәрияланып, 1-сентябрь улыўма халықлық байрам болып белгиленди.** Бул үлкен тарийхый ўақыя еди.

Райондағы ҳәр тәреплеме саўатлы муғаллим З.Тилеўов Республикалық «Ағла муғаллим» жарысында екинши орынды ийелеп, «Запорожец» автомашинасы менен сыйлықланды.

Усы жылы 7-ноябрь биринши рет белгиленбеди.

Қыт товарларды той, лазым басқа да мәресимлерге бөлистириў бойынша комиссия дүзилип, жумыс исленди.

Районның пахта жобасы 85% болып қалды.

29-декабрьде Өзбекстан Президентин сайлаў бойынша референдум болып өтти.

1991-жылды Өзбекстан Ғәрезсиз мәмлекет болып жуўмақлады.

1992-жылы суў мол болып 2-январьда «Аспантай» совхозының көп жерин суў басып кетти. Ол жақта айырықша жағдай жәрияланып, арнаўлы штаб дүзилди, жәрдем етиўшилерге банктен есап бети ашылып, оған пул түсирилди. Бул совхоздағы 218 хожалықтан 100 хожалық, соннан

«Шылым көл» де 20 хожалықты суў басқан. 300 баспақ, 1800 тонна жоңышқа бедеси, 550 тонна силос суў астында қалды. Адамлар «Порлытаў» совхозына көширилди. Қарақалпақстан Республикасынан 21 Министрлик пенен Басқармасы жәрдемге келди.

Пул орнына купон ендирилди. Халыққа ун, макарон, гүриш, өсимлик майы, чай, қант, мәйек, гөш ҳәм консерваларьı, арақ, кир сабын, геўиш, пахта гезлемелери купонсыз сатылды.

4-январьдағы арнаўлы пәрман менен ҳәкимлик лаўазымы енгизилетуғын болды. Ол Президент тәрепинен усынылады, ал сессия тәрепинен тастыйықланады.

Районлық Кеңес пенен районлық атқарыў комитети бирлестирилди.

Наўрыз байрамы алдынан «Ийшан қала»да зыяратхана ашылды.

21-мартта Наўрыз байрамы салтанатлы өтиў менен бирге Ақтуба бойында Жақабай палўан Сапаров ҳүрметине жас палўанлар жарысы өтти.

22-апрельде район орайынан салынатуғын мешиттиң тырнағы қаланды.

1992-жылы район мийнеткешлери 15540 гектар жерге шигит егип, оннан 30336 тонна пахта бериўди жобаластырды.

Деген менен тәбият апатшылығы жүдә көп кесент етти. 15-апрельдеги күшли жаўынның изи қатқалақ болып, май айындағы күшли нөсер жаўын болса дийқанларды тәўирақ албыратты.

«Өзбек иси», «Пахта иси», деген бәне менен елге көп бүлгиншилик салған Орайдан жиберилген Гдлян ҳәм Ивановлардың да ҳәрекети тыншыды.

1992-жыл 27-июньде районлық Кеңестиң сессиясы болып, онда жаңадан енгизилген ҳәкимлик лаўазымына райкеңес баслығы болып ислеп атырған Б.С. Бекниязов бекитилди.

17-июньде Халқабад қаласы орайындағы мешиттиң тырнағы салынды.

1-сентябрьде район орайындағы жаңа майданшада Ғәрезсизликтиң бир жыллығы салтанатлы белгиленди.

1993-жылы район, улыўма елимиз өзинше басқарыўда, жаңаша шешим қабыллаўда, бирликте кәрханалар дүзиўде, адамлардың жеке инталылығын асырыўда, улыўма алғанда дәўирдиң бир дүбирли тарийхый жылы болып басланды.

Өткен азғана ўақыт ишинде арқа сүйеўшиликтен қутылып, жаңаша инта менен ислегенлер, базар қатнасығы мәнисине түсингенлер алға илгериледи. Бул исте дурыс төрелик ете билмегенлер заманагөй ел арасы бола алмайды.

11-февральда №1 М.Горький атындағы мектептиң қосымша жайы пайдаланыўға берилди.

Усы жылы 24 мың гектар жерде егислик болып, соннан 16 мың гектарға шамаласына шигит егилди.

1993-жыл 30-март күни Өзбекстан мектеп оқыўшыларының 11 спартакиядасы Китоб районында болып, оған 16 салмақ категориясынан қатнасқан 200 дей 16 жасқа дейинги палўанлар арасында гүрес жарысы болып, онда 71 килограмм салмақта гүрескен №1 мектептиң 11-класс оқыўшысы Муратбай Балтаниязов өзи менен гүрескен 6 палўанды қатарына жығып биринши орынды ийеледи хәм биринши дәрежели диплом және ақшалай сыйлықланды. Екинши орынды Саламат Қутлымуратов, үшинши орынды Зәретдийин Балжанов ийеледи. Улыўма 16 палўаннан бизиң 6 палўан әжайып жетискенликлерди қолға киргизди. Жарыста палўанларымыз қарсыласларына тикке барып гүресиў, миллий гүрес усылларын орынлы пайдаланыўы менен тамашагөйлерди сүйсиндирди, дейди спорт мектеби директоры К. Балтаниязов.

Өзбекстан Республикасының Ғәрезсиз мәмлекет болыўы хүрметине бундағы жақсы экономикалық сиясий бағдарды буннан былайда беккемлеў мақсетинде және келип түскен усыныс, пикирлерди есапқа ала отырып, 1966-жыл 1-январьдан шығып киятырған районлық «Ленин жолы» газетасы «Кегейли турмысы» болып, район хәкими қарары менен 1993-жыл 11-июньнан баслап өзгертилди.

23-июнь күни №1 мектептиң спорт майданшасында Жүзбан палўан Нарбаев хүрметине район биринишилиги ушын гүрестен жарыс болды.

7-июль күни Нөкис-Халқабад /Шымбай/ темир жолында жолаўшылар тасыў жөнелиси ашылды. Усы күни ерте азанда район басшылары менен халық ўәкиллери, ветеранлар, жасларға толы үш автобус бенен Нөкиске темир жол вокзалына бардық. Сол жерден поезд пенен Халқабад шығысындағы бәндиргиге келдик. Бул жерде салтанат болды.

1993-жыл 15-август күни район орайында Жақабай палўан Сапаров ҳүрметине Тахтакөпир, Қараөзек, Шымбай, Бозатаў, Нөкис ҳәм Кегейли районлары палўанлары арасында /16 жастан жоқары/ гүрес жарысы өтти.

1993-жыл 1-сентябрьде Халқабад Дийқан базарының жаңа имараты пайдаланыўға берилди.

Ийшан қалада Есжан бақсы Қосполатов ҳүрметине Өзбекстанның айырым областларынан, Қазақстан, Түркменстаннан 30 дан аслам бақсылар арасында жарыс болып, онда кегейлиши Пирнияз бақсы Өтеғенов биринши, Турғанбай Қәлендеров екинши, шымбайлы Дәўлетнияз бақсы, хожелиши Меңлибай Пирназаровлар сыйлы орынларды ийелеп Есжан бақсының баласы Қурбанбай соққан дуўтар менен сыйлықланды.

1-октябрьде районлық кеңестиң сессиясы болып Б.С.Бекниязов Кегейли районы ҳәкими лаўазымынан босатылып, орнына Қарақалпақстан Республикасы «Жергиликли санаат» концерниниң бас директоры болып ислеп келген М.А.Байниязов тастыйықланды.

Сентябрь айында район орайынан жаңа дән қабыллаў орайы ашылды.

№18 мектептиң директоры Хожамберген Қурбанов Республикалық жарыста жылдың ағла муғаллими атағын жеңип алды.

1993-жылдың 12-ноябрьинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Ақша айланысын турақластырыў бойынша қосымша илажлар ҳаққында» және «Өзбекстан Республикасы аймағында «Сом-купон» ларды параллель төлем қуралы ретинде айланысқа енгизиў ҳаққында» қарары шықты.

Район 29911 тонна пахта тапсырып, жобаны 84,67% ке орынлады. Он бир бөлим, 57 бригада жобасын орынлап шықты.

Усы жылы 127 күн даўамында жерди қар қаплап жатты.

1993-жылы Қарақалпақстан Республикасы он екинши шақырық он төртинши сессиясында «Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик Гимни ҳаққында» мәселе қаралды. И.Юсупов сөзи, Н.Мухаммеддинов намасы тийкарында гимн қабыл етилди. Енди 1993-жылдың 25-декабринен баслап гимн ҳәр күни азанда ҳәм кеште радио менен телевидение арқалы Мәмлекетлик сыпатымызды белгилеп, жаңлап турады.

1994-жылы район орайынан заманагөй үлгидеги еки қабатлы «Нәўше» балалар бақшасы пайдаланыўға берилди.

Район бойынша 416,7 километрлик газ тармақлары қурылып, 8651 хожалықтан 5764 хожалық тәбийий газ бенен тәмийинленди.

Район орайынан жаңадан агросанаат банкиниң қурылысы басланды.

9-апрель Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы қабыл етилген күни район орайындағы «Дослық» майданшасында ҳәр қыйлы тамашалар менен салтанатлы белгиленди.

3-июньде «Жалпақ жап» пуқаралар жыйыны ақсақаллығында 50 орынлық еки қабатлы жаңа емлеўхана жайы пайдаланыўға берилди.

5-июньде «Қуўаныш жарма» каналынан саға алып турған «Қыйсықарна» каналындағы 40 насос орнына суўдың өзи ағатуғын етилди ҳәм оған тарнаў қурылып пайдаланыўға тапсырылды.

1994-жылдың 1-июльинен Өзбекстанның өз пулы «сум» айланысқа енгизилди.

2-июльде «Жаз-94» көргизбеси район орайындағы майданшада өтип, бунда ең жақсы дийқанларға сыйлы саўғалар берилди, ансамбль қосықлары жаңлап,гүрес болды.

Жаңа оқыў жылы алдындағы мағлыўматлар бойынша районда 32 орта, 4 толық емес орта, 4 баслаўыш мектепте 13356 оқыўшы, он бир мектепке шекемги мәкемелеринде 1468 тәрбияланыўшы, 4 мектептен тыс балалар мәкемелери, еки оқыў өндирислик комбинаты болып, улыўма 57 мәкемеде 1753 муғаллим тәрбияшы, шеберлер бар.

Район бойынша 28443 гектар суўғарылып егилетуғын жер бар. Соның 1279 гектары күшли шорланған. 15726 гектары аз муғдарда шорланған. 1140 гектары шорланбаған. Жер асты суўының қәддин түсириў ҳәм өз ўақтында оны қашырыў ушын район бойынша 1094,2 шақырым коллектор-дренаж тараўы болып, соннан 48,9 шақырымы район аралық, 120 шақырым хожалық аралық, 25,3 шақырымы хожалықлардың ишки коллектор-дренаж тараўынан ибарат. Булар егислик майданының ҳәр гектарынан 32,5 метрден туўра келген. Улыўма 28443 гектар жердиң 22595 гектары коллектор-дренаж тараўы менен тәмийинленген. Коллектор-дренаж тараўлары илиминиң дәлиллеўи бойынша ҳәр гектарға 40—45 метрден туўра келиўи керек болса, ол орташа 32,5 метрден туўра келип тур. Жердиң ширелилиги кескин кемейген.

Район жаслары жетекшиси Қуўат Қутлымуратов басқа жумысқа өзгерип,орнына Жаңабай Сапарниязов сайланды.

Усы жылы аманат сақлаў банки менен № 116 автокәрхана имаратлары пайдаланыўға берилди. Район 30600 тонна пахта бериў жобасын 76% ке орынлады. Районда 25759 гектар жер суўғарылып егилди. 1995-жыл ушын 964 гектар гүзлик бийдай бар. Халықты толық өзимиз дән өнимлери менен тәмийинлеў ушын 3 мың гектар жерге бийдай егип, оның ҳәр гектарынан кеминде 25 центнерден зүрәәт алыўымыз керек.

Наўрыз салтанатына «Халқабад» хожалығы 43, «Кегейли» 35, М.Жуманазаров атындағы хожалық 32 түрли тутыныў затлары менен қатнасты.

Қәнигелер менен бақлаўшылардың айтыўы бойынша 1995-жылдың бәҳәри 15—20 күн ерте келген. Бундай жағдай 1976—78-жыллары болған.

7-апрельде Агробанктиң жаңа имараты пайдаланыўға берилди.

1995-жылға келип район бойынша 21 гектар ақ терек болды.

1995-жылдың июнь айына дейин район халқы 56300 адамға жетти. Соның 41% 14 жасқа дейингилер, 6% пенсия жасындағылар, 53% иске жарамлы. Буларға 100ге жақын врач, 650 орта мағлыўматлы қәнигелер хызмет көрсетеди.

1995-жылға келип районда 40 мектеп, соннан 32 орта, 4 толық емес, 4 баслаўыш мектеп бар.

Районымыздан 1994-жылы Елмурат Алламуратов, 1995-жылы Турсынай Өмировалар Республикалық «Ағла муғаллим» жарысында жеңимпаз болды.

Исбилермен Мақсет Байменшиевтиң киши кәрханасы «Меркурий» дың жәрдем етиўи менен Кегейли районы палўанлары Бухара областының Қаракөл районындағы Миллий гүрес бойынша палўан Турсын ата Юсупов ҳүрметине өткерилген халықаралық жарысқа Тәжикстан, Қазақстан, Түркменстан, Қырғызстан, Грузия, Туркия ҳәм Өзбекстанның барлық ўәлаятларынан палўанлар қатнасты. Турсын атаның жети баласы да палўан. Ол балаларына, Қарақалпақта Сапалақ палўан деген әжайып палўан болды, жарысларда бирге гүрестик, күшли палўан еди, деп айтып отыратуғынын палўанның үлкен баласы Журақул еске түсирип, Кеңесбай Балтаниязовқа айтып берген.

Бул жарыста үлкен жастағы палўанлар арасында кегейлиши палўан Ҳәбипназар Ерманов өз қарсыласы қаракөлши палўанның жаўырынын жерге тийгизди. Ал екинши ретки гүресте Ҳәбипназар түркиялы палўанның дизесин еки рет бүккизди. Бирақ, төрешилер жеңисти мийман, деп түркиялы палўанга берди. Лекин, түркиялы палўан Ҳәбипназарды қушақлап, оның қолын жоқары көтерди. Халық ҳақыйқатлыққа сүйсингенинен қол шаппатлап жиберди.

Жарыста ең жас және гүресте жақсы әмел ислегени ушын, деп Қаракөл районы ҳәкими өз қолы менен жыйналған қур алдында кегейлишилерге сыйлы саўға тапсырды. Ал Ҳ.Ермановқа туркиялы палўан менен жақсы гүрескени ушын Иран гилеми саўға етилди.

Солай етип, район палўанлары Кегейли палўанлар елаты, дегенди және бир мәртебе жаңғыртып, елге қуўанышлы оралды.

18—20-сентябрь күнлери Нөкисте Арал бассейининдеги мәмлекетлерди турақлы раўажландырыў бойынша БМШтың халық аралық конференциясы өтти. Ондағы мағлыўматлар бойынша Арал теңизи 1960-жылға салыстырғанда 17 метрден зыятқа төменлеп кеткен. Улыўма теңиз майданы еки есеге

қысқарған. Суўдың дузлылығы еки есеге өскен. Теңиз суўының көлеми 3 есеге азайған. Бурынлары Аралға Әмиўдәрьядан жылына орташа 40 миллиард, Сырдәрьядан 15 миллиард куб/метр суў ағып турған.

Район гүзлик бийдайды 4 мың гектарға шамаластырып екти.

21-ноябрьде районда бириншı (ҳәм бир өзи болып) Б.Кәримбердиев атындағы хожалық пахта жобасын орынлады. Бул хожалықты жаз ортасына дейин Қайыпберген Юсупов, оннан кейин Омар Қудайбергенов басқарды.

Район пахта жобасын 85% ке орынлады.

1995-жылы тиккелей завод пенен шәртнама жасасқан, баслығы Қ.Әбдижалиев болған «Дәрўазақум» хожалығы бираз жақсы экономикалық илгерилеўге ерисати.

1996-жылға келип Кегейли районында исбилерменлер саны 298 ге жетти. Соның ишинде жеке меншик 77, киши кәрхана 14, кооперативлер 6. Ал 201 пуқара юридикалық тәреп болмай жеке ис билерменлик пенен шуғылланады. Улыўма, бүгинги күндеги баслы ўазыйпа базар қатнасықларына өтиўдиң әмелий, экономикалық илажларын тереңлестириў, халықтың кем тәмийинленген қатламын социаллық қорғаў, социаллық мәдений обьектлерди қурыў, базар инфраструктурасын раўажландырыў, мүлкти мәмлекет ийелигинен бөлип, меншиклестириўди жетилистириў бағдарларында жумыс жүргизилип атыр.

Ғәрезсизликке дейин район бойынша 148,4 километр газ тармақлары тартылып, 2831 хожалық тәбийий газ бенен тәмийинленген болса, ғәрезсизликтен кейин 307 километр газ тармақлары тартылды ҳәм 3604 хожалық газлести.

«Халқабад мамығы» (1995-жылдың жуўмағы бойынша) акционерлик жәмийети акциялар сатыўдан жақсы дивиденд алды.

Бүгинги күнге келип район сорамында 53 дүкан меншиклестирилди. Соның 35и тутыныўшылар жәмийетинен, 14 и таярлаў ҳәм сатыў кәрханасынан және төртеўи аўыл хожалығы тараўынан.

Райондағы дара-дийқан 88 фермер хожалықлары болып, олардың пахта банктен есап бетлери ашылды. 82 фермер шарўашылық бойынша шуғылланады. Сол 82 фермердиң

есабында 1704 бас ири қара мал болып, соннан 740 басы сыйырлар.

15—18-январь күнлери Кегейли районы орайындағы №1 мектептиң спорт залында Сапалақ палўан Шамуратов ҳүрметине Хожели, Нөкис, Шымбай районлары менен Нөкис қаласы жас өспирим палўанларының жарысы әткерилип, оған 200 ден зыят мектеп оқыўшылары қатнасты.

1996-жылгы пахтаға мәмлекетлик буйыртпа 50% болды. Район 30 мың тонна пахта, 10100 тонна бийдай, 4750 тонна салы, 40 тонна карточка жетистириўи керек. Буған хызмет ететуғын 221 трактор болып, соннан 146 сы жарамлы.

Районда 28100 ҳаял-қыз болып, соннан 8500 жумысқа жарамлы. Жумыс ислеўши ҳаял-қызлардың 50% аўыл хожалығында ислейди. Ал туўыў жасындағы 13703, көп балалы ана 1717. Бир жасқа дейинги 1305, он төрт жасқа дейинги 21286 жан.

Палўанларымыздан Ҳ.Ерманов, Ә.Өтенов, С.Қутлымуратов, П.Балжанов, Т.Турымбетов, ағайинли Мурат ҳәм Баҳадыр Балтаниязовлар ҳәм басқалар Шоманайдағы Ғаний палўан Есбөргенов ҳүрметине өткерилген жарыста 80% жеңисти алып келди.

1996-жылғы бәҳәрдиң кеш келиўине байланыслы районда 14-апрельде шигит егиси басланды. 19-20-май күнлери әдеўир сел жаўын болды. Тап сол күнге дейин район бойынша егилиўи тийис 15250 гектардан 13561 гектары егилип еди. Сел жаўыннан 7323 гектар жердеги шигит нәли зәлел көрди, соның 1642 гектарында қайта егис болды. Суўдың аз болыўына байланыслы 1900 гектар орнына 1100 гектар егилди.

Июнь айынан баслап Жаслар Аўқамы «Камолот» қоры болып дүзилди. Оның баслығы Жаңабай Сапарниязов.

Районның талант ийелери «Бесик тойы ҳәм ҳәййиў қосықлары» бойынша Өзбекстан көлеминдеги жарыста екинши орынды ийеледи. Бул үлкен жетискенлик. Жарыс Марғулан қаласында өткерилди. (Мәдений бөлими баслығы Айзада Өмирова).

Көп жыллардан берли механизатор, бригадир, бөлим баслық болып ислеп киятырған М.Жуманазаров атындағы хожалықтың дийқан хожалығы баслығы Жуматай Тәжимуратов «Дослық» ордени менен сыйлықланды. Ол бүгинги күндеги көзге көринген мийнеткешлердиң бири.

Районда 8619 хожалық, 56 мыңнан аслам адам жасап оларға 97 врач, 650 орта мағлыўматлы қәниге хызмет етеди. Ал райондағы 40 мектепте 13898 оқыўшы оқыйды. Тәлимтәрбияда улыўма 1800 ге шамалас адам ислейди.

1996-жыл 16-октябрьдеги Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы Ү.Әширбековтың Пәрманы менен Кегейли районы ҳәкими М.А.Байниязов ўазыйпасынан босатылды.

1996-жыл 21-декабрьде районлық сессия болып, онда Д.Қошқарбаев район ҳәкими болып тайынланды.

М. Жуманазаров атындағы хожалықтың үлкен кеңсе жайында мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искер М.Жуманазаровтың туўылғанына 90 жыл толыў ҳүрметине оның өмир тарийхы ҳәм сол хожалықтың белсендилериниң сүўретлери менен көрсеткишлери тәрийпленген музей шөлкемлестирилди. Туўылған аўылында бағ егилип, ол жерге М. Жуманазаров бюсти орнатылды ҳәм оның туўылғанына 90 жыл толыўы салтанатлы белгиленди.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИКТЕГИ НЫҚ ҚӘДЕМЛЕР

Мәмлекетимиз Ғәрезсизлигин беккемлеп экономикалық, сиясий бағдарлар ҳәр тәреплеме беккемлене берди. Нәтийжеде унамлы жумыслар иске аса баслады.

1997-жыл 14-15-февраль күнлери №1 мектептиң спорт залында «Дзю-до» гүреси бойынша «Кегейли турмысы» газетасының саўғасы ушын Нөкис қаласы, Хожели, Нөкис, Кегейли районларының 17 жасқа дейинги жас өспиримлери арасында жарыс болып, онда командалық есапта биринши орында Кегейли ҳәм Хожели районлары бөлисип алды.

17—20-февральда Жиззақ ўалаятында Өзбекстан бириншилиги ушын болган жарысқа Қарақалпақстаннан үш палўанның бири болып қатнасқан Мурат Балтаниязов 90 кг салмақтан үшинши орынды жеңип алды.

1997-жылы аўылларлардағы жеке 3913 хожалық үй қапталы қыйтақ жерлерине еккен 461,5 гектардағы гүзлик бийдайдан 1008,5 тонна дән алды. Зүрәәтлик 21,85 центнерди қурады. Ал айырым жеке хожалықлар 50 центнерден зыят зүрәәт алды.

Ғалаба пахта терими басланған 23-сентябрьде район бойынша 11639 адам теримге қатнасып, 361 тонна пахта терген. Бул қатнасқан ҳәр бир теримшиге 31 килодан туўра келген.

31-октябрьге дейин райондағы бирлеспелер /бурынғы совхозлар/ 1680 гектар жерге гүзлик бийдай екти. Ал, жеке 4298 хожалық 528,5 гектарға, бул орташа ҳәр хожалыққа 10 /сотых/ қыйтақтан туўра келеди, деген сөз.

Район бойынша улыўма 215 трактор, жеке хожалықларда 125 дөңгелекли меншик трактор бар.

Директоры П.Иматов болған пахта заводтың пахта мамығы Испанияның Мадрид қаласында өткерилген кеңесте халық аралық «Алтын жулдыз» сыйлығын алды ҳәм оны Полат Иматов алып келди. Бул үлкен тарийхый ўақыя болды.

25-ноябрьде пахта терими тоқтатылды. Район 30 мың тонна орнына 15955 тонна пахта берип, жоба 53,18% болып қалды.

Район орайындағы №5 мектептиң «Сиз нызамды билесиз бе?» жарысына қатнасыўшы «Әдалат» командасы Қарақалпақстанда жеңимпаз болып, Өзбекстан көлеминдеги жарыста екинши орынды алды.

1998-жылы 25—30-март күнлери Тахиатас қаласында Өзбекстан Республикасы биринщилиги ушын аўыр атлетикадан жарыста устазы Жанназар Бекбергенов болған №23 лицей курсанты Садық Сабуров 56 килограмм салмақтан қатнасып еки көтериўде 185 килограмм тас көтерип, 2-призли орынды ийеледи ҳәм район тарийхында биринши рет штанга-тас көтериўден Өзбекстан Республикасы спорт шебери талабын орынлады.

Сондай-ақ, Нөкисте Наўрыз байрамында Мурат Балтаниязов бас палўанға шықты ҳәм жеңимпаз болды. Екинши орынды Ҳәбип Ерманов, үшинши орынды Баҳадыр Балта-

ниязов ийеледи. Байраққа қойылған бес гилемниң үшеўин районға алып келди. Ал Қоңыраттағы сода заводы қурылысындағы Наўрыз байрамда Мурат палўан қарсыласын хә дегеннен шалқасына салды. Бул жарыста байрамды шөлкемлестириўде усы жердеги қурылыстың үлкен басшысы, кегейлиши Нияз Балтаниязов белсендилик көрсетти.

№18 мектепте мектеп директоры Хожамберген Қурбанов басламасы менен мектеп музейи ашылды.

Ҳәзирги күнде бир гектар майданға 33,1 погон метрден изейкеш туўра келеди.

Бәҳәрдеги жаўын-шашынның көп болыўы дақылды 20-25 күнге кешиктирген болса, 1-июньдеги буршақ аралас жаўын да көп жәбир көрсетип, атызларды көл, дәрья етти.

Жылдың ең жақсы пидайы тәрбияшысы атағын жеңип алған №1 бақша-мектептиң тәрбияшысы Райхан Қурбанова Өзбекстан көлеминдеги жарыста жеңимпаз болып келди. Оны таярлаўда бақша баслығы Гүлистан Тилеўмуратова пидайылық көрсеткен.

3-сентябрьде №41 мектептиң еки қабатлы заманагөй имараты пайдаланыўға берилди.

Район пахта бойынша мәмлекетлик жобаны 43,42 процентке орынлап, 12870 тонна пахта берди. Зүрәәтлик 10 центнер әтирапында қалды.

Районда 1998-жыл жуўмағы есабы бойынша 57600 халық бар.

«Шаңарақ ҳәм экология балалар көзи менен» деген Қарақалпақстан Республикасы Оқыў Министрлигине қараслы эколог-натуралистлер көргизбесинде жас сүўретши, №5 мектептиң 6-класс оқыўшысы Темур Әсаматдинов салған сүўретлери менен биринши орынды алып келди.

Районлық Фермерлер бирлеспеси баслығы Шернияз Панаевтың мағлыўматы бойынша бирлеспедеги 59 фермердиң 996 гектар жери бар, соннан 684 гектар дақыл егилетуғын жерлер. Фермерлерден 21и дийқаншылық, 38и фермер шарўа менен шуғылланады. Оларда 669 бас қара мал, соның 279 басы сыйыр, 436 басы қой-ешки, 55 басы шошқа.

Фермерлер арасында «Айназар баба» фермер хожалығында /баслығы Өтеназар Айназаров/ 18 гектар жери

бар. Соның 10 гектарына пахта, еки гектарына хожалыққа зәрүр затлар, от-жемлик егинлер егеди. Басқасы партаў. Бул фермер хожалығы 10 гектар пахта жеринен 20 центнерден мәмлекетлик буйыртпаны орынлады. Олар жобаны 150% ке орынлады. Нәтийжеде жыл жуўмағы бойынша 6 тонна гүнжара, 5 тонна шелуха, 1,5 тонна ақ май алды.

Бундай фермерлер район бойынша ҳәзир аз. Олардың саны менен сапасы көбейсе экономиканың жедел раўажланыўына тәсири күшейеди.

1999-жыл 23—26-март күнлери Бухарада өткерилген гүресте Муратбай Балтаниязов Өзбекстан спорт шебери талабын орынлап шықты.

Кеғейли районында 1937-жылдан баслап гүресті раўажландырыўда белгили дәрежеде үлес қосқан, №1 мектептиң физкультура ҳәм спорт бойынша муғаллими болып жүрип Сапалақ, Жақабай, Жүзбан ҳәм тағы басқа да палўанларды түрли басқыштағы жарысларға қатнасыўға таярлаған, ал ол соңғы жыллары Нөкис қаласында ислеген Әбдирахман Әзимов ҳүрметине өткерилген республикалық гүрес жарысында Б.Балтаниязов, Ә.Өтенов, А.Нуримовлар өз салмақлары бойынша жеңимпаз болды.

Сондай-ақ, маңғытлы Мәтназар палўан ҳүрметине өткерилген жарыста да Б.Балтаниязов пенен Ә.Өтеновлар өз салмақлары бойынша жеңиске ерисТи. Бул Мәтназар палўан Сапалақ палўан менен гүрескенин және оның жүде күшли палўан екенин жийи-жийи еслеп, шәкиртлерине гүррриң етеди екен.

Гүрес майданында М. Балтаниязовтың 3—4-декабрь күнлери Қазақстанның Маңғыстаў ўалаяты пайтахты Ақтаў қаласында Қазақстан халық жазыўшысы Әбиш Кекилбаевтың 60 жасқа толыў ҳүрметине өткерилген қазақша гүрестиң халық аралық призи ушын жарысында Қазақстанда «Түйе палўан» деген лақап алған, салмағы 150 кило болған Жарбол деген палўанның үстинен таза жеңиске ерисип, Әбиш Кекилбаевтың өз қолынан жарыстың бас байрағы болған «Жигули ВАЗ-2106» жеңил автомашинасының гилтин алып елге сол автомашина менен қайтыўы Қарақалпақстанда қуўанышлы ўақыя болды.

7-май Радио күни алдынан районда шийше талшықлы кабелли ямаса оптикалық шийшели Япония байланыс станциясын пайдаланыўға бериўде баслығы Оразбай Тәженов болған Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик электробайланыс кәрханасы басқармасы ҳәм усы тараўда басшы жумыста ислеўши Тайыр Сейтимбетов, районлық электробайланыс бөлими баслығы Бийсенбай Қоңыратбаев болған жәмәәтлер табыслы иследи:

Усы жылы район бойынша тек «Қуўаныш жарма» хожалығы пахта жобасын орынлады ҳәм бул елге хызмет ететуғын заманагөй аўыллық шыпакерлик /пункт/ орайы-имараты пайдаланыўға берилип, бәриниң ҳүрметине хожалық баслығы Барлықбай Ережеповтың шөлкемлестириўи менен той берилди.

1999-жылы район 92448 гектар жерге ийе, соның 13497 гектарына тийкарғы дақыл болған пахта шигити егилди. Халықтың саны 58 мың адам болып, соның 28 мыңы жумысқа жарамлы, соннан 19 мың адам бәнтли жумыста. Бул халықтың 48% орайласқан суў тармағынан суў ишеди. 76,3% халық газ бенен тәмийинленген.

Район тийкарынан аўыл хожалығы менен шуғылланғанлықтан тийкарғы халық аўыллық орынларда жасайды. Соннан Кегейли поселкасы менен Халқабад қаласының ҳәр биринде 14 мыңдай халық бар.

Елдиң базар қатнасығына өтиўине байланыслы меншиктиң түри өзгерип атыр.

Өзине тән раўажланыў жолын таўып, ҳеш кимге арқа сүйемей ҳәрекетшеңлиги, шөлкемлестириўшилиги менен көзге көринип киятырған фермер хожалығы баслықлары Караматдин Тамамбетов, Медетбай Хожамуратов, Қуўанышбай Аллаховлар унамлы нәтийжелерге ериспекте. Мысалы, Қуўаныш Аллаховтың фермер хожалығында 36 бас қара мал бар. 12 адам ислейди. Жәрдемге мүтәжлерге қайырқомлық етип, еки жыл райондағы фермер жарысында биринши орынды ийеледи.

2000-жылдың апрель айының ортасынан июнь айының ақырына дейин улыўма суў келмеди. Усындайдың ақыбе-

тинен жобадағы 3 мың гектар орнына 695 гектарға шигит егилип, оның жартысы июль айының ақырына дейин зорға сақланды. Енди тек суўғарыў емес, суўды атызда услап турыў машқала болып қалды.

Солай етип, 2000-жылы 29-июнь күни район 1643 гектар жердеги гүзлик бийдайдың ҳәр гектарынан 22 центнерден 3616,4 тонна бийдай жетистирди. Мәмлекетке тапсырылатуғын 2912 тонна бийдай жоба 2990 тоннаға жеткерилди. Жеке хожалықлар менен фермерлер жетистирген бийдайлар буған кирмейди. Улыўма район халқы өзин-өзи бийдай ҳәм жүўери менен толық тәмийинлеў мүмкиншилигин иске асырды.

Халқымыз алағадасыз, үлкен үмитлер менен жаңа әсирге қәдемлер қойды.

2000-жылдың қуўанышлы ўақыяларының бири 30-декабрьде Кегейли кәсип-өнер, қурылыс колледжиниң заманагөй имаратының пайдаланыўға берилиўи болды.

2000-жылы районда 218 жас жоқары оқыў орнына кирген.

Қәнигелердиң анықлаўлары бойынша 2000-жылы Әмиўдәрья суўы жыллық нормадан 70 процентке кем болған. Усының нәтийжесинде республикамызда егилген дақыллардың 80% зәлел көрген. 50 мың гектардағы салы зая болған. 40 мыңға жақын аўыл халқы ҳәр жылы алып турған дәрамадынан бос қалды. Тек аўыл хожалығының суўсызлықтан көрген зыяны 15 миллиардты қураған. Айырым жуқпалы кеселликлер пайда болган. («Еркин Қарақалпақстан») 2000-жыл №111 (17092) 16-сентябрь).

Кегейли районымыз бойынша суўсызлықтан 1400 гектар орнына 860 гектар гүзлик бийдай егилди.

Қара шимишки егип, оннан май алыў мәселесине дыққат күшейди.

2000-жылы район халқының саны 58 мың адамға жеткен.

Район быйыл суўсызлық ақыбетинен 7896 тонна пахта жетистирди.

2001-жылдың февраль айында Жүзбан палўан Нарбаевтың туўылғанына 90 жыл толыў ҳүрметине жас өспиримлер арасында жарыс өткерилип, оған 107 жас палўан қатнасты.

Исбилерменлер Палатасынан алынған мағлыўмат бойынша 2001-жылы Кеғейли районында 219 фермер хожалықлары, 5 киши кәрхана, 45 микрофирма, 30 юридикалық дийқан хожалығы, 881 физикалық тәреп болған дийқан хожалығы, 222 исбилерменлер болып, соннан 112 си саўда-сатық пенен, 15 и автомашинада хызмет көрсетиўде, 78 и шарўашылық пенен, 4 и гөш сатыў менен, 6 ы қаразда ун тартыў ҳәм басқада талаплар менен шуғылланады.

2001-жыл ушын өткен жылы егилген 860 гектар гүзлик бийдай болып, жазлықтан быйыл 300 гектар егилди.

«Мийўезар» хожалығынан аўыллық шыпакерлик орай салынып пайдаланыўға берилди.

31-август Шейитлер естелиги ҳүрметине район орайынан Шейитлер естелиги салынды ҳәм салтанатлы ашылды.

Мийнет бөлиминиң есабы бойынша райондағы улыўма халықтың 32,7 % и ямаса 19268 адам жумыс ислейди. Мийнет ресурслары 27412 адам ямаса 46,5 процент, ал 16 жасқа дейингилер 24833 адам болып, ол 42 процентти қурайды.

Устазлар ҳәм муғаллимлер күни ҳүрметине №10 санлы мектептиң директоры, тәжирийбели устаз Жамал Пурхановқа Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери атағы, ал №5 мектептиң муғаллими Муратбай Нурымбетов болса, екинши мәртебе Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды.

Суўсызлық көплеген машқалаларды келтирип шығарды. Ҳүкиметлик шешим жәнe жәрдемлер арқасында 500 ден аслам қудық қазылды. Оның қөпшилиги Қарақалпақстан Республикасы бураўлаў (геологиялық) мәкемеси басшылығы жәрдеми менен иске асырылды. Соның ишинде 125 қудықтың суўы ишиўге онша жарамлы емес болып шыққан. Жәнe 500 қудық қазыў жобаластырылған.

Жыл басынан баслап суўсызлық ақыбетинен шығысыў мәселеси кең түрде сөз бола баслады. Бир гектар жердеги салыны суўғарыўға кететуғын суў менен бес гектар жердеги пахтаны суўғарыўға болады екен.

Жер асты суўлары алыслап, жерлер бозығып кеткен. Суўды жер тез тартып кетип атыр. Бундай жағдайлар дийқанман дегенлердиң гейбиреўин алдайды. Келген азға-

на суў менен биринши гезекте үй қапталы жердеги егинлер-ди суўғарыў, суўды, майды үнемлеп пайдаланыў мәселеси тәртип етип енгизилди.

Район бойынша 23400 гектар егислик жердиң 19 мың гектарына шигит егиў нийет болып еди. Бирақ, суўсызлық ақыбетинен 3 мың гектарға шамалас жерге ғана ҳәр қыйлы жағдайда шигит егилди. Солай етип пахта бойынша жыллық жоба 2500 тоннаға, жоба 44 процентке шамаласып, қалды. Суўсызлықтан райондағы 1866 гектар жердеги гөне түбир жоңышқадан да дийдилегендей зүрәәт алыў қыйын болды.

717 гектар жерге егилген салының 188 гектары сақланып қалынып, 192 тонна салы мәмлекетке сатылды.

Үлкен каналлар түбиндеги суўларды тартып алыў ушын ток пенен, май менен жүретуғын насослар қурыў ен жайдырылды.

«Аналар ҳәм балалар» жылы ҳүрметине өткерилген «Мукарамма ҳаял» жарысында №9- мектептиң муғаллими Гаўҳар Жолдасова Қарақалпақстанда биринши орынды, Өзбекстан көлеминде сыйлы орынды ийеледи.

2001-жылы районда 610 гектар бийдай бар.

2001-жылы барлық училище, техникумлар колледжлерге айландырылды.

2002-жылдың 1-январында Кегейли районы бойынша киши ҳәм орта бизнес субъектлериниң саны 318 ге жеткен. Бул көрсеткиш райондағы барлық кәрханалардың 70% тин қурайды. Усылар менен бирге районымызда 1175 жеке исбилермен дизимге алынып, соннан 911 и юридикалық тәреп статусына ийе болмаған дийқан хожалығы. Районымызда ис билермен ҳаял-қызлыр саны 179 ды курайды. Соннан 14 и киши кәрхана, 8 и дийқан ҳәм фермер хожалықларын басқарады. 157 си ҳәр қыйлы тараўларда ис билерменлик пенен шуғылланады. Усылардан 2001-жылы 58 киши ҳәм орта бизнес кәрханалары дүзилип дизимге алынды.

## «ЕЛГЕ БИР НӘЎБЕТ, ЖЕРГЕ БИР НӘЎБЕТ»

2002-жылдың 2-май күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезексиз сессиясында М. Ерниязов Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумы Баслығы болып сайланды.

Июнь айынан баслап дәрьямызға суў келди.

Сол жылы 1-июльден баслап Қарақалпақстан телевидениесинде «Ассалаўма әлейкум» Қарақалпақстан көрсетиўи басланды. Оның азанғы биринши мийманы шайыр, Өзбекстан қаҳарманы И.Юсупов болды. Бул көрсетиў үлкен жаңалық еди.

Улыўма жағдайлар бойынша айтсақ 2002-жылы жоба бойынша 6300 гектар жерге шигит егилип, соннан 13 мың тонна пахта жетилистирилиўи керек еди. Соннан 11-июньге дейин 2570 гектарға шигит, улыўма барлық дақылдың түри бойынша егилген жер 4400 гектарға жеткен. 8—9-июнь күнлери күшли даўыл, нөсер жаўын болды. Айырым тереклер қулады. Бундай жағдай көп жыллардан бери болған жоқ еди.

2002-жылдың 8-август күни екинши шақырық халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң гезексиз жетинши сессиясы болып, онда тийкарынан шөлкемлестириў мәселеси қаралып, Д.Қошқарбаев ўазыйпасынан босатылып, Кегейли районы ҳәкими болып «Халқабад мамығы» акционерлик жәмийети баслығы болып ислеп келген, депутат П.Иматов тастыйықланды.

Сессияның жумысына Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Т. Ерниязов қатнасты.

Районлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы Әдилбай Еримбетовтың интасы менен мектеп оқыўшылары арасында жас сүўретшилер, жас шайырлар, жас бақсылар ҳәм сондай жарыслар өткерилип, жеңимпазлар хошаметленди ҳәм жасларда өнерге болған қызығыўшылық күшейди.

Базар қатнасығының бағдары бойынша меншиктиң түри көбейди. Мысалы, 2002-жылдың октябрь айына 735 субъект, 369 жеке ис билерменлер бар.

101 врач, 582 орта мағлыўматлы қәниге емлеўшилери бар.

2003-жыл ушын 4535 гектардан аслам жерде гүзлик бийдай бар.

Қалай деген менен де Әмиўдәрьямызға нәўпир суў келип, абаданшылық, тоқшылық сағасы ашылды. «Абат мәҳәлле» деп аталған 2003-жылы аўыл хожалығы

жумыслары жақсы басланды. «Елге бир нәўбет-жерге бир нәўбет» дегендей суўдың келиўи менен жерлер қанып суў ишкенликтен бир қанша дақыллар сапалы егилди. Атап айтқанда, 4700 гектарға шигит, 2 мың гектарға салы, 700 гектарға айғабағар, 1100 гектарға жүўери, 900 гектарға дән ушын мәкке, 6483 гектарға от-шөплик ҳәм басқада дақыллар егилип, олардан дийдилеген зүрәәт алынды.

2003-жылы Кегейли районы 3500 гектар жердеги гүзлик бийдайдан 27,1 центнер орнына 28,8 центнерден 9791 тонна ғәлле тапсырды.

Пахта 8900 тонна орнына 6970 тонна болып, мәмлекетлик тапсырма 78,31% болып қалды. Хожалықлардан тек «Қуўаныш жарма» бирлеспеси ғана орынлап шықты. Солай дегенимиз бенен де өткен жылға қарағанда пахта жетистириўде өсим бар.

Район халқы бүгинги күнге 60 мыңнан асып баратыр. 8900 шаңарақ бар.

Әмиўдәрьямызда суўдың тасқынлап ағыўындай халқымыздың кеўли де көтериңки болған 2004-жыл «Мийиримшәпәәт жылы» деп аталды.

Базар қатнасыгына өтиўге байланыслы ислерди жеделлестириўде алып барылып атырған сиясат нәтийжесинде 2004-жылы киши ҳәм орта бизнес субъектлериниң 571 и болып, ссннан 364 фермер хожалығы, 150 жеке меншик кәрхана, 57 си дийқан хожалығы болып жумыс жүргизип атыр. Оларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде 2004-жыл даўамында 151,6 миллион сум кредит берилип, соның нәтийжесинде 230 жумыс орны ашылған.

Мәмлекетке пилле тапсырыў шәртнамасы 9 тонна орнына 14,1 тонна болып, шәртнама 157,0%, бийдай тапсырыў 4700 тонна орнына 4881 тонна болып, 103,8% ке, пахта тапсырыў 8900 тонна орнына 11819 тонна болып 132,8%,ке орынланды.

Усындай жумыслар нәтийжесинен социаллық тараўларда да унамлы өзгерислер бар. Атап айтқанда, 2004-жыл даўамында аўырыўшылық 10000 адамға 3849,4 адамнан туўра келип, ол 2003-жылға салыстырғанда 8,3% ке, майып-

лық 10000 адамға 23,5 болып, ол 2003-жылға салыстырғанда 21%ке кемейип, өлиўшилик 1000 адамға 6,1 адам болып, туўылыўшылық 1000 адамға 25 адамнан туўра келип тәбийий өсим ҳәр мың адамға 18,9 адамнан туўра келген.

2003—2004-оқыў жылында районда улыўма орта билим бериў мектеплерин 823 оқыўшы питкерип, соннан жоқары оқыў орынларына 164 оқыўшы кирген, ол 2003-жылға салыстырғанда 30 оқыўшыға көбейди.

2003-жылға салыстырғанда 2004-жылы районда халықтың турмыс дәрежесинде сезилерли раўажланды.

2004-жылғы ири қурылыслардан Халқабад қаласында заманагөй үлгидеги спорт комплексиниң пайдаланыўға берилиўи болды.

2004-жылдың 26-февраль күни екинши шақырық халық депутатлары районлық кеңесиниң он үшинши сессиясы болып, сессия жумысына Кегейли, Бозатаў (Кегейли районына қосылып атырған аймақтағы) районлық Кеңеслериниң депутатлары, усы районлардағы кәрхана, мәкеме, шөлкем, хожалық басшылары, жәмийетлик шөлкемлердиң ўәкиллери қатнасты.

Сессияны Кегейли районы ҳәкими, депутат П.Иматов кирис сөз бенен ашты. Сессияның күн тәртибинде Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңеси Президумының 2004-жыл 26-февральдағы 561-санлы қарары тийкарында Кегейли районы аймағына өзгерислер киргизиў ҳаққындағы мәселе қаралды. Күн тәртибиндеги бул мәселе бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары, Бозатаў районын тарқатыў бойынша арнаўлы дүзилген комиссияның баслығы Ҳ.Әбдирахманов шығып сөйледи. Онда, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 67-статьясына муўапық ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Кенгашиниң 2004-жыл 11-февральдағы 598-11-санлы қарарына тийкарланып, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президумы 2004-жылы 26-февральда 2004-жылдың 1-мартынан баслап арнаўлы қарар қабыл етилгени, усы қарар тийкарында республикалық комиссия дүзилгенлиги, комиссия тәрепинен өткен

дәўир ишинде бир қатар жумыслар алып барылғанлығы атап өтилди. Солай етип, комиссияның шешими бойынша Бозатаў районының усы жыл 1-марттан баслап тарқатылыўына байланыслы Бозатаў районының «Қазанкеткен» поселкасы, «Аспантай», «Қусханатаў», «Еркиндәрья» аўыллық пуқаралар жыйынлары аймақларындағы хожалықларды, ҳәкимшилик имаратларды, турақ жайлар, жер ҳәм суў қорларын Кегейли районына қосып бериў мақсетке муўапықлығы көрсетилди.

Усыған байланыслы аймақлардағы халық депутатлары Бозатаў районлық Кеңесиниң депутатлары халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң депутатлары болып есапланады.

Сессияда шығып сөйлеўлер болып, онда елимиз басшысының алып барып атырған ишки ҳәм сыртқы сиясатын қоллап қуўатлайтуғынын билдирди.

Сессияда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Ерниязов шығып сөйледи.

Сессия қаралған мәселелер бойынша тийисли қарарлар қабыл етти.

Солай етип, Бозатаў районынан Шымбай районына қосылған «Қарақалпақ» хожалығы ямаса «Көк суў» пуқаралар жыйыны аймағынан басқасының барлығы Кегейли районына қосылды.

2004-жылға келип районда 262 мың гектар жер бар. Соның 17143 гектарына аўыл хожалығы дақыллары, соннан 7007 гектарға пахта ушын шигит, 4338 гектарына бийдай егилген.

Районда 75500 адам, 12 мыңнан зыят хожалық соннан 11585 хожалығында үй қапталы жери бар.

Ерисилген табысларды есапқа алып «Жалпақ жап» пуқаралар жыйыны аймағындағы «Мырза» фермер хожалығы баслығы Балтанияз Әзилхановқа «Қарақалпақстанға мийнети сиңген аўыл хожалығы хызметкери» атағы, «Қуўаныш жарма» дийқан-фермер хожалықлары бирлеспеси баслығы Аманқос Измағанбетов пенен «Ақтуба» пуқаралар жыйыны аймағындағы «Нурлы келешек» фермер хожалығы баслығы Мақсет Султановларға Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳүрмет жарлығы берилди.

Ғәрезсизлик байрамы ҳүрмети және көп жыллық үлгили хызметлери ушын Кегейли районы ҳәкими Полат Базарбаевич Иматовқа «Дустлик» ордени, «Жүзим бағ» аўыллық-шыпакерлик пункти баслығы Алтынгүл Хожабаева «Соғлом авлод учун» ордени, «Асқар» фермер хожалығы баслығы Жумамурат Султамуратовлар «Шуҳрат» медалы менен сыйлықланды.

Басқа тараўдағы жетисkenликлерден «Қазанкеткен» поселкасына шийше талалы кабель алып барылды.

Район орайынан «Бахыт үйи» ашылды.

2005-жыл Кегейли районы сорамы 206,3 мың квадрат километр жерди алып, онда 76118 адам бар. 41500 адам жумысқа жарамлы ямаса 16 жастан 55-60 жастағылар, соннан қала ҳәм поселкада 28700 адам, аўылларда 47400 адам бар. Соның ишинде ҳаяллар 38400, ер адамлар 37700.

58 улыўма билим бериў мектеби болып оларда 16200 оқыўшы оқыйды. Буннан басқа 5 кәсип-өнер колледжи, Сапалақ палўан Шамуратов атындағы спорт мектеби ҳәм балалар музыка мектеби, Халқабад қаласы менен Кегейли посёлкасының ҳәр биринде биреўден спорт комплекси бар.

Халыққа медициналық жәрдем көрсетиўде 350 орынлы төрт емлеўхана, бир қалалық, район орайында бир орайласқан емлеўхана, еки жерде аўыллық емлеўхана, 14 жерде аўыллық емлеў пункти, 13 орында ҳаялларға мәсләҳәт бериў орны, бир орайлық поликлиника, 2 орында тис емлеў поликлиникасы, 20 орында фельдшер-акушерлик пункти болып, олардың бәринде 120 врач-шыпакер, 798 орта мағлыўматлы медицина хызметкерлери ислейди. Туўыўшылық 1000 адамға 22 адам, өлиўшилик 1000 адамға 7 адамнан туўра келеди.

2005-жыл ақырына 783 адам келип, 1485 адам районнан кеткен. Олар тийкарынан Қазақстанға көшиўшилер.

Район сорамында Қоңырат-Шымбай жолаўшы тасыў поезди жүрип тур.

Райондағы асфальтланған автомобиль жолларының узынлығы 350 километр. Район орайынан Нөкис қаласына, Нөкис районы орайы Ақмаңғытқа, Шымбай қаласы орайына, Халқабад қаласы менен Қазанкеткен посёлкасына

автобус ҳәм жеңил автомашиналар қатнап, адамлардың мүшкилин жеңиллетиў иси жолға қойылған.

Районның тийкарғы халқы қарақалпақлар болып, олар 2005-жылдың ақырына келип 63532 адамды қурайды. Өзбеклер 496 адам, қазақлар 11 мыңнан аслам адам. Усылар менен бирге орыс, татар, корец, тәжик, қырғыз, украйын, беларус, туркменлер бирликте жасамақта.

2005-жыл даўамында 153 киши ис билерменлик субьектлери мәмлекетлик дизимнен өткерилип, соннан 20 киши кәрхана, 7 микрофирма, 84 фермер хожалығы ҳәм 2 дийқан хожалығы есапқа алынған. Улыўма район бойынша 870 тен аслам юридикалық тәреп бар.

2004—2005-оқыў жылында 9-классты 1887 оқыўшы, 11-классты 670 оқыўшы питкерди. Мектеплерге дыққат күшейтилип, олар тазадан салынып ҳәм оңлаўда пүткиллей жаңаланып атыр. Усы оқыў жылында 54 мектеп, 1 лицей, 4 мектеп бақшада 18578 оқыўшы оқып, оларға 2502 муғаллим тәлим-тәрбия бермекте. Солардың ишинде 4-санлы мектептиң география пәни муғаллими Елмурат Алламуратов Өзбекстан халық муғаллими атағын алды.

2005-жыл 2-июньде Кегейли посёлкасы орайынан спорт комплекси салынып, пайдаланыўға тапсырылды.

Район пилле тапсырыў жобасын 9 тонна орнына 13,9 тонна етип, жобаны 156,6% ке, бийдай тапсырыў жобасын 6420 тонна орнына 6507,9 тонна етип жобаны 100,1%, пахта жетистириў 10950 тонна орнына 13871 тонна болып, жоба 126,8% ке орынланды.

Қара маллардың саны 39848 басқа жетти.

Район бойынша 10184 хожалық газлескен.

Базар қатнасығы талапларын үйрениў ҳәм сол тийкардағы бағыт бойынша жумыслар жүргизилиўи нәтийжелеринде соңғы ўақытлары халықтың турмыс абаданлығы әдеўир дәрежеде жақсыланып киятыр. Көплеген адамлар өзлериниң социаллық турмыс жағдайын жақсылаўға еристи. Үйлерине заманагөй тутыныў буйымларын алып, тойлар берип, жайлар салып, тыныш татыўлықта, сизбизлик пенен жасап атыр.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК КАЛЕНДАРЫ ҲӘМ ЕСТЕН ШЫҚПАС ДӘРЕКЛЕР МЕНЕН СӘНЕЛЕР

Орта Азиядағы Республикалар, соның ишинде Өзбекстан ҳәм оның қурамындағы Қарақалпақстан әсирлер даўамында жәмийеттеги тутқан орны, улыўма өзиншелиги менен дүнья нәзерине түскен. Елде әзелден өз мәмлекетшилиги менен ғәрезсиз жасаўдың тийкарлары бар. Усыларға бола және демократиялық көз-қараслардың раўажланыўы менен айқын пикирлер айтыла баслады. Атап айтқанда, 1990-жылы бурынғы Кеңес Аўқамы Президенти М.С.Горбачевтың «Жаңа Аўқам Шәртнамасының тийкары сыпатында базар экономикасына өтиўдиң Аўқам бағдарламасы концепциясын таярлаў ҳаққында» пәрманы жәрияланғаннан кейин бул бойынша пикирлеўлер және де айқынласты.

Өзбекстан КП ОКниң 1990-жыл 23-март күнги Пленумында Өзбекстанның биринши басшысы И.Каримов «Сиясий системаны жаңалаў мәселелерин Өзбекстан экономикалық ғәрезсизлиги машқалаларынан бөлип алып қараў мүмкин емес. Бизде бундай ғәрезсизлик ушын шәриятлар бар» деген пикирди айтты.

1990-жылы 24-мартта XII шақырық Өзбекстан ССР Жоқары Советиниң биринши сессиясында Өзбекстан тарийхында биринши рет барлық жағдайларды есапқа алып, оннан өтиўде жуўапкершилиги ҳәм мүмкиншилиги кең болған президентлик лаўазымды шөлкемлестириў ҳаққында қарар қабыл етилди және И.Каримовты бул орынға сайлады.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Советиниң XII шақырық екинши сессиясында (сессияның биринши күни 18-июньде өтти) «Ғәрезсизлик Декларациясы ҳаққында» усыныс болды ҳәм ол 19-июньде қабыл етилди.

1991-жылдың 1-январынан баслап «Халқ сузи» ҳәм «Народное слова» атлы Республикалық бас газеталарының биринши саны басылып шыға баслады.

1991-жылдың 15-февралында Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси «Өзбекстанның мәмлекетлик белгилери ҳаққында» арнаўлы қарар қабыл етти.

1991-жыл 22-июлде Өзбекстан ССР Жоқары Кеңеси Президумы «Өзбекстан ССР аймағында жайласқан Аўқамға бойсыныўшы мәмлекетлик кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлерди Өзбекстан ССРының хуқықый қарамағына өткериў ҳаққында» қарар қабыл етти.

1991-жылы 19—21-августта Москвада мәмлекетлик аўдарыспақ жасаўға урыныў болып, айырықша жағдай мәмлекетлик комитети дүзилди. Ол СССР Президенти М.Горбачевты хүкимет басынан аўдарыў нийетинде болды. Оның басында вице-президент Г.Янаев турды. Лекин, олардың нийети иске аспай қалды.

20-августта Өзбекстан көлеминдеги үлкен жыйналыс болып, онда Өзбекстанның өз бағдары ҳәм мәмлекетлик аўдарыспаққа урыныўларға қарата үндеўи қабыл етилди.

1991-жылы 21-август күни Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманы менен Айырықша жағдай бойынша мәмлекетлик комитети исиниң надурыслығы айтылды.

Өзбекстан Президентиниң 1991-жыл 25-августтағы Пәрманы менен Республика ишки ислер министрлиги, мәмлекетлик қәўипсизлик комитети, СССР ишки ислер министрлигиниң Өзбекстандағы әскерлери тиккелей Өзбекстан Республикасы Президентине бойсындырылды ҳәм партиядан бөлекленди.

И. Каримов өз қәлеўи менен КПСС Орайлық Комитети Сиясий бюро қурамынан шықты. (Себеби КПСС өз абройын төкти деп есаплады)

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң XII шақырық гезексиз алтыншы сессиясы 1991-жыл 31-августта басланды. Онда «Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик Ғәрезсизлиги ҳаққында» ҳәм «Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик байрағы ҳаққында»ғы мәселелер қаралды. Өзбекстан Ғәрезсиз мәмлекет деп жәрияланды және ол Өзбекстан Республикасы деп аталатуғын болды.

1991-жыл 31-август күни Олий Мажлистиң алтыншы сессиясында Президент Ислам Каримов Өзбекстанның мәмлекетлик ғәрезсизлигин жәрия етти.

Ғәрезсизлик ҳаққында арнаўлы қарар қабыл етилип, онда «1-сентябрь Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлик күни

деп белгиленсин ҳәм 1991-жылдан баслап бул күн байрам ҳәм дем алыс күни деп жәрияланcын» делинди қарарда.

1991-жыл 5-сентябрьде Президент И.Каримов Пәрманы менен Ташкенттеги бурынғы В.И.Ленин атындағы бас майдан Ғәрезсизлик майданы, деп аталды.

1991-жыл 6-сентябрьде Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасы Қорғаныў ислери ўәзирлигин дүзиў ҳаққында» пәрманы шықты.

1991-жыл 7-сентябрьде Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасының сыртқы экономикалық ҳәрекет етиўши миллий банкти шөлкемлестириў ҳаққында» пәрманы қабыл етилди.

1992-жыл 12-сентябрьде «Мәҳәлле» қайырқомлық қорын шөлкемлестириў ҳаққында пәрман шықты.

1991-жыл 28-сентябрьде Ташкентте Алишер Наўайы ҳәзиретлерине естелик қойылып, оның атындағы бағ шөлкемлестирилди.

1991-жыл 30-сентябрьде Ташкентте он екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Кеңесиниң нәўбеттен тысқары жетинши сессиясы болып, онда бир қатар әҳмийетли мәселелерди додалаў менен бирге, «Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ғәрезсизлиги тийкарлары ҳаққында»ғы Нызамға Конституциялық нызам ҳуқықы берилди.

1991-жыл 28-октябрьде Украйна, 6-ноябрьде Белоруссия еллери менен мәмлекетлер аралық қатнаслар ҳаққында шәртнамаларға қол қойысылды.

1991-жылы биринши ҳәкимлик басқарыў әмелге кирип, 29-сентябрьде Ташкент қаласы ҳәкими етип А.Фазылбеков сайланды. 1992-жылы ҳәкимлик басқарыў ғалаба иске асты.

1991-жыл 16-декабрьде Туркия Республикасы дүньяда биринши болып Өзбекстан Республикасының Ғәрезсизлигин рәсмий түрде билдирди. Соннан соң арадан көп ўақыт өтпей өз-ара байланыслар, қатнаслар ҳаққында шәртнама, саўда, мәдeният, илим, билим, ден саўлықты сақлаў, спорт ҳәм туризм тараўларында ислесиў ҳаққында питимлер, басқа рәсмий ҳүжжетлерге қол қойысты.

1991-жыл 18-ноябрьде он екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Кеңгашиниң сегизинши сесиясында

«Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик Байрағы ҳаққында» нызам қабыл етилди.

Байрақтың көк реңи аспан ҳәм тынық суў ямаса жер менен көк (аспан) белгиси. Ақ рең тынышлық, пәклик, жасыл рең-тәбият, қызыл сызық-қан тамырлары, жаснап турған өмир ҳәм ҳасылдарлық белгиси. Байрақтағы ай-көп әсирлик дәстүрге бола Жаңа туўылған ғәрезсизлик белгисин билдиреди. 12 жулдыз болса Наўрыздан басланатуғын тарийхый дәстүр.

Байрақ жаңа ислерге баслайды.

1991-жыл 30-декабрьде Орайлық Азияда биринши мәрте қарама-қарсы тийкарда өткен Президент сайлаўында сайлаўшылардың 86 процент даўсын алған И.Кәримов Өзбекстан Президенти етип сайланды.

Сондай-ақ, республика референдумы жуўмағы жәрияланып, онда 98,2 процент сайлаўшы Өзбекстанның Ғәрезсизлигин жақлап даўыс бергени жәрия етилди.

1992-жыл 2-январьда Қытай Халық Республикасы менен дипломатиялық қатнас орнатыў ҳаққында қоспа ҳүжжетке қол қойылды.

1992-жыл 4,13—14-январда Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашиниң нәўбеттен тысқары тоғызыншы сессиясы болып, онда бир қанша нызамлар қабыл етилип, Әзербайжан, Әрмения, Белоруссия, Қазақстан, Молдавия, Россия Федерациясы, Түркменстан Республикалары ҳәм Украйна мәмлекетлериниң ғәрезсизлиги мәмлекетимиз тәрепинен қабыл етилди.

Сессияда И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Президенти лаўазымын орынлаў бойынша ант қабыл етти.

1992-жыл 10-январьда Өзбекстан Ишки Ислер әскерий күшлери шөлкемлестирилди.

1992-жыл 14-январь Ўатан қорғаўшылары күни деп белгиленди.

1992-жыл 5-февральда «Өзбекстан Ахборот агентлиги (УзТАГ)ти Өзбекстан Миллий ахборот агентлиги (УЗА)ға айландырыў ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманы жәрияланды.

1992-жыл 10-февральда «Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик Мүликти басқарыў ҳәм меншиклестириў

комитети (Мәмлекетлик Мүлк комитети)н шөлкемлестириў ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Пәрманы қабыл етилди.

1992-жыл 26-февральға дейин Өзбекстан Ғәрезсизлигин дүньяның 101 мәмлекети тән алды.

1992-жыл 2-мартта Өзбекстан Республикасы БМШқа ағза болды.

1992-жыл 16-мартта Өзбекстан Олий Кеңгаши (Раесаты) Өзбекстан Республикасына мүддетли хызметтеги әскерий хызметкерлерди шақырып алыў ҳаққында қарар қабыл етти ҳәм олар бир ай ишинде (басқа еллердегилер) шақырып алынды.

1992-жыл 16-мартта Ташкентте биринши сырт ел елшиханасы—АҚШ елшиханасы ашылды.

1992-жыл 23-майда «Наўрыз» қайырқомлық қорын шөлкемлестириў ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманы қабыл етилди.

1992-жыл 30-майда Москвада Россия Федерациясы Президенти Б.Ельцин ҳәм Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримов еки мәмлекет арасында мәмлекетлер аралық қатнасықлар тийкарлары ҳаққында шәртнамаға қол қойысты.

1992-жыл 2-июльде Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашының онышы сессиясы ашылып, онда «Билимлендириў ҳаққында», «Өзбекстан Республикасы пуқаралығы ҳаққында», «Қорғаныў ҳаққында», «Улыўма әскерий миннет ҳәм әскерий хызмет ҳаққында», «Өзбекстан Республикасының жаңа мәмлекетлик герби ҳаққында» және басқа да нызамлар қабыл етилди.

Герб ортасында бахыт қусы—Қумай. Бул қус ертеклерде айтылыўынша Рустем батырды жети зулметтен қутқарған Семург деп аталған Қумай қус Наўрыз бенен бирге мың жыллар даўамында Әмиўдәрья менен Сырдәрья бойларындағы халықларымыздың әрманларын тәрийиплейди.

Өзбекстан Республикасының 1992-жыл 2-июльдеги қабыл етилген «Байрам күнлери ҳаққында»ғы Нызамға муўапық, Өзбекстан Республикасында төмендеги күнлери байрам (дем алыс) деп белгиленди.

1-январь—Жаңа жыл.

8-март—Халық аралық ҳаял-қызлар күни,

21-март—Наўрыз байрамы,

9-май—Еслеў ҳәм қәдирлеў күни,

1-сентябрь—Ғәрезсизлик күни.

1-октябрь—Муғаллимлер ҳәм устазлар күни.

8-декабрь—Конституция қабыл етилген күн.

Руза Ҳайти (Ийд ал-Фитр)—диний байрамның биринши күни.

Қурбан Ҳайти (Ийд-ал-Адха)—диний байрамның биринши күни.

Өзбекстан Ғәрезсизликке ерискен бир жыл ишинде оны 1992-жыл 1-сентябрьге дейин дүньяның 120 дан артық ели тән алды.

1992-жыл 8-декабрьде он екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашының он биринши сессиясында Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабыл етилди.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 1992-жыл 10-декабрьде болып өткен XI сессиясында «Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни ҳаққында»ғы Нызам қабыл етилди. Шайыр Абдулла Арипов ҳәм музыкасы композитор Мутал Бурханов тәрепинен таярланған гимн варианты тастыйықланды.

1993-жылы 4-мартта Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманы менен биринши жоқары дәрежели белги «Соғлом авлод учун» ордени шөлкемлестирилди. Оның I-II дәрежеси бар.

1993-жылдың март айында автомобиль ислеп шығарыўшы завод «УзДЭУ авто» аты менен дизимге алынды ҳәм Андижан ўәлаятының Асака қаласындағы прициплер ислеп шығарыў кәрханасы тийкарында, оны қурыў басланды. Ол, 1996-жылдың 19-июль күни Кория Республикасы менен биргеликтеги бул кәрхана иске түсти. 1996-жылы март айында «Дамас», июнь айында «Тико», июль айында «Нексия» автомашиналары ислеп шығарылды.

1993-жыл 31-августта Ташкентте Әмир Темур естелиги ашылды.

1993-жыл 26—28-сентябрьде БМШтың Ассамблеясында биринши рет Өзбекстан Республикасы Президенти И. Каримов сөз сөйледи.

1993-жыл 24-октябрьде Ташкентте БМШтың ўәкилханасы ашылды.

1994-жыл Мырза Улуғбек жылы деп жәрия етилди.

1994-жыл 5-майдан Өзбекстан Республикасы Олий Кенгашының он бесинши сессиясында «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын белгилеў ҳәм Жоқары нышан (белги) «Алтын Жулдыз» медалын, «Мустакиллик», «Дослық» орденлари менен бирге «Жасорат», «Шуҳрат» медалы ҳаққында Нызамлар қабыл етилди.

1994-жыл 16-июньдеги Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасының миллий валютасын айланысқа енгизиў ҳаққында» ғы пәрманы тийкарында 1-июльден баслап Өзбекстанның миллий валютасы—сум ақша айланысына киргизилди. Қағаз пуллар 1, 3, 5, 10, 25, 50, 100 сумлық, металь теңге 20, 50 тийинлықлар нақ пул айланысына енгизилди. Пулларға Ә.Наўайыға қойылған естелик ҳәм Ҳазрат Бахавуддийин Нақшбанд мақбарасы сүўрети түсирилген.

1994-жылы «Өзбекстан Республикасы жергиликли ҳәкимият басқармаларын шөлкемлестириў ҳаққында» Нызам қабыл етилди.

1990—1994-жылларда Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Кенгашы 200 ге жақын Нызам, 500 ден аслам қарар қабыл етти.

1994-жыл 23-апрельде «Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық жәмийетлик орайын шөлкемлестириў ҳаққында» Президент Пәрманы шықты ҳәм орайдың жанынан «Алтын мийрас» халық аралық қайырқомлық қоры дүзилди.

1995—1997-жылларда жети сессия өткерилип оларда 100 ге жақын нызам менен 120 дан артық қарар қабыл етилген.

Олий Мажлис (1995-жыл декабрьде) «Латын жазыўына тийкарланған. Өзбек әлипбесин енгизиў ҳаққында» қарар қабыл етти.

1995-жыл май айында «Өзбекстан Қаҳарманы» атағы ҳәм «Алтын Жулдыз» медалы шөлкемлестирилди және биринши болып оның менен И.Каримов сыйлықланды.

Сондай-ақ, «Ғәрезсизлик», «Әмир Темур», «Уллы хызметлери ушын», «Ел журт ҳүрмети», I—II дәрежели «Саламат

әўлад ушын», «Мийнет даңқы», I—II дәрежели «Шан-шуҳрат» ҳәм де «Дослық» орденлери менен «Батырлық», «Даңқ» медаллары ҳәм басқа да ҳүрметли атақлар шөлкемлестирилди.

1995-жыл сентябрьде Ел Президенти жанындағы мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы Академиясы шөлкемлестирилди.

1997-жыл 22-июльдеги Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманы менен үлгили инсанларға арнап, өңирге тағатуғын «Өзбекстан белгиси» медалы шөлкемлестирилди.

## СУВЕРЕНЛИ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ӨЗБЕКСТАН МӘМЛЕКЕТИ ҚУРАМЫНДА

1924-жылы Түркстан АССРының Әмиўдәрья ўәлаяты ҳәм Хийўа ханлығының Хожели, Қоңырат районлары аймағанда Қазақстан АССРы қурамында Қарақалпақстан ўәлаяты дүзилди.

Қарақалпақстан 1930-жылдан РСФСР қурамына кирди.

1932-жылы Қарақалпақстан Автономиялы Республика болды.

1936-жылы Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасы қурамына кирди.

Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлик алғаннан кейин (1991-жылы 1-сентябрь) Қарақалпақстан Республикасы суверенли ел сыпатында оның қурамында.

1990-жылы 14-декабрьде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң IV сессиясында «Өзбекстан Республикасы қурамында Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик суверенитети ҳаққында Декларациясы» қабыл етилди. Бул декларация 1991-жылы 31-августтағы «Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ғәрезсизлиги тийкарлары ҳаққында» Нызамы менен беккемленди.

Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстан Республикасы тәрепинен қорғалады. (Өзбекстан Республикасы Конститутциясы 70-статья).

1993-жылы 9-апрельде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң XII сессиясында Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы қабылланды.

1992-жылы 14-декабрьде Қарақпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң XI сессиясында Қарақалпақстанның мәмлекетлик байрағы қабыл етилди.

1993-жылы 9-апрельде Қарақалпақстан Республикасы XII сессиясында Мәмлекетлик герби, ал 1993-жыл 4-декабрьдеги XIV сессияда Мәмлекетлик Гимн тастыйықланды.

Бул гимн радио менен телевидиние арқалы ҳәр күни азанда ҳәм кеште және салтанатларда бизиң мәмлекетшилигимиздиң бир белгиси сыпатында жаңлап турады.

## КЕГЕЙЛИ РАЙОНЫ ШӨЛКЕМЛЕСКЕН 1928-ЖЫЛДАН БЕРЛИ РАЙОННЫҢ БИРИНШИ БАСШЫСЫ ЯМАСА РАЙОНЛЫҚ ПАРТИЯ КОМИТЕТИНИҢ БИРИНШИ СЕКРЕТАРЫ, ҲӘКИМ БОЛҒАНЛАР ҲАҚҚЫНДА МАҒЛЫЎМАТ

1) 1928-жылдың 6-август күни Кегейли районлық партия шөлкеминиң биринши шөлкемлестириў жыйналысы болып, онда Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Жуманияз Мәткаримов сайланған. Буған дейин ол интернатта тәрбияланған. Аллияр Досназаровтың баслама-жолламасы менен Ташкент қаласында оқыған. Өз заманының белсендиси болып көзге түскен.

1938-жылдың 2-июнь күни Жуманияз Мәткаримов ӨзКП (б) обкомының аўыл хожалығы бөлим баслығы болып ислеп жүргенде Қарақалпақстан ИИХКның Қәўипсизлик Бас Басқармасы тәрепинен қамаққа алынады. 1940-жыл 29-январьда жынайый иси қайта қаралып ақланады, қамақтан азат етиледи. Буннан соңғы жыллары ҳәр қыйлы жумысларды атқарып еткен.

2) 1932-жылы Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Жаңабазар болыслығы, Қылқалы елатында туўылып өсип тәрбияланған, Көптилеў Нурмуҳаммедов, Қасым Әўезовлар менен әдеўир жақсы қатнаста болған Емберген Дәлийев ислейди. Ҳәр қыйлы жағдайларға бола оның үстинен арза-шағымлар түседи. Ақыбетинде оны 1933-жылы Тамды районлық атқарыў комитети кеңесиниң баслығы етип жибереди. Буннан кейинги жыллары Кегейли районында колхоз, аўыл кеңес баслығы ҳәм басқа да жумысларды атқарып 1980-жыллары қайтыс болған.

3) 1933—34-жыллары Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып ислеген Абдулла Ирманов (1901—1960.ж.ж) Қарақалпақ халқының белгили улларынан саналады. Ол 1915-жыллары мәрдикарға алынған, биринши жер жүзилик урысқа қатнасқан. Урыстан келип Хорезм ҳәм Қарақалпақстан Республикаларында партия жумысларында, қазақ-қарақалпақ обкомының жуўаплы секретары, Қарақалпақстан областлық профсоюз шөлкеминиң баслығы, ҚҚАССР Жер ислери халық комиссары болып ислеген. 1935—36-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик театрының директоры болып ислеп турған дәўиринде қуўдалаўшылыққа ушырап, 2,5 жыл қамақта, тергеў азабын көрип оннан 1939-жылы ақланып шығады. Буннан соңғы жыллары да халық хызметинде болған.

4) Түркменбай Таўманов 1901-жылы Төрткүл районы Шыбықлы аўылында туўылған, қазақ миллетиндеги инсан болып, ол дәслеп ҳәр қыйлы жумысларда ислеген. Саўаты төмен. 2 жыллық таярлаў мектебин питиреди. Областлық «Қосшы» аўқамы баслығы, Тамды райкомы секретары, Қыпшақ райкомының жуўаплы секретары, кейин Ташкент қаласында оқыўда, 1935-жылдың 10-январынан Кегейли райкомының биринши секретары.

1937-жыл 27-майдағы көрсетпе тийкарында ҚҚАССР-дағы контрреволюциялық көтерилисшилер шөлкеминиң Шымбай филиалы ағзалары, деп есапланғанлар қатарында, оның Кегейли районындағы басшылары деп саналған Түркменбай Таўманов өзи менен бир шөлкемде ҳәрекет етти, дегенлер менен бирге 1938-жылдың 13-октябринде жабық мәжлис шешими тийкарында атылып кеткен.

5) 1939—40-жылларда Қанназаров деген Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып ислеген. (Ол туўралы басқа мағлыўматларға ҳәзирше ийе емеспиз).

6) 1941—42-жыллары Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Нурымбет Қурбанов ислеген. Қарақалпақтың мәрт жигитлеринен болған Н.Қурбанов 1942-жылы екинши жер жүзилик урысқа әскерлерди әкетип, урыс жағдайларына бола сол жақта алты айдай иркилип келген. Н.Қурбанов соңғы жыллары

Кеңес районлық партия комитетиниң биринши секретары ҳәм Шоманай районында жуўапкерли жумысларды атқарды. Нурымбет Қурбановтың үлкен улы Амангелди Кегейли районында жуўапкерли жумысларды атқарды.

7) 1943-жылы Қодар Халмуратов Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып ислейди. Буннан соңғы жыллары ол Қоңырат районында бир қанша жуўапкерли хызметлерди атқарған.

8) Мақсет Қобланов 1944—45-жыллары Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып жумыс ислеген.

9) 1946—47-жылы Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып Палўанияз Сейткамалов ислейди. Ол соңғы жыллары Шымбай районында жумыста болды ҳәм жасап өтти.

10) 1948—52-жыллары Жолымбет Сейтниязов Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретарлығын атқарды. Буннан соңғы жыллары ол Қарақалпақстан Республикасында бир қанша жуўапкерли, басшылық жумысларды атқарды.

11) Абдуллаев деген инсан 1952—53-жылы бир жылдай районлық партия комитетиниң биринши секретары болып ислеп кеткен.

12) 1953-жылы Абдулла Қуламанов Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретары болып алты ай ислеген. Соңғы жыллары ол халық хожалығы тараўларында жумыс атқарған.

13) 1954-жылы Хайров деген инсан Кегейли районлық партия комитетине бир жылдай басшылық етип кеткен.

14) 1955—56-жылы Ҳинди Мақмудов Кегейли районлық партия комитетине басшылық еткен. Кейин ол, өзи келген Самарқанд елине қайтқан.

15) Дәўлетбай Дәўлетмуратов Кегейли районлық партия комитетине 1957—60-жыллары басшылық етти. Ол соңғы жыллары ҳәр қыйлы хожалық жумысларын атқарып, дүньядан өтти. Перзентлери халық хызметин атқармақта.

16) Тоқтабай Наўрызбаев 1961—62-жылы Кегейли районлық партия комитетине басшылық етти. Ол соңғы

жыллары аўыл хожалығы бойынша Республикалық көлемдеги басшылық лаўазымларды атқарды. Перзентлери ел хызметинде.

17) Пиржан Халмуратов 1962—73-жыллары Кегейли районлық партия комитетиниң биринши секретарлығы лаўазымын атқарды. Буннан кейин бираз жыл Хожели районлық партия комитетине жетекшилик етти. Кейин ҳүрметли дем алысқа шығып дүньядан өтти. Оның ул-қызлары шәкиртлери, бүгинги күнде халық хызметин атқарып жүр.

18) Кегейли районлық партия комитетине 1973—84-жыллары Ниязбек Қойлыбаев биринши секретарь болды. Ҳүрметли дем алысқа шыққаннан кейинде жуўапкерли жумысларды атқарды. Перзентлери жуўапкерли жумысларды атқармақта.

19) Сейтназар Ержанов Кегейли районлық партия комитетине 1984—88-жыллары басшылық етти. Буннан соңғы жыллары Республика көлеминдеги басшылық хызметлерин атқарды. Соңғы жыллары Салық саласында жуўапкерли жумыс ислемекте.

20) 1988-жылдың сентябринен 1989-жылдың февралына дейин Кегейли районлық партия комитетине Тәжетдийин Керимзатов басшылық етти. Буннан кейин Мойнақ районына, Қарақалпақстан Республикалық электр тармақларына басшылық етип, дүньядан өтти.

21) 1989-жылдан 1993-жылдың сентябрине дейин Кегейли районына Байнияз Бекниязов басшылық етти.

Б.Бекниязов дәслеп районлық партия комитетиниң биринши секретары, кейин районкеңестиң баслығы, оннан кейин район ҳәкими болды.

22) 1993-жылдың гүзинен 1996-жылдың гүзине дейинги аралықта Кегейли районына Мақсет Байниязов басшылық етти.

23) 1996-жылдың декабрь айынан 2002-жылдың август айына дейин Кегейли районы ҳәкими болып марҳум Дәўлетбай Қошқарбаев иследи. Соңғы жыллары ол өз қәнийгелиги бойынша жумыс атқарды.

24) 2002-жылдың 7-августынан баслап Иматов Полатбай Кегейли районы ҳәкими болып ислеп киятыр.

## КУЙБЫШЕВ ҲӘМ БОЗАТАЎ РАЙОНЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА ҚЫСҚАША МӘЛИМЛЕМЕ

1942-жылы Әмиўдәрьядан жыққын кетип орайы ҳәзирги Нөкистеги гөне қала елатында болған Қуйбышев районы атамасы менен Қуйбышев районы орайы ҳәзирги Халқабад қаласына көширилген. Бул районда соңғы жыллары районлық партия комитетиниң биринши секратары болып Жалғас Жолдасов, Искендер Пирназаров, Емберген Мамутов, Мәтен Матназаров, Есемурат Өтәмбетов, Қәллибек Камаловлар иследи. Олар соң Республикалық көлемде басшылық жумысларын бираз жыл атқарды. Бул район 1959-жылы тарқатылып, Кегейли районына қосылды.

1969-жылы Бозатаў районы мал шарўашылығы болып шөлкемлести. Дәслеп бул районды тек районлық Совет атқарыў комитети болып, оның баслығы Узақберген Тилеўмуратов иследи. 1983-жылы районлық партия комитети шөлкемлесип оның биринши секретары болып Сәбит Мәтжанов, оннан кейин Т.Ж.Керимзатовлар иследи. Бул районды соңғы ўақытлары районлық кеңес, районлық атқарыў комитети, ҳәкимлик басқарыўында Аяпберген Толыбаев, Бахыт Абдуллаев, Бекберген Бектурдиев, Жолдасбай Қарабаев, Шәрибай Бердақов, Әсенияз Жумановлар иследи.

## ЖУЎМАҚЛАЎШЫ ШОЛЫЎ

Тарийхта орны гиреўли болған Кегейлидей елаттың бурынғы ҳәм ҳәзирги сорамында көплеген тарийхый орынларын, ондағы ислеп кеткен адамларын, тоғайларын және көллер, каналларын, басқа да дыққатқа сазаўар болған дәреклерин орынлы еслеймиз.

Қарақалпақлар XVII әсирге дейин Шыңғыс хан заманында ҳәр қыйлы жағдайларға бола ата мәканынан посып, тым-тырақай шашылып, түрли жерлерде жасап, не бир азапларды басынан кеширсе де өзлигин жоғалтпаған. Заман айланып XVII әсирде ата мәканына, Әмиўдәрья менен Арал теңизи жағасына екинши рет тийкарлы түрде мәкан басқан. Халқымыздың ата мәканындағы жағдайлы жерлерге келип орналасыўында аты тиллерде дәстан болған

ақмаңғыт Маман бий Кегейли сорамында көп кәтқудашылық еткен. Сол Маман бийдиң руўхларын шад етиўши оның әўладлары ҳәзирги заманда Нөкис, Кегейли, Шымбай районлары сорамында жасап атыр. Анығырағы, «Болыс аўыл» деген Шымбай районы, 8-аўыл-«Қызыл өзек» хожалығындағы аўыл сол Маман бий улы Досымбет болыс, Досымбет баласы Сапар болыс болып, оның және бир әўлады Әбдимурат болыслар ҳүрметине «Болыс аўыл» атанған. Олар улыўма 30 жылдай болыслық еткен. Бул жерде ҳәзир 150 ге жақын хожалық жасайды.

«Хан қасында Қабыл зор» деген кенегес Қабыл бий, оның баласы Ерназар аталық, оның баласы Сейтназар ҳажы, оның баласы Қудайназар кандилет жасап өткен жерлер Кегейли сорамы, ҳәзирги Абат аўыл пуқаралар жыйыны аймағы.

Шымбай уездиниң суў мәселеси бойынша жуўапкерли адамы, 12 болыслыққа суўды ретлестирип берип, ондағы ушырасқан машқалаларды жөни менен шешип, кимсең «Дәўлет помощник» ямаса Дәўлет мурап яки Дәўлет пушық атанған мамықшы Дәўлет Әллеков (Алламбергенов) Жаңабазар пуқаралар жыйыны аймағында туўылып, өсип усы жерде жасап өткен. Ол көплеген каналларды қазыўға басшылық еткен. Жаңадан каналлар қаздырған. Тиккелей Дәўлет Әллековтың жойбары менен «Ғарға түбек» тиң өринен саға алдырып «Қарасыйрақ жап»ты қаздырып, оған мурап етип дайысы қарасыйрақ руўынан Саман улы Ҳәбийбулланы таярлаған ҳәм Ҳәбийбулла мурап қазыўға басшылық еткен.

Қарақалпақлар Ағабий ҳәм оның еки беглер бегиси тәрепинен басқарылып турғанда соның бир Беглер бегиси маңғыт Дәўлетназар Беглер беги болған. Оның басшылығында «Жилўан жап» қазылған. Дәўлетназар Беглер бегиниң бир баласы Байжан (Байназар) Байжан баласы Айназар тәуип, оның баласы Шерназар агроном ҳәм олардың үрим-путақлары районда белгили адамлар.

Уллы Имам Ийшан өзиниң оқымыслы әўладларын Қарақалпақ елиниң көп жерлерине орналастырып, илим, билим, тәлим-тәрбия исине салмақлы үлес қосқан инсан-

лардан. Оның көплеген әўладлары бизиң районымыз сорамында жасап атыр. Солардың ишинде айтажағымыз Баҳаўатдиийин улы Убайхан. Оның жасаған жери «Қум өзекли» ийшанлар аўылы депте аталған. Түркмен баспашыларының жәбир-жапасынан көп азап көрген қарақалпақларды сол зулымлықтан қутқарыўда сәрдарлық етип Хан мақсым лақабын алған Убайхан баспашылардан қорғаныў ҳәм оларға соққы бериў мақсетинде қорған-қалаша дүзетип, ол кейин ала ийшанлар ҳүрметине Ийшан қала, 1918-жылғы соңғы қорғаныў, сақланыў ушын жыйналыўға байланыслы Ийшан қамал депте аталған. Усындай бир ўақытта 1918-жылы Кеңес ҳүкимети ўәкиллери ҳәм баспашы Ханжөнейд пенен бир-биреўге оқ атыспаў бойынша дүзилген келисим тийкарында енди урыс болмайды, Халық абад болады, деген хабар, пикир менен Ийшан қала қасындағы елат 1919-жылдан Халқабад атанып кеткен.

Районның мақтанышлы ҳәм даңқлы көллеринен «Даўыткөл», «Нағалай», «Көкшийел», «Бес қуйы», «Ақтуба» ҳәм басқаларының көп жерлерге белгили болыўы бизлер ушын мақтаныш. «Кегейли», «Қуўаныш жарма», «Абат жап», «Жилўан жап», «Қарасыйрақ жап», «Тентек жап», «Жалпақ жап», «Тарақлы жап» ҳәм басқа да усыларға тақаббыл жаплар тийкарғы суў жоллары, халық абаданшылығының бир тийкары.

Тәрийиплесең турарлық, мақтарлық сөз табыла беретуғын усындай жерлер менен елатлар, тоғайлары менен «Қусхана таў» ҳәм «Порлытаў» лары мененде мақтанады. Дәрьяға жақын жердеги бул таў дөгерегин суў алып, қуслар таў төбесине шығып халық дыққатын аўдарыўынан Қусхана таўы деп аталып кеткен. 1920-жыллары туўылып, сол дөгеректе өскен жасы үлкенлердиң айтыўы бойынша 1930-жыллары Қусхана таўының қыр дөгереги көк-көмбек суў болып турады екен.

Сол Қусхана таўының тусларында XX әсирдиң басларында кемеге көп қазан тийеп киятырғанда дәрьяның пәтли ағасы ҳәм басқа да кесент етиўши нәрселер, дегиш алып қопарылған торaңғыллардың кесиринен қазан тийелген кеме дәрьяда аўдарылып кеткен. Соннан сол

жерлер «Қазанкеткен» атанған. Ал «Порлытаў» да ҳақыйқатында ҳәк бар.

Жигирмаланшы әсирдиң биринши шерегиндеги қыянкести, оннан кейинги ала-сапыранлы жылларда да халқымыздың бирлигин сақлаўда, елди ел, жерди жер етип халқы менен бирге талай асыўлардан өткен, гейпарасы сол өтиў жолларында ҳәр қыйлы тосқынлықларға, жәбиржапаларға ушыраған ларыайтарлықтай болған.

Сондай азаматлардың бири, Хийўада медресе питирип, «Жалпақ жап» елатындағы «Әйтеке» аўылында Өтепберген ийшан мешитинде мектеп молла болып жүрген, кейин ҳүкимет жумысына араласып, қарақалпақтың өз алдына отаў көтериўинде  Аллияр Досназаров пенен бирге ат салысқан Ибрайым Бекимбетовты, Қарақалпақстан Республикасының 2005-жылы шыққан Жаңа тарийхында ҳүрмет пенен жазылған  Ақтуба бойында туўылып, өсип, камалға келген қарақалпақ мәмлекетшилиги ушын пидайылық көрсеткен, қуўдалаўшылық қурбаны болған Мәткерим Беканов, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы суды баслығы болып ислеп турған дәўиринде қуўдалаўшылыққа ушырап атылып кеткен Алланазар Пирназаров, сол ХХ әсирдиң отызыншы жыллары ҳаял-қызлардан шыққан белгили белсенди Жумагүл Сейитова ҳәм усындай көплеген ата-аналар ҳүрмет пенен халық тилинде.

Буннан соңғы ҳәр қыйлы жылларда усы Кегейли сорамына киндигиниң қаны тамып, өсип, өнип, түрли салаларда хызмет етип елдиң нәзерине илинген, халыққа басшы болып, иззет-ҳүрметке миясар болған талай азаматлар бар. Олардан Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Совети Президумының председатели болып узақ жыллар ислеген, қарақалпақтың «Атахан-ақсақалы» атанған Мәтеке Жуманазаров, буннан кейинги ҳәр қыйлы жылларда Республика көлеминде үлкен жуўапкерли жумысларды атқарғанлар көплеп табылады. Олардан Муса Тәжетдийинович Ерниязов, Кеңесбай Реймов,  Караматдийин Әбдижәлиев.

Ҳәр қыйлы жылларда Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан көлеминде бир қанша жуўапкерли жумысларды атқарғанлардан ҳәм атқарып жүргенлерден Абдулла Бекманов,

Қайратдиийин Мәткәримов, Узақберген Тилеўмуратов, Орынбай Қунназаров, Айназар Қунназаров, Сабыр Өтениязов, Қосберген Мусаев, Мыңбай Юсупов, Жаңабай Алламуратов, Оразбай Тәженов, Улмамбет Хожаназаров, Әжинияз Тәжибаев, Шарап Уснатдинов, Жаңабай Шылманов, Мақсет Бабаниязов, Сейтназар Ержанов, Әбдикәрим Мәмбеткәримов, Кеңесбай Хожабаев, Дәнил Якупов, Есбаўлы Балтабаев, Бекберген Бектурдыев, Турдымурат Қутлымуратов, Бердимурат, Мир Панаевлар, Әсенияз Жуманов, Қуўатбай Жумамуратов, Жолдасбай Турдымуратов, Қутлымурат Панаев, Султамурат Қутлымуратов, Батыр Мырзаев, Дәўлетбай Халмуратов, Хожамурат Қыйыпназаров, Көшкинбай Бердиниязов, Жаңабай Исаков, Мақсет Шаңкиеев, Саламат Бегалиев және басқа да усындай бираз азаматларды халқымыз ҳүрмет пенен тилге алады.

Районымыздың халық хожалығының түрли тараўларында жигирмаланшы әсирдиң отызыншы жылларынан баслап хызмет атқарып, елдиң бирлиги, раўажланыўы ушын ислеген жумыслары нәтийжесинде көптиң ҳүрме-тине бөленлеңгенлерден Қанияз Ҳабийбуллаев, Жәндулла Юсупов, Сейтек Халмуратов, Бәкир Кәримбердиев, Рейим Бердиев, Ибрайым Қәдирбергенов, Абыл Өтеўлиев, Дәўлет Палымбетов, Елмурат Хожанов, Қәлендер Юсупов, Бердибай Айназаров, Бердақ Жанназаров, Балташ Дәнияров ҳәм усындай бираз азаматлардың атларын айта берсең арзыйды.

Жигирмаланшы әсирдиң алпысыншы жылларынан халыққа танылғанлардан Мәтали Емжаров, Қошқарбай Байдуллаев, Сейдулла Нетуллаев, Рейим Сәңкибаев, Тилеў Әбдисаламаов, Әбен Бердақов, Сәрсен Төлеев, Жапақ Әтегенов, Дәўлет Киркабакова, Багзада Сапарова, Жумақ Қайыпбергенова, Абдулла Сыйпатдинов, Айтмурат Қудайбергенов, Әсен Қәлийлаев, Пиримжар Қәлендеров, Бегнияз Өтеназаров, Раман Әўезов, Бегимбай Айымбетов, Узақберген Жуманазаров, Жоллыбай Қудайназаров, Нәжим Қосжанов, Қошым Байниязов, Тилеўбай Ҳәмзиев, Пурхан Сапарниязов, Балтанияз Әзилхановларға усаған азаматлар пидайылық хызмет атқарған болса Турдыгүл Султанова,

Жақсымурат Айданиязов, Бердибай Қурбанов, Үсенбай Балтаниязовлар мийнет қаҳарманы атағын алды.

Халық хожалығының ҳәр қыйлы тараўларында түрли жылларда жуўапкерли жумысларды атқарғанлардан Узақберген Ережепов, Убайдулла Жаўлыбаев, Әмет Арзыев, Сабыр Зыяўов, Қудияр базарком, Жолдас Сапашев, Тәжет Шыразов, Сапар Саршаев усаған бираз адамлар болды.

Өткен XX әсирдиң 1970 ҳәм 1980-жылларында ири хожалықларды басқарғанлардан Ернияз Панаев, Абат Жәлимбетов, Шерназар Айназаров, Мухтар Абдуллаев, Абат Қалбаев, Ережеп Алланиязов, Өтеген Ийшанбаев, Әзербай Бердиниязов, Ешбай Баймуратов, Орақбай Байжанов, Кеңесбай Реймов, Султан Қаниязов, Қайыпберген Юсупов, Таңатар Абдуллаев, Халмурат Султамуратов, Аманбай Алланиязов, Кеңесбай Нурышев, Каналбай Нызекеев, Амангелди Қурбанов, Бектурсын Қыйыпов, Сағыйдулла Ҳәбийбуллаев, техника инженери тараўында Оразбай Қазақбаев, Базарбай Иматов, Дәлибай Мәмбеткәримов, Узақбай Бекниязов, Марат Атажанов, суў хожалығында Бекбаўлы Балтабаев, Бекан Абдуллаев, Мәмбетмурат Камалов, Жолдасбай Ибрагимов, Толыбай Матеков, қурылыста Аманжол Муратов, Ермекбай Пирниязов, Майрамғалий Болтаев, 2000-жылдан кейинги фермерлик исинде Өткирбай Нурымбетов, Мақсет Султанов, Рустем Шукуруллаев ҳәм басқа да бираз азаматлар әдеўир хызметлер атқарды ҳәм атқарып атыр.

Нызамшылық тараўында Тәжетдин Ерниязов, Асқар Мәмбетназаров, Сәрсенбай Алламжаров, Исақ Жолдасов, Алланияз Сапарниязов, Абылла Нызанов, Базарбай Айтымбетов, Әбдикерим Нурымбетов, Базарбай Ниязов, Абатбай Дабылов, Жалғасбай Нурназаровлар халық нәзерине илинди.

Ағартыўшылық тараўында көплеген инсанлардың исмишәрипин келтириўге болады. Солардың ишинде узақ ҳәм жақын жылларда әдеўир нәзерге илинип жумыс жүргизгенлерден Ныязбек Қойлыбаев, Қалбай Халмуратов, Есберген Қутлымуратов, Өтеген Хожанов, Рзамурат Бердимуратов,

Емберген Еримбетов, Сейтмурат Панаев, Жарылқап Аллияров, Бекмурза Бекмуратов, Ислам Қутлымуратов, Жийенбай Мырзатаев, Сейилбек Алдамбергенов, Айтбай Сапаров, Зайлағый Тилеўов, Атабай Дошетов, Әсаматдин Пурханов, Узақбай Отарбаев, Сәрсенбай Бекбаўлиев, Узақбай Нуржанов, Айтбай Қалбаев, Сәрсенбай Қошанов, Азат Реймов, Хожамберген Қурбанов, Елмурат Алламуратов усаған бир қанша устазлар шәкиртлеринде жақсы пикирлер қалдырды.

Ислам дининиң ағла үлгилерин халыққа жеткериўде улама ҳажы Алматдийин Әбу улы Әбдиразақов.

Ден саўлықты сақлаў тараўында Сейтмурат Жақсымуратов, Қоныс Айжигитов, Зәҳәратдин Нызанов, Нурлыбай Муталиев, Балташ Қалбаев, Сайлаўбай Хожабаев, Шанияз Ахетов, Сайытбек Сайыпназаров, Шейхназар Алланиязов, Абат Сейтмуратов, Жәндулла Қайыпов, Оңғарбай Шаниязов, Абатбай Арзымов, Жәндулла Ҳәбийбуллаевлар бир қанша унамлы ислери менен нәзерге түссе, соңғы ўақытлары Оразгүл Низаматдинова, Сәбит Сабырқулов, Табынбай Жолдыбаев усаған көплеген шыпакерлер, дәри-дармақ таярлаўда Мамлакат Умарова, Марияш Камаловалар табыслы иследи.

Экономика, саўда, байланыс ҳәм басқа да усындай тараўларда Шыйықназар Еримбетов, Жумабай Досымбетов, Бегдулла Мырзамбетов, Ҳәкимбай Кәримбердиев, Қалпақбай Зорбаев, Сәтбай Әўезов, Арзыгүл Өтегенова, Муратбай Искендеров, Моқыр Жәненов, монтер Ернияз Айтымбетов ҳәм басқалар әдеўир унамлы жумысларды иске асырды.

Халықты көпке танытатуғын көркем өнер тараўында пидайы хызмети менен танылған, киндик қаны Кегейлидей жерге тамып, ер жетип ел-журтының ҳүрметине бөленген инсанларымызда көп. Олардан Ақтуба көли бойында туўылып, Шымбайдай елде дөретиўшилик исин даўам еттирген, уллы сөз шебери, қыссахан, шайыр болып жетилискен Қазы Мәўлик, Жаңабазар елаты, Абат жап бойында туўылып камалға келген, сегиз қырлы, бир сырлы, шайыр болған Қаратай улы Жаңабай Палўан, «Едиге» дәстанының ең жақсы үлгисин бизлерге дейин жеткерген улама Ерполат жыраў, Сыдық ҳәм Садық шайыр Нурымбетов, жазыўшы ҳәм драматург Сапар Хожаниязов, Әмет Шамуратов,

Рәмберген (Рәм) шайыр Хожамбергенов, Тәжетдийин Сейтжанов, Улмәмбет Хожаназаров, Шаўдырбай Сейтов, Узақбай Пиржанов, Әбдиразақ Сейтжанов, Әжинияз Тәжибаев, Кеңесбай Рахманов, Теңелбай Сәрсенбаев, Базарбай Қазақбаев, Абатбай Кирқабақов, Қәлийла Дәўлетназаров, Минайхан Жуманазарова, Базарбай Сейтаев, Муратбай Нызанов, Яқыпбай Әжимов, Оразбай Сәтбаев, Сағындық Ембергенов усаған инсанлар ел нәзеринде.

Журналистика ҳәм баспасөз ислеринде белсене көринген Есенбай Ерманов, Елмурат Байназаров, Пердегүл Хожамуратова және бир қанша инсанлар республика көлеминде ислеп атырса Елеген Өтегенов, Атахан Хожанбаев, Жарасықбай Сержановлар районда көплеген жумысларды атқарды және атқармақта.

Сахнаны гүл жайнатып, оған жан ендирип ҳүрметке бөленген артист ҳәм артисткалардан Сапаргүл Әўезова, Оразгүл Дәўлетова, Жақсымбай Бекмуратов, Әбилҳақ, Әбилқасым (Қасым) Жүгинисовлар, Аманияз Жүзимбетов, Досберген Ранов, Нажиматдийин Аңсатбаев, Турсын Қайыпназарова, Роза Қутекеева, Азат Аңсатбаев, Дәлибай Мәмбетмуратов, Сағынбай Мәтмуратовлардың изи даўам етип атыр.

Жигитлер менен шағаланы сахнада шарқ урдырып, ойыншы қыз-жигитлерди түрли муқамга дөндирип ел-журтын көп жерлерге таныткан Полат Мадреймов, Турдыбай Хожасовлар өз алдына бир төбе.

Жигирмаланшы әсирдиң екинши ярымында илимге араласқан, илимпаз Жамурат Қутлымуратов, Кәримбай Қудайбергенов, Жаңабай Нарымбетовлар сол ўақытлары бизиң елимизде тоңсықлаў болған профессор деген дәрежеге дәслепкилерден болып ийе болды. Сол Кеңеслер Аўқамы дәўиринде сондай илимий дәрежеге ерисиў аңсат емес еди. Сондай инсанлар менен бир қатарда ҳәм олардың изин ала көплеген азаматлар және оның заманласлары жоқары илимий дәрежелерге миясар болды. Олардан Илимпаз-академиклерден Турсынбай Ещанов, Әмин Бақиев, Абат Дәўлетов, мүсинши-академик Жолдасбек Қуттымуратов, профессор, илим докторлары, илим кандидатларынан

Бердамбет Шамамбетов, Жаңабай Саманов, Камал Мәмбетов, Балтабай Юсупов, Қонысбай Қайыпбеков, Парахат Меңлимуратов, Оралбай Нетуллаев, Өсербай Әлеўов, Қурбанбай Жәримбетов, Елмурат Төрениязов, Қутлымурат Қошанов, Шыраз Мәшерипов, Мәмбетмурат Төрениязов, Үснатдийин Мәткәримов, Аманбай Ещанов, Ғайратдийин Мәмбеткаримов, Жанызақ Есенов, Шыраз Әбдиназамов, Азат Тилеўмуратов, Бахыт Нарымбетов, Байнияз Ибрагимов, тарийхшы Оңғарбай Юсупов, Рашид Ахметшин, Ҳүрлиман Өтемуратова, Дәрибай Дошетовтай инсанлардың дизимин узақ созып жаза бериўге болады.

Көркем өнердиң нәзик тараўларының бири болған сүўретшилик ҳәм мүсиншиликте Дәрибай Төрениязов, Жолдасбек Қуттымуратов, Базарбай Серекеев, Барлықбай Айтмуратов, Жақсылық Төлегеновлардың орны гиреўли болыўы менен мақтана аламыз.

Даңқы Орта Азияданда сыртқа тарап кеткен, Қарақалпақтың миллий дуўтарын соғыўда өзиншелиги менен белгили болған Сейтнияз уста болып табылады. Соның соққан ҳәм сондай дуўтарларды қолына алып оган жан ендирип нама шалып қосық айтқан бақсы, жыраў, сазендеримиизден Есжан бақсы Қосполатов, Тыныбай бақсы, Шаназар бақсы, Карам жыраў Нағымов, Сейфулла жыраў, Өтен Төрешов, Ғайбулла бақсы, Пирнияз Өтегенов, Турғанбай Қәлендеров, Тилепбай Қошқаров, Жалғас Есболғанов, Жумамбет Қыйыпназаров, шебер сазенде Ғайрат Өтемуратов, Қәлбийке бақсы Узақбергенова, Зәрипбай бақсы Абдуллаевлар ҳақ-қында қанша айтсада арзыйды.

Нама шығарыў, сазенделик, дирежёрликте Қурбанбай Зәретдинов, Ғәний Аманиязов, Қарлыбай Әйекеев, Қудайберген Палўаниязов, Қалбай Төлегенов, Зийўатдин Лепесов, музыкантлар Султан Әбдижалиев, Полатбай Қурбаназаровлардың дөретиўшилиги ҳәр қашанда кеўиллерге йош береди.

Ал Турсымурат Хожанов Туў 154 самолетын ҳәм Эллеков заманагөй лайнерди басқарып пәрўаз етип жүр.

Улыўма айтқанда районымыздан жыллар даўамында талай инсанлар жетилип шыққан. Ҳәзирги заманласлар қайырлы ислерди даўам еттирмекте. Ал 2002-жыллардан

кейин Кегейли районы ҳәкими Полатбай Базарбаевич Иматовтың басшылығында район жаңа табысларды қолға киргизе баслады. Районымыз тийкарынан аўыл хожалығы менен шуғалланып бул тараўда Әбдиқәдир Юсупов, қурылысқа Қәллибек Мәмбетов, социал-экономика тараўына Ғайбулла Мурзамбетов, ҳаял-қызлар тараўына Сәнегүл Мамутова, Роза Ержанова, Айсулыў Тәженова, экономика тараўына Барлықбай Ережеповлар көплеген жумысларды атқарды.

Райондағы фермерлер бирлеспелерине Шәмшетдийин Хожамбергенов, Елмурат Тилеўмуратов, Рустем Қойлыбаев, Азат Кәримбердиев, Жуманияз Пирназаров, Аманқос Измағанбетов, Исмайыл Алланиязов, шарўашылық тараўында Жолдасбай Турсынов, Абдуләзийз Халиков, Полат Бийсенов, Абат Мустапаевлар хызметлер иследи.

Сондай-ақ, ири тараўларға Оразгүл Низаматдинова, Әбдирәсули Байназаров, Мурат Қәдиров, Өмирбай Қәдиров, Тилепбай Бекмуратов, Муқамедсақый Хожамуратов, Алматбай Палыбеков, Камалатдийин Омаров, Нурнияз Ҳәкимниязов, Данабай Қайыпов, Парахат Исаков, Нийетбай Хожамбергенов, Эльбурс Әўезов, Әбдиқәдир Примов, Казбек Қойлыбаев, Қуўаныш Аллахов, Клара Досымбетова, Соня Кәримова, Айзада Айтымова, Гулнара Жақсымуратова, Тамара Панаева, Арыўхан Қайыпбекова, Узақбай Өтегенов, Бийсенбай Қоңыратбаев, Дәўлетияр Мәдиреймов, Дәлибай Қойлыбаев, Айдар Жаўлыбаев, Еркин Хожанов, Төлепберген Узақов, Муратбай Асаматдинов, Қуўанышбай Мәмбеткәримов, Полат Әдилчаев, Әнбар Оспанов, Жолымбет Баймуратов, Ықлас Жиемуратов, Аяпберген Толыбаев, Салимжан Қурбанов, Өмирнияз Төренийазов, Пердебай Қурбаназаров, Шәрибай Бердақов, Әбдиўәлий Ерназаров, Аманбай Жумамуратов, Базарбай Қазақбаев ҳәм басқа да көплеген инсанлар елимиздиң раўажланыўына салмақлы үлеслерин қосты.

Бул жоқарыда аты аталған және сол тақлеттеги көплеген инсанлардың ҳәр бириниң өзи өз алдына гүрриң етиўди талап етеди. Биразының ерискен даңқ, мәртебеси, ҳүрметли атақларын дизип отырсаң дерлик бир беттиң өзине жай болады.

Олардың бәрин дизип жазып отырмай ҳәзирше тек аты-жөнин келтириў менен шеклендик. Жәмийетлик турмысымызға дыққат пенен қараған инсанлар олардың аты-жөнин оқыўдан-ақ биразын әдеўир дәрежеде танып- билип алады, деген пикирдемиз.

Сондай-ақ, ҳәр күн, ай, жылдың өзине ой жиберип қарасаң оларда өз алдына бир тарийхы. Мысалы, 1996-жылдың «Әмир Темур жылы», 1997-жылдың «Инсан мәплери жылы», 1998-жылдың «Шаңарақ жылы», 1999-жылдың «Ҳаял-қызлар жылы», 2000-жылдың «Саламат әўлад жылы», 2001-жылдың «Ана ҳәм бала жылы», 2002-жылдың «Қарияларды қәдирлеў жылы», 2003-жылдың «Абат мәҳәлле жылы», 2004-жылдың «Меҳир-мириубет жылы», 2005-жылдың «Саламатлық жылы», 2006-жылдың «Қәўендерлер ҳәм шыпакерлер жылы», 2007-жылдың «Социаллық қорғаў жылы» деп аталыўы және де сол тийкардағы бағдарлар бойынша айтса арзырлық жумыслар исленди.

Улыўма айтқанда жигирма биринши әсирдиң басына келип пахта монополиясына азда болса шеклеў болып, өзимизди-өзимиз дән менен тәмийин етиўде, билимлендириў, ден саўлықты сақлаў, қурылыс және басқа да тараўларда жаңаша өзгерислер жүз берди. Олардың ишинде, улыўма бул мийнетте есленбей қалғанлар болса, олар алдағы ўақытлары итибарға алынады деп ойлаймыз. Солай етип, келешекте Кегейли районының еледе өркинлеп раўажланыўына, «Кегейли тарийх жылнамасында» бола бериўине буннан былайда үлгили, қайырлы ислери менен үлес қосып, орнының гиреўли екенин тастыйықлап бара бериўине тилеклеслигимизди билдиремиз.

*ЖИЙЕНБАЙ МОЯНОВ*

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ҲӘМ ДӘРЕКЛЕР

1.Каримов. И. Ә. «Узбекстон XXI әсир босағасында» т. 1997-жыл.

2.Каримов. И. Ә. «Идеология-бул миллеттиң, жәмийеттиң, мәмлекеттиң бирлестириўши байрағы», «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 1998-жыл 2-июль. №78 (17050).

3.Каримов. И. Ә. «Бизиң балаларымыз жақсы, ақыллы, дана ҳәм әлбетте бизлерден де бахытлырақ болыўы тийис ! », «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 1998-жыл 26-декабрь. № 154 (17126).

4.Каримов.И.Ә. «Өзбекстан XXI әсирге умтылмақта». «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1999-жыл. 17-апрель. №46 (17174).

5.Қарақалпақстан АССРы тарийхы. Еки томлық. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1975-1977-жыллар.

6.Академик С.Камалов. «Қарақалпақлардың ата журты ҳәм олардың халық болып қәлиплесиўи ҳаққында». «Еркин Қарақалпақстан». 1993-жыл. 9-январь № 4-5 (16141) ҳәм усы газетаның 1993-жыл 12-январь №6 (16142) санлары.

7.Алым Ө.Әлеўов. «Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы». (Қарақалпақ халқының педагогикасы тарийхы). Нөкис. «Билим» баспасы. 1993-жыл.

8.С.Камалов. Ә.Қошанов. «Қарақалпақстан тарийхы». Нөкис. «Билим».1993-жыл.

9.Қ.Айымбетов. «Халық даналығы». Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы. 1988-жыл.

10.С.Камалов. «XYIII әсирдеги қарақалпақ-рус қатнасықлары». «Қарақалпақстан» баспасы. 1966-жыл.

11.Қ.Мәмбетов. «Әййемги Қарақалпақ әдебияты», (Қарақалпақ әдебиятының қәлиплесиў жыллары). «Қарақалпақстан» баспасы. 1976-жыл.

12.К.Мәмбетов. Шығыс әдебияты тарийхы. Нөкис. «Билим»-1993-жыл.

13.К.Мәмбетов. Қарақалпақлар шежиреси. Нөкис «Билим» баспасы. 1993-жыл.

14.К.Мәмбетов. Қарақалпақлар тарийхы. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1993-жыл.

15.Н.Дәўқараев. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы. Нөкис. 1961-жыл.

16.Ҳ.Ҳәмийдов. Қарақалпақ тили тарийхының очерклери. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1974-жыл.

17.Я.М.Досумов. Каракалпакия в годы гражданской войны. (1918-1920) . Издательство «Каракалпакстан». 1975 год.

18.Қ.Әбдимуратов. Неге усылай аталған?. «Қарақалпақстан» Баспасы . Нөкис. 1965-жыл.

19.Ж.Урумбаев. Революциядан бурынғы қарақалпақ территориясындағы билимлендириў ислериниң ҳәм мектеплериниң қысқаша тарийхы ҳаққында. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1964-жыл.

20.Я.А.Абдуллаева. Өзбекстан халықлары тарийхын үйрениў бойынша методикалық қолланба. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1997-жыл.

21.Г.Хожаниязов. О.Ж.Юсупов. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. (Илимий редакторы С.Камалов). Нөкис. 1994—жыл. «Полиграфист» баспасы.

22. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халықлары тарийхы бойынша дәреклер. Дүзиўшилөр профессор Б.Шамамбетов, О.Юсупов, илимий редактор. Профессор Ж.Базарбаев. Нөкис. «Билим» баспасы. 1995-жыл.

23.Е.Үсенов. Ийшан қала. Ғайры журтлардағы қарақалпақлар. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы. 1992-жыл.

24.Р.Қосбергенов. Қарақалпақлардың Россияға қосылыў тарийхынан. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1969-жыл.

25.А.Төреев. Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1967-жыл.

26.А.Төреев. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. «Қарақалпақстан» баспасы. 1991-жыл.

27.Қ.Сарыбаев. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. «Қарақалпақстан» баспасы. 1986-жыл.

28.Қ.Сарыбаев. История орошения Каракалпакстана. Нөкис. «Қарақалпақстан» . 1995-жыл.

29. Ф.З.Каваленко. Қарақалпақстанда суўғарыў жумысларының раўажланыўы. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1969-жыл.

30. «Ўзбекстон колхоз ва совхозлари тарийхы» 5 китоб. «Ўзбекистон» нашриёти. 1975-жыл.

31. Л.С.Толстова. Жоқарғы Қарақалпақлар. «Қарақалпақстан» баспасы. 1975-жыл.

32. Х.Есбергенов. Қарақалпақлардың гейпара дәстүрлери ҳаққында. «Қарақалпақстан» баспасы. 1964-жыл.

33. Р.Қосбергенов Қарақалпақстан халқының колониаль дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы. «Қарақалпақстан» баспасы. 1970-жыл.

34. К.Г.Шарипова. Қарақалпақстан партия шөлкеми Уллы Ўатандарлық урыс жылларында «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1974-жыл.

35. Камалов.С. Қосбергенов.Р. Қосымбетов.И. Қощанов.А. Мәңги дослық. «Қарақалпақстан». Баспасы. Нөкис. 1973-жыл.

36. М.К.Нурмуҳамедов, Т.А.Жданко, С.К.Камалов «Каракалпаки». Издетельство «Фан» Ўзбекской ССР. Ташкент-1971г.

37. Р.Қ.Қосбергенов. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында Хийўа ханлығында қарақалпақлардың аўҳалы. (1873-1917жж). Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис. 1960-жыл.

38. Қ.Байниязов. Таң жулдызлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1989-жыл.

39. Шәрип Бабашев. Қарақалпақстан Республикасы тарийхындағы сиясий қурбанлар. Нөкис. «Қарақалпақстан». 2003-жыл.

40. Қ.Камалов «Ел хызметинде» (Еске түсириўлер). Нөкис. «Қарақалпақстан». 1995-жыл.

41. «Мустақиллик» (изоҳли илимий-оммабоп луғат) «Шарқ» нашриёти. Тошкент. 2006-жыл.

42. И.Қосымбетов. Қарақалпақ Совет интелегенциясының тарийхынан «Қарақалпақстан» баспасы.1970-жыл.

43.Ж.Мәтмуратов. Қарақалпақстан АССРының физикалық географиясы. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1968-жыл.

44. Л.С.Толстова. Каракалпаки за пределами Хорезмского оазиса. В XIX начале XX века. Нөкис. 1963- Ташкент.

45. Наўрыз Жапақов. Еске түсириўлер, илимий мийнетлер. «Билим» баспасы. 1990-жыл.

46. К.Мәмбетов. Мәтеке Жуманазаров. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1996-жыл.

47. Е.Үсенов. Хан мақсым. (тарийхый-публистикалық қысса).Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы. 1997-жыл.

48. Ә.Қожықбаев. Тарийхый қосықлар. «Қарақалпақстан» баспасы . Нөкис. 1980-жыл.

49. Миркарим Осим. «Карван йўлларида» Тарийхый қыссалар. Сайланма. Тошкент. Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти. 1987-й.

50. С.А.Плетнева. «Половцы». Москва. «Наўка». 1990 г.

51. Даўлен Айтмуратов. Тюркские этнонимы. Нукус. «Каракалпакстан». 1986 г.

52. Мухтасар. (Шариат қонунларига қысқаша шарх). Ташкент. Чулпон нашриёти. 1994-йил.

53. А.А.Громыко «Памятное». Москва. Издательство политической литературы. 1990 год.

54. Н.М.Карамзин. История Государство Российского. Издательство «Наука». Москва. 1989 год. 1 том.

55. Н.М.Карамзин. Предания веков (Сказания леганды из «Истории государства Российского»). Москва. Издательство «Правда». 1989 год.

56. Халық шайырлары (XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ шайырларының шығармалары). «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1982-жыл.

57. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. «Қарақалпақстан» Нөкис-2003.

58. Хожахмет Есбергенов. Көптилеў Нурмухамедов. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1974-ж.

59. Қарақалпақ халқының уллы уламасы, (Илимий-әмелий конференция материаллары).

60. Мухтар Мағаўин. Қобыз сарыны. XY-XYIII ғасырда жасаған қазақ ақын, жыраўлары. Монография. «Жазыўшы» баспасы. Алматы-1968-ж.

**Жоқарыдағылар менен бир қатарда күнделикли ғалаба хабар қуралларында жәрияланып турған тарийыққа байланыслы Қарақалпақстанымыздан шығып турған «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», Өзбекстан көлеминде шығатуғын «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», Кегейли районлық (бурын «Ленин жолы») ҳәзирги «Кегейли турмысы» газеталарындағы фактлерден, еске түсириўлерден, алымларымыздың жазғанларынан, сондай-ақ, нураний ата-апалар менен сөйлесиўлерим, басымнан өткенлерден пайдаландым.**

## МАЗМУНЫ

Алғы сөз орнына ........ 3
Кегейли атамасы ҳәм оның дәреклери ҳаққында ........ 5
Кегейли районының жайласыў шараяты. ........ 7
Өсимликлер, ҳайўанатлар, жанлы-жәнликлер дүньясы ........ 11
Район сорамы, халқы, жағдайы, тарийхый жазба дәреклерде ........ 12
Кегейли районының шөлкемлесиўи ........ 23
Кегейли колхозласыў дәўиринде ........ 27
Ала-сапыранлы, алғаў-далғаўлар ямаса конфискалаў жыллары ... 32
Дәслепки техникалар ҳәм қәнигелер ........ 38
Социаллық турмыстағы ҳәм ағартыўшылықтағы өзгерислер ........ 41
Кегейли екинши жер жүзилик урыс жылларында ........ 46
Урыстан соңғы жыллар ҳәм кадрлар ҳаққында ........ 56
Алпысыншы жыллар ........ 66
Жетписинши жыллар көриниси ........ 74
Сексенинши жылларға шолыў ........ 80
Толғаныслы, толқынлы күнлерден ғәрезсизликке ........ 91
Еркинлик самаллары ........ 94
Ғәрезсизликтеги нық қәдемлер ........ 103
Ғәрезсизлик календары ҳәм естен шықпас дәреклер менен сәнелер ........ 117
Суверенли Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстан мәмлекети қурамында ........ 124
Кегейли районы шөлкемлескен 1928-жылдан берли районның биринши басшысы ямаса районлық партия комитетиниң биринши секретары, ҳәким болғанлар ҳаққында мағлыўмат ........ 125
Қуйбышев ҳәм Бозатаў районлары ҳаққында қысқаша мәлимлеме ........ 129
Жуўмақлаўшы шолыў ........ 129
Пайдаланылған Әдебиятлар ҳәм дәреклер ........ 140